РЦИ-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД

**Тезиаты Маргаритæ**

# АЛФАМБЫЛАЙ ДУНЕИМÆ ЗОНГÆ КÆНЫН

РÆВДАУÆНДÆТТЫ ХИСТÆР КЪОРД
(5–6-АЗДЗЫДТÆ)

МЕТОДИКОН ÆХХУЫСЫ ЧИНЫГ
(АХУЫРТЫ КОНСПЕКТТÆ)

*Уагъд æрцыдис Уæрæсейы Федерацийы*
*Ахуырад æмæ наукæйы министрады барлæвæрдæй*

Дзæуджыхъæу

2012

Учебно-методический комплекс подготовлен на кафедре ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института в рамках проекта Федеральной целевой программы развития образования «Развитие учебно-методической и кадровой базы по формированию российской гражданской идентичности в условиях поликультурного образования».

*Авторы проекта* – Р. С. Бзаров, Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева, А. А. Левитская
*Руководители проекта* – Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

74.268.1

**Тезиева М.С.**
Ознакомление с окружающим миром. Методическое пособие (конспекты занятий). – Владикавказ: СОГПИ, 2012. – 168 с.

74.268.1

© СОГПИ, 2012
© Тезиева М. С., 2012

Ацы методикон ӕрмӕг арӕзт ӕрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрӕйы кусджыты хъаруйӕ. Методикон ӕрмӕг дзуапп дӕтты «Ирон националон ахуырады концепцийы» принципты домӕнтӕн. Конспекттӕ арӕзт сты Л. А. Парамоновайы бӕрнон редакцигонд «Рӕвдауӕндӕтты сывӕллӕтты хъомылады, ахуырады ӕмӕ райрӕзынады иумӕйаг ахуырады дӕнцӕгон программӕ»-йы бындурыл. Уыцы программӕ ӕвдисы рӕвдауӕндӕтты ахуырадон процессы бындурон мидис ӕмӕ бар дӕтты, йӕ реализацигӕнгӕйӕ, варианттӕ ӕвзарынӕн.

Йӕ равзӕрст баст у, дыууӕ ӕвзагӕй цы рӕвдауӕндӕтты пайда кӕнынц, уыдоны архайды хатдзӕгтӕ дзы кӕй сты, уыцы ӕууӕлимӕ гӕсгӕ. Программӕ арӕзт цыд куыд регионалон ӕмӕ хицӕн авторты методикон куыстыты бындур ӕмӕ уымӕ гӕсгӕ хуыйны «Дӕнцӕгон». Лӕвӕрд конспектты националон-регионалон компонент рӕвдауӕндӕтты ахуырадон тыгъдады ахсы ӕххӕст бӕрнон бынат сывӕллоны ахуыры ӕмӕ райрӕзынады.

Рӕвдауӕндӕтты иумӕйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххӕй арӕзт ӕрцыд иумӕйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бӕрӕг дары ахуырты ӕппӕт хуызты дӕр ӕмӕ ӕндӕр режимон процессты дӕр. Ӕппӕт ахуырты организацион формӕ дӕр у дӕлкъордон – сывӕллоны сӕрибар архайды бындурыл арӕзт.

Сабиты ахуыр кӕныны сӕйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темӕйыл куыст дӕр райдайы, къуыририйы райдиан арӕзт чи цӕуы, алфамбылай дунеимӕ зонгӕ кӕныны уыцы ахуыртӕй. Уый фӕстӕ, иннӕ ахуырадон ӕмӕ хъомыладон куысты хуызты фӕлгӕты, арфдӕр ӕмӕ уӕрӕхдӕргонд цӕуынц темӕмӕ хауӕг ӕмбарынӕдтӕ.

Авторы ис ныфс йӕ коллегӕтимӕ коллективон ӕмгуыстадӕй ӕмӕ курӕг у, цӕмӕй ацы методикон ӕрмӕджы тыххӕй сӕ фӕндӕттӕ ӕмӕ фиппаинӕгтӕ

ærвитой ахæм адрисыл: 362003, Дзæуджыхъæу, К. Марксы уынг, 36 ЦИППИ, ЮНЕСКО-йы кафедрæ.

Телефон: (8672) 53-89-73

## Хистæр къорды ахуырадон пълан

| № | Ахуыры сæр | I вариант (ах/къ.) | II вариант (ах/къ.) |
|---|---|---|---|
| 1 | Хуымæтæг математикон æмбарынæдты фæдыл куыст | 1 | 1 |
| 2 | Ирон ныхасы рæзт | 3 | 1 |
| 3 | Уырыссаг ныхасы рæзт | 2 | 1 |
| 4 | Алфамбылай дунеимæ базонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 5 | Музыкалон аивад | 2 | 2 |
| 6 | Ныв кæныны аивад | 2 | 2 |
|  | **Æдæппæтæй** | **11** | **9** |

# Хистæр къорды ахуырты темæтæ

| № | Темæйы сæр | Ахуырты нымæц |
|---|---|---|
| 1 | Мæ бинонтæ | 1 |
| 2 | Фæнды мæ алцы зонын | 1 |
| 3 | Мæ райгуырæн бæстыхай | 1 |
| 4 | Мæ бæстæ | 1 |
| 5–6 | Фæззæг | 2 |
| 7 | Зайæгойты дуне | 1 |
| 8 | Цæрæгойты дуне | 1 |
| 9 | Доны бын дуне | 1 |
| 10 | Æрдз – нæ хæдзар | 1 |
| 11 | Æз æмæ мæ буар | 1 |
| 12 | Фынджы уæлхъус хи дарыны æгъдау | 1 |
| 13 | Хæрзад æмæ пайда хæринаг | 1 |
| 14-15 | Зымæг | 1 |
| 16 | Националон дарæс | 1 |
| 17 | Транспорт | 2 |
| 18 | Дæсныйæдты дуне | 1 |
| 19 | Спорт | 1 |
| 20 | Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ | 1 |
| 21–22 | Уалдзæг | 2 |
| 23 | Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз! | 1 |
| 24 | Зонджын машинæтæ | 1 |
| 25 | Космос | 1 |
| 26 | Мæргъты дуне | 1 |
| 27 | Сасчытæ | 1 |
| 28 | Уæлахизы Бон | 1 |
| 29 | Телеуынад, театр | 1 |
| 30 | Æгас цæуай, сæрд! | 1 |

**Алфамбылай дунеимæ зонгæ кæныны перспективон-тематикон пълан**

| № | Темæ | Ахуырты нымæц | Нысан |
|---|---|---|---|
| 1 | Мæ бинонтæ | 1 | – Бинонты тыххæй зонындзинæдты рæзт; сабитæн, хæстæгдзинад цы у, уый амонын; сæ бинонтæй сын чи куыд бавæййы, уый раст куыд дзурой, сабиты афтæ ахуыр кæнын.<br>– Логикон хъуыдыкæнынады рæзт.<br>– Бинонты уарзын, бинонтыл æнувыд уæвыны æнкъарæн фидар кæнын. |
| 2 | Фæнды мæ алцы зонын | 1 | – Алфамбылай арын предметтæ лæвæрд формæмæ гæсгæ. Сабиты зонындзинæдтæ сбæрæг æмæ ныффидар кæнын æддаг бакаст æмæ царды уаджы кæрæдзийæ аразгæ ахастдзинæдты тыххæй, цæрæгойы æддаг бакаст æмæ царды уаг йæ цæрæн бæстæ æмæ бæстыхъæдæй (климат) аразгæ кæй сты, уый тыххæй.<br>– Сабиты ахуыр кæнын иу предметы баиу уæвæг ныхмæвæрд функцитæ дзурын. Хатдзæгтæ кæнын сын амонын.<br>– Ногдзинад зонынмæ сæ разæнгард кæнын, кæрæдзимæ хъусын куыд зоной, афтæ сæ хъомыл кæнын. |
| 3 | Мæ райгуырæн бæстыхай | 1 | – Райгуырæн бæстæйы тыххæй зонындзинæдты рæзт. Сабиты базонгæ кæнын горæттæ, хъæутæ, цæугæдæтты нæмттимæ.<br>– Хъусдард, мысæнуат, фæлгæнæны рæзт.<br>– Сæ райгуырæн бæстæйæ сæрыстыр куыд уой æмæ сæ уымæн пайда уæвын куыд фæнда, сабиты афтæ хъомыл кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 4 | Мæ бæстæ | 1 | – Уæрæсейы, цы паддзахады цæрынц, уый тыххæй зонындзинæдты рæзт. Сабиты базонгæ кæнын Уæрæсейы паддзахадон тырыса (йæ хуызон арæзт) æмæ гербимæ. Глобус æмæ картæйы тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.<br>– Логикон хъуыдыкæнынады рæзт æмæ хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинадыл куыст.<br>– Сæ бæстæ куыд уарзой æмæ дзы сæрыстыр куыд уой, афтæ сæ хъомыл кæнын. |
| 5–6 | Фæззæг | 2 | – Афæдзы афонты тыххæй зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын. Фæззæджы характерон миниуджытыл æрныхас. Сабитæ æнæкъуыхцыйæ сæ хъуыдытæ дзурынмæ куыд арæхсой, афтæ сæ ахуыр кæнын. Фæлгæнæн, мысæнуаты рæзт. Æрдз уарзын æмæ йыл аудыны æнкъарæнтæ.<br>– Халсартæ æмæ дыргътæ иртасыны арæхстдзинад. Дыргътæ æмæ халсарты пайдайы æмбарынад фидар кæнын.<br>– Æрдзмæ хæдзардзин цæстæй куыд кæсой, сабиты афтæ хъомыл кæнын. |
| 7 | Зайæгойты дуне | 1 | – «Зайæгойты дуне», «зайæгойты» æмбарынæдтæ. Зайæгойты дуне, йæ рæсугъддзинад æмæ пайдайы тыххæй зонындзинæдтæ. Зайæгойты дунейы дих къордтыл.<br>– Хатдзæгтæ кæнын амонын; хъусдарды алы хуызты рæзтыл кусын.<br>– Зайæгойты дуне зонынмæ сабиты цымыдис кæнын, «кæрдæгхуыз хæларыл» аудынмæ, æрдз хъахъхъæнынмæ сæ разæнгард кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8 | Цæрæгойты дуне | 1 | – Цæрæгойты хъæздыг дунейы тыххæй зонындзинæдты рæзт.<br>– Абарын æмæ хатдзæгтæ скæныны арæхстдзинады рæзтыл куыст. Сабиты цæст уынаг куыд уа, цы федтой, уый сæ зæрдыл куыд дарой, ууыл архайын.<br>– Цæрæгойтыл аудын æмæ сæм уарзæгой цæстæй кæсын. |
| 9 | Доны бын дуне | 1 | – Сабиты зонындзинæдтæ доны бын дунейы цæрæгойты тыххæй фæфылдæр кæнын. Кæсæгты классификаци: денджызонтæ æмæ цæугæдæтты цæрджытæ. Сабиты фæлгæнæны рæзтыл куыст, хатдзæгтæ кæнын сын амонын.<br>– Сæ алфамбылай дунейы тыххæй сæ фылдæр зонын куыд фæнда, сабиты уымæ разæнгард кæнын. |
| 10 | Нæ хæдзар – æрдз | 1 | – Сабиты зонындзинæдтæ фылдæр кæнынил дарддæр кусын. Бахъуаджы сахат сæ зонындзинæдтæй пайда кæнынмæ куыд арæхсой царды алы уавæрты, ууыл архайын.<br>– Логикон хъуыдыкæнынад æмæ фæлгæнæны рæзтыл куыст.<br>– Сабиты ахуыр кæнын æрдзыл аудын æмæ йæм хæдзардзин цæстæнгас дарын. |
| 11 | Æз æмæ мæ буар | 1 | – Адæймаджы буар уникалон кæй у, сабиты зонды уыцы æмбарынад ныффидар кæнын. Адæймаджы буары алы хæйтты нысаниуæг.<br>– Сабитæн амонын сæ буарыл аудын, се 'нæниздзинад хъахъхъæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 12 | Фынджы уælхъус хи дарыны ægъдау | 1 | – Уазджытимæ фынджы уæлхъус бадгæйæ хи дарын куыд хъæуы, сабитæн уыцы ægъдау амонын.<br>– Мысæнуат, логикон хъуыдыкæнынады рæзт.<br>– Сабиты ахуыр кæнын ægъдауыл, уæздан æмæ ægъдауджын уæвынмæ куыд тырной, афтæ сæ хъомыл кæнын. |
| 13 | Хæрзад æмæ пайда хæринаг | 1 | – Алыхуызон хойрæгтимæ сабиты базонгæ кæнын, адæймаджы царды сын цы нысаниуæг ис, уый тыххæй семæ æрныхас кæнын.<br>– Логикон хъуыдыкæнынад æмæ фæлгæнæны рæзтыл куыст.<br>– Хойрæгты ахадындзинад хынцгæйæ, сабитæ се 'нæниздзинады мæт куыд кæной, афтæ сæ хъомыл кæнын. |
| 14 | Зымæг | 1 | – Зымæджы миниуджыты тыххæй сабиты зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнын, миты миниуджытыл æрдзурын.<br>– Сæ логикон хъуыдыкæнынад сын рæзын кæнын. Сæ хъуыдытæ зæгъынмæ куыд арæхсой, ууыл кусын.<br>– Æрдз зонынмæ сæ цымыдис кæнын. |
| 15 | Зымæгон ифхæрсæнтæ | 1 | – Хъæддаг сырдты цард зымæгон уавæрты. Цæгат Ирыстоны цæрæгойтæ.<br>– Логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл куыст. Сабитæ хъуыды кæнын æмæ сæ хъуыдытæ дзурын куыд зоной, ууыл архайын.<br>– Сабиты ахуыр кæнын æрдзмæ хæдзардзин цæстæй кæсын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16 | Националон костюм | 1 | – Сабиты зонындзинædтæ националон дарæсы тыххæй фæуæрæхдæр кæнын.<br>– Сабиты хъусдард, фантазийы рæзтыл, сæ хъуыдытæ дзурынмæ куыд арæхсой, ууыл архайын.<br>– Сæ адæмы истори зонынмæ сæ цымыдис кæнын, иннæ адæмтæм сæ аргъуыцы ахаст æвдисынык ахуыр кæнын. |
| 17 | Транспорт | 1 | – Сабиты зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнын транспорты тыххæй; хуызтæм гæсгæ сæ къордтæ кæнын куыд зоной, ууыл архайын.<br>– Фантази, логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл куыст.<br>– Сфæлдыстадон архайдмæ сæ разæнгард кæнын. Искæй ныхасмæ лæмбынæг байхъусын куыд зоной, искæй æнтыстыл куыд цин кæной, афтæ сæ хъомыл кæнын. |
| 18 | Дæсныйæдты дуне | 1 | – Сабиты зонындзинæдтæ дæсныйæдты тыххæй фæфылдæр кæнын.<br>– Алы куыст дæр хорз кæнын кæй хъæуы, уыцы æмбарынад: алы дæснйад дæр фæзынд, бирæ адæмы кæй хъуыди, уымæн.<br>– Сабиты логикон хъуыдыкæнынад рæзын кæнын. Сæ хъуыдытæ æнæкъуыхцыйæ дзурын куыд зоной, ууыл кусын.<br>– Искæй фæллойæн аргъ куыд кæной, афтæ сæ хъомыл кæнын. |
| 19 | Спорт | 1 | – Спорты алы хуызты тыххæй зонындзинæдтæ. Сабиты зондахасты ныффидар кæнын, æнæниз, тыхджын æмæ фæразон уæвынæн спорт стыр ахъаз кæй у, уыцы хъуыды. Спорты «командон» æмæ «иунæгон» хуызтæ.<br>– Сабиты логикон хъуыдыкæнынад æмæ цырддзаст уæвыны рæзтыл куыст.<br>– Æнæниз уæвынмæ куыд тырной, афтæ сæ хъомыл кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 20 | Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ | 1 | – Сабиты зонындзинæдтæ Уæрæсейы æфсады тыххæй фæфылдæр кæнын. Амонын сын æфсады хуызтæм гæсгæ нывтæ-символтæ къордтæ кæнын.<br>– Логикон хъуыдыкæнынад æмæ сфæлдыстадон фæлгæнæны рæзтыл куыст.<br>– Уæрæсейы æфсадæй сæрыстыр куыд уой, сабиты афтæ хъомыл кæнын. |
| 21–22 | Уалдзæг | 2 | – Сабиты зонындзинæдтæ уалдзæджы тыххæй фæфылдæр кæнын, хъæды сырдтæ æмæ мæргъты царды тыххæй сын радзурын, цардæгас æмæ æдзард æрдзы æмбастдзинад сын бамбарын кæнын.<br>– Логикон хъуыдыкæнынад, активон фæлгæнæны рæзтыл куыст.<br>– Сабитæн æрдз бауарзын кæнын, æрдзыл аудынмæ сæ разæнгард кæнын. Быдыры, цæхæрадоны, дыргъдоны, парчы уалдзыгон куыстыты тыххæй сын радзурын.<br>– Сабитæн амонын предметты æхсæн ассоциативон æмæ ситуативон бастдзинæдтæ иртасын, сæ алфамбылай дунейы тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ фæарфдæр æмæ фæуæрæхдæр кæнын.<br>– Быдыртæ, дыргъдæттæ, цæхæрадæтты чи кусы, уыцы фæллойгæнджытæм сын аргъуыцы ахаст куыд уа, сабиты афтæ хъомыл кæнын. |
| 23 | Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз! | 1 | – Сабиты зонындзинæдтæ зынгирвæзты тыххæй фæфылдæр кæнын, ахæм уавæры хи куыд хъахъхъæнын хъæуы, уый сын амонын.<br>– Рæзын кæнын сабиты мысæнуат æмæ хъусдард.<br>– Искæй рис æнкъарын куыд зоной æмæ феххуыс кæнынмæ цæттæ куыд уой, артхуыссынгæнæджы тæссаг дæсныйадæн аргъ куыд кæной, сабиты афтæ хъомыл кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 24 | Зондджын машинæтæ | 1 | – Цардыуагон техникæйы хуызтæ æмæ адæймаджы къух роггæнæг предметты тыххæй сабитæ цы зонынц, уый сбæлвырд кæнын æмæ сын сæ зонындзинæдтæм бафтауын.<br>– Фæлгæнæны рæзтыл куыст; сабитæн фантазийы биномы технологи равдисын. Амонын сын ног гæрзæгтæ (прибортæ) хъуыды кæнын, ног функцитæй сæ вазыгджындæр кæнгæйæ.<br>– Адæймаджы къух цы дзауматæ рогдæр кæнынц, уыдонмæ сын хæдзардзин ахаст куыд уа, сабиты афтæ хъомыл кæнын. |
| 25 | Космос | 1 | – Сабитæн Космосы, Зæххы æмæ Мæйы тыххæй раттын фыццаг зонындзинæдтæ.<br>– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, логикон хъуыдыкæнынад, хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинæдтæ.<br>– Космосы тыххæй ног зонындзинæдтæм цымыдис куыд уой, космонавты ахсджиаг куыстæн аргъ кæнын куыд зоной, сабиты уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын. |
| 26 | Мæргътæ | 1 | – Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ мæргъты тыххæй. Мæргъты буары хæйттæ, мæргътæ цы хæрынц æмæ куыд хуыйнынц, уый сын бацамонын. Сæ зæрдыл сын æрлæууын кæнын, цы сты зымæгиуатгæнæг æмæ фæлтæхæг мæргътæ.<br>– Сабитæн рæзын кæнын сæ хъуыдыкæнынад, сæхи хъуыдытæ æмæ цæстæнгас æргом кæнынмæ сæ разæнгард кæнын.<br>– Цардæгас æрдз куыд хъахъхъæной æмæ йыл куыд аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 27 | Сасчытæ | 1 | – Уæрæхдæр æмæ бæлвырддæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ сасчыты тыххæй, сæ характерон миниуджыты тыххæй.<br>– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ, сæ хъуыдыкæнынад. Кусын сабиты ныхасы рæзтыл; ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæ раст дзурын, иудзинад æмæ хицæндзинæдтæ сæ миниуджытæм гæсгæ уынын æмæ сæ ныхасы мидæг пайда кæнын.<br>–Æрдз цыдæриддæр сфæлдыста, уыдонæй «æнæхъæугæ» иунæг дæр кæй нæу, уый сын сæ зонды ныффидар кæнын. |
| 28 | Уæлахизы Бон | 1 | – Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ адæмы сгуыхтдзинæдты тыххæй. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг æмæ Уæлахизы Боны темæйыл æрмæг æриу кæнын.<br>– Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад æмæ мысæнуат, ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæн хатдзæгтæ кæнын.<br>– Сæ Райгуырæн бæстæйæ сæрыстыр куыд уой, хæсты ветерантæн кад æмæ æгъдау куыд дæттой, сабиты афтæ хъомыл кæнын. |
| 29 | Театр, кино | 1 | – Уæрæхдæр æмæ арфдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ телеуынады тыххæй, чи дзы кусы, уыдоны дæснийæдты тыххæй. Сабиты базонгæ кæнын театралон дæснийады хицæндзинæдтимæ. |
| 30 | Æгас цæуай, сæрд! | 1 | – Фæуæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ сæрды тыххæй.<br>– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, логикон хъуыдыкæнынад, хи хъуыдытæ раст æмæ æнæкъуыхцыйæ дзурыны арæхстдзинад.<br>– Æххуысхъуаг чи уа, уымæн сæ æххуыс кæнын куыд фæнда, æрдзыл куыд аудой, сабиты уыцы хуызы хъомыл кæнын. |

**Темæ: «Бинонтæ».**
**Темæ: «Мæ зæронд дадайы сæдæ азы бон».**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ бинонты тыххæй: хионтæй сын чи куыд бавæййы, бинонты уæнгтæй чи кæмæн куыд хæстæг у, уый хъуамæ зоной.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад.

– Сæ бинонты куыд уарзой æмæ сыл æнувыд куыд уой, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгты, ирон хæдзары царды уаджы нывтæ; фланелеграф (кæнæ æрмæгæвдисæн фæйнæг).

**Райуаринаг.** Чызджы, лæппуйы нывтæ; алы кары (3 фæлтæры минæвæрттæ) адæймæгты (сабитæ: чызджытæ, лæппутæ, нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ: мад, фыд, фыды фыд, фыды мад, мады хо, фыды æфсымæр æ. а. д.) нывтæ; алыхуызон предметты нывтæ *(зæронд дадайæн балæвар кæнынæн)* кæнæ предметтæ.

**Фæсахуыырты куыст.**

Сабитимæ æрныхас кæнын ахæм темæтыл:

Цæмæн хъæуынц нæмттæ æмæ мыггæгтæ? *(Нæмттæ нын куы нæ уаид, уæд нын тынг зын уаид кæрæдзимæ фæдзурын. Мыггæгтæ куы нæ уаид, уæд та адæймаг нæ зонид йæ фыдæлты, æрвадæлты, хæстæджыты. Бинонтæн сæ мыггаг вæййы иу, фæлæ сæ нæмттæ æмæ фыды нæмттæ – алыхуызон.)*

Дзырд «фыдыбæстæ» цавæр дзырдæй равзæрд? *(Дзырд «фыд»-æй.)*

Цавæр куыст дын бабар кæнынц уæхимæ? *(Куыд æххуыс*

*кæныс дæ мадæн? Уæ бинонтæй æппæтæй фылдæр чи кусы?)*
Уæ бинонты æхсæн хъаугъатæ дæр вæййы? Цæй фæдыл? Хатыр куыд ракурут кæрæдзийæ? Уæ бинонты ’хсæн кæд фæдзурынц **дæ хорзæхæй**, **бахатыр кæн**, **фæндараст**, **хæрзæхсæв**, **æхсызгон мын у дæ уынд** æмæ æнд. ах. ныхæстæ?
Ныр та æрхъуыды кæнут гуырæн бон кæнæ бæрæгбоны арфæтæ, мæнæ ахæм дзырдтæй пайда кæнгæйæ: **мæ зæрдæ дын зæгъы, нæ зæрдæ дын зæгъы, уарзын, уарзæм, лæвар дын кæнын.**
**Хъазт «Чи дæн?»**
Æз дæн дæ мад, ды та мын чи дæ?
Æз дæн дæ чызг, ды та мын чи дæ?
Æз дæн дæ фырты фырт, ды та мын чи дæ?
Фыд мадæн чи у? Мадæн та фыд чи у? Дæ фыды фыртæн ды чи дæ? Дæ хойы фыды фыд дæуæн чи у? Чи дын у дæ мады чызг?

## Ахуыры нывæст

**Психогимнастикæ** (сабиты психоэмоцион æмæ психофизикон уавæр).
*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, равдисут-ма уæ бинонты миниуджытæ *(рæвдауæг мад, тызмæг фыд, æгоммæгæс сабитæ, чъынды хо, хæларзæрдæ нана)*. Тынг хорз, зæгъут-ма уæдæ, чи сты бинонтæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Чи сты уæ бинонтæ? *(3–4 дзуаппы)*. Куыд уæм фæдзурынц уæ бинонты æхсæн? Куыд фæдзурыс дæ фыдмæ? Дæ мадмæ? Дæ дадамæ? Дæ нанамæ? Дæ хомæ? Уæ бинонтæн сæ хистæр чи у? Цы куыст кæнын уарзут,

бинонтæ иууылдæр æмбырдæй куы вæййынц, уæд? *(3–4 дзуаппы)*. Сывæллæттæ, ныр та бинонтæй ахъазæм. Фæнды уæ? Цыма нæ зæронд дадайы сæдæ азы бон бæрæг кæнæм, афтæ. Чи уыдзæни нæ зæронд фыд?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æрбадут стъолты уæлхъус. Ныртæккæ сымахæй алчидæр равæрдзæни йæ мыггаджы модель – пирамидæ. *(Сабитæн сæ разы – гæххæтты сыф фатæгтимæ, чызг æмæ мады нывтæ, æртæ фæлтæры сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгты фæйнæ дыууæ нывы. Сабитæй иу архайы фланелеграфыл.)* Сымахæй алчидæр йæ ныййарджытæн у сывæллон. Сыфыл æппæты уæле æрæвæрут ныв: лæппутæ – лæппуйы ныв, чызджытæ та – чызджы ныв. Алкæмæн дæр уæ ис мад æмæ фыд. Равæрут мад æмæ фыды нывтæ. Уæ ныййарджытæн дæр ис мадæлтæ æмæ фыдæлтæ. Уæдæ равæрут уыдоны нывтæ дæр. Уæ ныййарджыты ныййарджытæ та сымахæн чи сты?
**С.** Нæ дадатæ æмæ нæ нанатæ.
**Хъ.** Тынг хорз, уæ дадатæ æмæ нанатæн дæр ис ныййарджытæ? Равæрæм уыдоны нывтæ дæр. Æмæ, цымæ, уыдоны та куыд хондзыстут?
*Сабиты дзуæппытæ. Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын хъомылгæнæг зæгъы: «уæ нанаты æмæ дадаты ныййарджытæ сымахæн та сты стыр фыды фыд (прадедушка) æмæ стыр фыды мад (прабабушка). Уæ ныййарджытæн та чи сты уыдон? Сымах та сын чи стут?»*
**Хъ.** Æркæсут-ма, цы диссаджы рæсугъд пирамидæ нын рауадис! Уыцы пирамидæ дарддæр ахæццæ кæнæн дæр ис. Сашæ, дæ мыггаг кæмæй у? Дæуæн та, Аланæ? Бинонтæй алкæмæн дæр ис мыггаг. Уыцы мыггаг ын лæвæрд æрцæуы йæ фыды ’рдыгæй, ома алчидæр райсы йæ фыды мыггаг. Мадæлтæн та вæййы 2 мыггаджы, иу – йæ фыды мыггаг,

иннæ та – йæ лæджы. Афтæ цæуы фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Мыггæгтæ ахæлиу вæййынц, свæййынц бирæкъабазджын æмæ хæларæй, кæрæдзийы уарзгæйæ, фæцæрынц. Мах абон бæрæг кæндзыстæм уæ фыдæн йæ фыды фыды гуырæн бон. Ныр æрæвæрут нывтæ æмæ мæ фарсмæ гауызыл æрбадут. Æз уын радзурдзынæн, стыр фыды фыд гыццыл лæппу куы уыдис, уæд куыд цардис, уый. *(Æркæсын ирон адæмы царды нывтæм.)* Раджы заманы бинонты ’хсæн æндæр æгъдæуттæ уыдис. Нæлгоймаг æрмæст нæлгоймаджы куыст кодта, сылгоймаг та – сылгоймаджы куыст. *(Æвдисы нывтæ.)* Цы куыст кодтой нæлгоймæгтæ? Хæринаг амал кодтой – цуаны цыдысты, зæххы куыст кодтой, фос дардтой, амадтой хæдзæрттæ. Уæд сылгоймæгтæ та цы куыст кодтой? Уыдон кодтой хæдзары куыстытæ, сывæллæттæм кастысты, хæринаг кодтой, хæдзар сыгъдæг æмæ хъарм дардтой, цæхæрадоны куыст кодтой, донмæ цыдысты æмæ а. д. Сымахмæ гæсгæ, нæ фыдæлты фыдæлтæн зын цæрæн уыдис æви æнцон? *(3–4 дзуаппы.)* Ныр та хъазгæ акæнæм. Æз уын нымайдзынæн бинонты уæнгты æмæ сæ архайд, сымах та сæ æвдисгæ кæндзыстут. Фыд куыстæй æрбацæуы, нана гуылтæ кæны, дада зæгæл къуыры, мад йæ дзыккутæ фасы. *(Сабитæ зæрдиагæй дзуапп дæттынц.)* Тынг хорз. Ныр фæйнæ ныві райсут, сымах уыдзыстут стыр бинонтæ. *(Сбæрæг кæны, сабитæй чи кæй ролы уыдзæни, уый.)* Ныр та сбæрæг кæнæм, кæрæдзийæн куыд хæстæг стут, уый. Фланелеграфыл зылдмæ гæсгæ нывтæ ныффидар кæнæм. Астæуæй уыдзæни сывæллоны ныв, йæ алыварс та – бинонты иннæ уæнгтæ.

*Нывтæ фидаргонд æрцæуынц, сабитæ дзурынц, бинонтæ кæрæдзийæн куыд хæстæг сты, уый. Кæд фланелеграфыл архайой, уæд хъæуы фатæгтæй архайын, кæд ватманыл, уæд та – ныв кæнгæйæ. Архайгæйæ хъомылгæнæг дзуры, бинонтæй чи цавæр куыст кæны, уый.*

**Хъ.** Ныр та нæ зæронд дадайæн арфæ ракæнæм! Хъуамæ йын сымахæй алчи нывты хæрхæй лæвар равзара æмæ зæгъа, цæй фæдыл ын æй лæвар кæны, уый тыххæй. Уæ бон у уæ нанаты, мадæлты æмæ уæ фыдæлты номæй дæр лæвæрттæ скæнат. *(Сабитæ равзæрстой лæвæрттæ.)* Тынг хорз. Ныр та нæ лæппутæй исчи уыдзæни не стыр дада. Мах æй сбадын кæндзыстæм кадджын бынаты æмæ йын арфæтæ кæндзыстæм.

*Сабитæн сæ бон у акафын, зарæгæй скъуыддзаг азарын кæнæ та æмдзæвгæ радзурын. Алы саби дæр зæгъы арфæйы ныхас.*

**Хъ.** Хорз арвыстам абон нæ рæстæг. Зæгъут-ма, цæуыл дзырдтам? Цы фæцыдис уæ зæрдæмæ?

*2 ахуыр*

**Темæ: «Фæнды мæ алцы зонын».**

**Нысантæ:**

– Сабиты ахуыр кæнын ныхмæвæрд функцитæ дзурын, хатдзæгтæ кæнын зонын. Сæ алыварс бæрæг формæмæ гæсгæ предметтæ ссарын. Сбæрæг кæнын æмæ ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ цæрæгойты тыххæй, сæ цард æмæ се 'ддаг бакаст сæ цæрæн бынат æмæ бæстыхъæдимæ (климат) куыд баст у, уый тыххæй. Æрымысгæ хынцинæгтæ халыныл сæ ахуыр кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, логикон хъуыдыкæнынад.

– Хъомыл кæнын сабитæм разæнгарддзинад ног зонындзинæдтæ райсынмæ, кæрæдзимæ хъусын куыд зоной, ууыл кусын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Дунейы картæ æмæ глобус, алы бæстæты

цæрæгойты нывтæ, фланелеграф, ныв «Хæххон пейзаж».
**Райуаринаг.** уæлдæфон шартæ, хъазæн къуым «Бинонтæ» -йæ исты предметтæ.

## Ахуыры нывæст

**Психогимнастикæ.**
*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*
**Хъ.** Мимикæйы руаджы равдисут уæ зæрдæйы уаг, уæ кæрæдзимæ ахастытæ.

*(Æхсызгон – хъыгаг.*
*Райгонд – æнкъард.*
*Амондджын – æнамонд.*
*Хъæбатыр – тæппуд.*
*Тызмæг – хæларзæрдæ.)*

Адæймаджы цæстæнгас куыд алыхуызон вæййы, уый равдисут. Æнкъард, зæрдæхæлар, фыдзæрдæ, хинæйдзаг, хъæлдзæг. Уазал, хъызт зымæгон бон куыд равдисдзыстут? Ныр та – сæрдыгон тæвд бон. Равдисут уæззау уаргъ хæссæг адæймаджы. Лилипутты æхсæн уæйгуытæ куыд цæудзысты, уый равдисут; лилипуттæ та куыд цæудзысты уæйгуыты æхсæн? Тынг хорз равдыстат се 'ппæты дæр. Ныр та дзуапп раттут мæ фарстæн: «Цавæр афæдзы афон ралæууыд? Кæцы мæй у?»
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сентябры мæйы скъолатæ байгом кæнынц скъоладзаутæн сæ уæрæх дуæрттæ. Скъоладзау цытæ хъуамæ зона, куыд хъуыды кæнут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз. Сымах дæр тагъд цæудзыстут скъоламæ. Уый тыххæй ма уæ хъæуы бирæ цыдæртæ базонын. Мæн фæнды сымахимæ абалц кæнын, нæ балцы сæр та уыдзæн «Алцы зонын мæ фæнды». Разы стут мемæ? Æмæ, цымæ,

уыцы балцы кæдæм цæугæ у?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Раст загътат. Фæлæ мæн та фæнды нæхи къорды уаты абалц кæнын. Мах архайдзыстæм пъланмæ гæсгæ.
*Сабитæн лæвæрд цæуы къорды уаты пълан фатæгтæ æмæ нысантимæ: старт, финиш, змæлды здæхт. Пълан нывгонд цæуы къорды уатмæ гæсгæ.*
**Хъ.** Уæдæ цæттæ стут? Æркæсут пъланмæ. Нæ балцы райдайæн кæм ис?
*(Старт – къорды уатмæ бахизæн. Сабитæ пъланмæ гæсгæ цæуынц, алыхуызон хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ.)*
*Ахуырадон-зонадон хæслæвæрдтæ:*
**1-аг хæслæвæрд. «Диссаджы кæсæнцæстытæ».**
*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй сæ уæлæ «бакæной» бæрæг формæмæ гæсгæ кæсæнцæстытæ – тымбыл, дæргъдымбыл æмæ а. д. Хъуамæ сæ алыварс ссарой, ахæм формæ кæмæн ис, уыцы предметтæ. Гæнæн ис, ранымайой бæрæг формæмæ гæсгæ предметтæ: сæхимæ, уынджы, транспорты, дуканиты æмæ а. д.*
**2-аг хæслæвæрд. «Кæм кусынц цифрæтæ».**
*Зæгъын сабитæн, цæмæй ранымайой цифрæты кусæн бынæттæ: уынгты – хæдзæртты номыртæ, лифты, чингуыты, мад кæнæ фыды хызыны æмæ а.д.*
**3-аг хæслæвæрд. «Ныхмæ архайд».**
*Хъомылгæнæг зæгъы кæнæ та æвдисы, дыууæ ныхмæвæрд архайды кæм æвдыст цæуы, ахæм предметты нывтæ. Сабитæ ранымайынц уыцы функцитæ.*
**4-æм хæслæвæрд. «Æрдзы къуым». «Сраст кæн рæдыд».**
*Хъомылгæнæг картæйыл (кæнæ глобусыл) раст нæ равæры цæрæгойты фæлгонцтæ. Сабитæ сраст кæнынц рæдыдтæ.*
**5-æм хæслæвæрд:**

**а) «Аргъæутты бæстæ».**
*Аргъæутты архайджытæ хъазтизæрмæ æрбацыдысты. Хъазтизæр фæцис æмæ архайджыты фæстæмæ сæ аргъæуттæм æрвитын хъæуы.*
**æ) «Баххуыс кæнут аргъæутты архайджытæн».**
– Куыд аирвæза Миталинæ арты сæрты гæппытæй?
– Куыд бахудын кæнæм Бæстыръæсугъды?
**6-æм хæслæвæрд. «Эксперименттæ кæнын».**
**Хъ.** Куыд улæфæм? *(Къух риуыгуыдырыл æрæвæрын. Улæфгæйæ риуыгуыдыр хæрдмæ ссæуы уæрæх кæны, æмæ та дæлæмæ æрцæуы æрбалвæсы).*
Уæлдæфон шартæ куы ныддымсæм, уæд байдзаг уыдзысты уæлдæфæй. Рæуджытæ кæд вæййынц ахæм уавæры? *(Сулæфгæйæ.)* Шар чысыл куы суадзæм, уæд фæкъаддæр вæййы. Ахæм уавæры та кæд вæййынц рæуджытæ? *(Раулæфгæйæ.)* Æнæулæфгæйæ фæцæрæн ис? Нæ бон у нæ дзыхтæ сæхгæнын æмæ нæ фындзтæ æрбалхъивын? *(Нæу.)* Уæдæ æрцыдыстæм ахæм хатдзæгмæ: æнæ улæфгæйæ цард нæй. Ноджыдæр ма цы æмæ чи улæфы?
**7-æм хæслæвæрд. Ныв «Хæххон пейзаж».**
Райхалинаг проблемæтæ:
– Куыд ахизын хъæуы хохаг цæугæдоны сæрты, хид дзы куы нæ уа, уæд?
– Куыд бамбæхсдзынæ къæвдайæ хæхбæсты, зонтыкк дæм куы нæ уа, уæд?
– Туристтæ цъитийы сæрмæ схызтысты, фæлæ сæ семæ дон райсын ферох ис. Цы хъуамæ бакæной, цæмæй сын нуазынæн дæр æмæ хæринаг сфыцынæн дæр дон уа?
**8-æм хæслæвæрд. «Бинонты къуым».**
*Ранымайын ахæм предметтæ, иу иннæйы мидæг кæм ис, матрешкæйы кондмæ гæсгæ. Зæгъæм: хызын, чыссæ, скъапп æмæ а.д.*
*Финиш − цавæрфæнды зонæйы раз. Ссарынц къопп. Къоп-*

*пы мидæг – сабитæн майданты хуызы лæвæрттæ кæнæ æндæр исты зæрдылдаринæгтæ.*

**Хатдзæг.**

**Хъ.** Адон сты уæ лæвæрттæ. Сымах тынг бирæ зонут æмæ арæхстджынæй архайут, фæлæ зонындзинæдтæн кæрон нæй. Уымæн æмæ, адæймаг цас фылдæр зона, уыйас æм цымыдисагдæр кæсы card. Цы фæцыдис абон уæ зæрдæмæ? Цы уæм фæкасти зын?

*3 ахуыр*

**Темæ: «Мæ райгуырæн бæстыхай». «Ирыстоны картæйыл абалц».**

**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ райгуырæн бæстæйы тыххæй. Сабиты базонгæ кæнын горæттæ, хъæутæ æмæ цæугæдæтты нæмттимæ.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, хъуыдыкæнынад, фæлгæнæн.

– Хъомыл кæнын сабиты, цæмæй сæрыстыр уой сæ райгуырæн бæстæйæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Цæгат Ирыстоны картæ. Цæгат Ирыстоны æмæ Дзæуджыхъæуы иллюстрацитæ; музыкалон инструменттæ. Алыхуызон фишкæтæ (кæнæ кънопкæтæ) пункттæ фæбæрæг кæнынæн. Цæгат Ирыстоны герб æмæ тырыса, магнитофоныл фыст мелоди «Симд».

**Райуаринаг.** алыхуызон мæргътæ æмæ цæрæгойты нывтæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Алыхуызон картæтæм æркæсын. Сахуыр кæнын кафт «Симд».

**Ахуыры нывæст**

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, равдисут-ма хæхтæ; сæууон хуры тынтæм дидинæг куыд райхæлы, ныр та – хурныгуылды фæстæ «æрдæгфынæй» дидинæг; бæлас, цæргæс, хохаг доны гакъон-макъон фæндаг. Тынг хорз. Сывæллæттæ, зæгъут-ма, кæм цæрæм, уыцы бæстæ куыд хуыйны?

*Сабиты дзуæппытæ (Ирыстон, Цæгат Ирыстон).*

**Хъ.** Ныр та абалц кæнæм на райгуырæн бæстæйыл. Цымæ куыд ацæуæн ис балцы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Хæдзарæй нæ рахизгæйæ балцы цæуæн ис? Цы хуызы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Мæн фæнды, цæмæй мах ацæуæм тынг æнахуыр балцы, уый тыххæй нæ бахъæудзæн Цæгат Ирыстоны картæ. Картæ цы у, уый чи зоны?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** *(æрцауындзы картæ, хуыздæр уаид, стъолыл кæнæ йæ гауызыл куы æрæвæрид).* Æркæсут æмæ зæгъут, цы уынут картæйыл?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Картæйыл бæрæггонд сты горæттæ, хъæутæ, сæйраг фæндæгтæ, цæугæдæттæ. Зæгъут-ма, хохы та цы ис?

**Хъ.** Æмæ сæ картæйыл фенæн ис? Цæуылнæ?

*(Сабиты дзуæппытæ).* Цæгат Ирыстоны сæйраг горæт та цы хуыйны?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**С.** Дзæуджыхъæу. *(Хъомылгæнæг равæры иллюстрацитæ.)*

**Хъ.** Зæгъут-ма, цавæр фæзтæ (площади) зонут Дзæуджыхъæуы? Цыртдзæвæнтæ? Театртæ? Горæты ис тынг бирæ уынгтæ, алы уынгæн дæр – йæхи ном. Сосик, ды кæцы уынджы цæрыс? Ды та, Мæдинæ? Аланæ? Сашæ? Цæмæй нæ горæт сыгъдæг уа, уый тыххæй уынгмæрзджытæ… *(сабитæ хъуыдыйад кæронмæ ахæццæ*

*кæнынц)*, амайджытæ…, дыргъдонгæс… (садовник), шофыртæ… æмæ а. д., алы адæймаг дæр хъуамæ йæ горæт хъахъхъæна. Горæты уынгты цы ‘мбæлы æмæ цы не ’мбæлы кæнын?
*(Сабитæ дзуапп дæттынц алы фарстæн дæр.)*
**Хъ.** Афтæмæй араст стæм балцы Дзæуджыхъæуæй. Ссарæм-ма ноджыдæр Цæгат Ирыстоны горæттæ. Картæйыл бæрæггонд сты хицæн хуызæй. Æз сæ дзурдзынæн, сымах та сæ фæлхат кæндзыстут: Дигора, Алагир, Æрыдон, Мæздæг. *(Хъомылгæнæг амонæн лæдзæгæй æвдисы горæттæ кæнæ сæ нысантæй фæбæрæг кæны.)*
**Хъ.** Картæйыл ис фæрссаг хъæутæ. Уыдон горæттæй къаддæртæ сты, фæлæ дзы бирæуæладзыгон хæдзæрттæ æмæ стыр дуканитæ дæр ис. Фæлхат кæнут мæ фæстæ: Заводской, Октябрыхъæу, Мызур, Садон, Уæллаг Фыййагдон. Ис дзы хъæутæ дæр. Уыдон горæттæй къаддæр сты, бирæуæладзыгон хæдзæрттæ дæр дзы нæй. Зæгъут-ма, уæдæ дзы цы ис? Кæм цæрынц уæ дадатæ æмæ нанатæ? Зæгъæм иумæ хъæуты нæмттæ дæр: Ногир, Æрхонкæ, Джызæл, Хъобан, Хъæдгæрон, Дур-Дур, Бæлта, Сунжæ. Æркæсут-ма, æрвхуыз хæххытæ цы бæрæг кæнынц? *(Цæугæдæттæ.)* Цавæр цæугæдæттæ зонут? Ис ма ахæм цæугæдæттæ: Æрыдон, Джызæлдон, Сунжæ, Фыййагдон, Урух, Цраудон.
**Хъ.** Сывæллæттæ, Цæгат Ирыстоны æрдз цæмæй хъуыстгонд у? *(Йæ хæхтæй.)*
**Хъ.** Ирыстон сæрыстыр у йæ хæхтæй. Хæхтæ сты тынг бæрзонд, сæ цъуппытыл цы мит ис, уый сæрдыгон дæр нæ тайы – уыдон сты цъититæ. Хæхтæй сырсыргæнгæ згъорынц ихджын цæугæдæттæ æмæ сыгъдæг хæрзад суадæттæ. Хæхбæсты цæры алыхуызон мæргътæ æмæ цæрæгойтæ. Гауызмæ хæстæгдæр æрбалæууут. Æркæсут нывтæм æмæ рахицæн кæнут, Ирыстоны цы цæрæгойтæ

нæ цæры, уыдоны нывтæ. Сывæллæттæ, зæгъæм, цæргæс февзæрдис Цæгатаг полюсы, уæд дзы, цымæ, фæцæрид? Ныр та уæ цæстытыл ауайын кæнут, цыма цæргæстæ фестадыстут, цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрдис бæрзонд арвы кæрæтты зилгæйæ? Цæй, уæдæ ныр та равдисут цавæрфæнды цæрæгой, æрмæст − нæ бæстæйы чи цæры, ахæм, æз та йæ хъуамæ базонон.
*(Сабитæ цæрæгойты æвдисынц, хъомылгæнæг та сæ базоны.)* Æркæсут-ма картæмæ, хæхтæм мидæгдæр куы бацæуæм, уæд дзы фендзыстæм мæсгуытæ (башни). Æмæ, цымæ, цавæр мæсгуытæ сты? Раздæр сæ уыдис цæрджытæ, дыгай нæ, фæлæ ма æртæуæладзыгон мæсгуытæ дæр амадтой. *(Æвдисы иллюстрацитæ.)* Фыццаг уæладзыджы адæм цæргæ кодтой, астæуæй уыд къона (очаг). Къонайыл кодтой хæринаг, хæдзар хъарм кодта къонайы хъармæй. Тынг хъызт бонтæ-иу куы скодта, уæд ма-иу суанг сæ фос дæр уырдæм баскъæрдтой, цæмæй ма ныссæлой. Дыккаг уæладзыджы æфснайдтой фосы холлаг, хос. Знæгты ныббырстытæй тæссаг куы уыд, уæд-иу мæсыджы сæр стыр арт скодтой, цæмæй дардмæ дæр зындаид. Ныр та æркæсут мæнæ ацы хæдзæрттæм, цымæ уыдон та цы сты?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Уыдон сты зæппæдзтæ, уырыссагау та хуыйны «мёртвый городок». Уыцы зæппадзты-иу бынæттон цæрджытæ ныгæдтой сæ мæрдты. Ныр та уын бацамондзынæн хъазт «Ссар сæйраг дзырд». Æз-иу зæгъдзынæн предмет, сымах та йын сбæрæг кæндзыстут йæ системæ æмæ дæлсистемæ. *(Дыууæ сæйраг дзырды рахицæн кæнын.)* Зæгъæм: хъæд, цуанон, бирæгъ, бæлæстæ, къахвæндæгтæ, къутæртæ. Кæцытæ сты сæйраг дзырдтæ? *Бæлæстæ* æмæ *къутæртæ*: æнæ уыдонæй хъæд нæ вæййы. Уæдæ райдайæм:
Цæугæдон – былгæрон, кæсæгтæ, кæсагахсæг, донгæрдæг, дон.

Горæт – хæдтулгæтæ, уынгтæ, велосипед.
Дыргъдон – зайæгойтæ, дыргъдонгæс, æмбонд, куыдз.
**Хъ.** Сывæллæттæ, алы республикæйæн дæр ис йæхи тырыса æмæ герб. Цавæр хуызтæ ис нæ тырысайæн? Цы нысан кæнынц? Ныр та æркæсæм гербмæ? Цал хохы йыл ис?
*(Авд, уымæн æмæ Ирыстоны ис авд комы.)*
Гербыл дæр æмæ тырысайыл дæр уыцы иу хуызтæ ис. Зæгъут-ма сæ.
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, картæйыл иу цыдæр нæу бæрæггонд. Цымæ уый цы у? Картæйыл нæй фенæн, нæ Ирыстоны адæм фылдæр цы уарзынц, уый. Æмæ цы уарзынц нæ адæм?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ирыстон хъуыстгонд у йæ кафт æмæ зардæй, ирон фæндыры зæлтæй.
*(Сабитæ националон музыкалон инструментты нывтæм кæсынц. Зæлы ирон мелоди.)*
**Хъ.** Цæй, уæдæ кафгæ дæр акæнæм. Акафæм рагон ирон кафт «Симд». *(Сабитæ кафынц.)* Тынг хорз. Уыйадыл кæронмæ æрхæццæ нæ балц. Уæ зæрдæмæ фæцыд? Цы нæ бамбæрстат?

*4 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бæстæ».**
**Темæ: «Уæрæх у мæ бæстæ».**
**Нысантæ:**

– Арфдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ Уæрæсейы, цы паддзахады цæрынц, уый тыххæй. Сабиты базонгæ кæнын Паддзахадон хуызджын тырысаимæ, гербимæ. Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ глобус æмæ картæйы тыххæй.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæ дзурын æмæ хатдзæгтæ кæнын.

– Хъомыл сæм кæнын Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад æмæ сæрыстырдзинад.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Уæрæсейы тырысайы ныв, гербы ныв. Алыхуызон дæсныйæдтыл хæст адæмы нывтæ: амайæг, пълотник, ахуыргæнæг, дохтыр, фыссæг, уæйгæнæг, кæртмæрзæг, шофыр; глобус, Уæрæсейы картæ.

**Райуаринаг.** Алы сабийæн дæр – гæххæтты уадздзæгтæ: 1 сырх, 2 урсы, 1 æрвхуыз æмæ 1 бур. Гæххæтты сыфыл – тырысайы 2 контуры.

**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ ахъазын: хъазт «Куыд цæрут» *(конспектмæ æркæс).*

## Ахуыры нывæст

**Психогимнастикæ.**

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*

**Хъ.** *(бакæсы æмдзæвгæ Райгуырæн бæстæйы тыххæй).* Цæй тыххæй у æмдзæвгæ?

С. Райгуырæн бæстæйы тыххæй.

**Хъ.** Цы у Райгуырæн бæстæ?

*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*

**Хъ.** Куыд хуыйны нæ бæстæ?

**С.** Нæ бæстæ хуыйны Уæрæсе.

**Хъ.** Раст загътат. Цæй, уæдæ нæ бæстæйыл абалц кæнæм. Æххуыс та нын кæндзысты глобус æмæ картæ. Цæттæ стут? *(Стъолыл æрæвæры глобус.)* Сывæллæттæ, ай цы у?

**С.** Глобус.

**Хъ.** Цы у глобус?

**С.** Глобус у Зæххы модель *(кæд æй нæ зоной, уæд сын æй бамбарын кæнын).*
**Хъ.** Абалц кæнæм глобусыл. Цы йыл уынут?
**С.** Алыхуызон бæстæтæ, фурдтæ, денджызтæ.
**Хъ.** *(амоны æмæ нымайы иу-цалдæр бæстæйы, æвдисы фурд).* Ныр та ссарæм глобусыл нæ бæстæ. *(Æвдисы йæ.)* Æрбакæсут-ма, нæ бæстæ у стыр æмæ рæсугъд. Уæрæсейы фарсмæ цы бæстæтæ ис, уый базонын уæ фæнды? *(Æвдисы æмæ нымайы, Уæрæсейы алыварс цы бæстæтæ ис, уыдон.)* Цавæр денджызтæ ис нæ бæстæйы? Уæ ныййарджытимæ сæрды цавæр денджызы был уыдыстут? *(Æвдисы æмæ дзуры, сабитæ фæлхат кæнынц.)* Зæгъут-ма, Уæрæсейы цы горæттæ ис, уыдон глобусыл ссарæн ис? Æмæ нæ уый тыххæй цы хъæуы? Цæмæй нæ балц нодзы цымыдисагдæр уа, уый тыххæй ма пайда кæндзыстæм картæйæ дæр.
*Сабитæ хæстæгдæр æрбалæууынц, гауызыл цы картæ ис, уымæ.*
**Хъ.** Цы уынут картæйыл?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Уæрæсейы картæйыл фылдæр цавæр хуыз ис? Уый цæуыл дзурæг у?
**С.** Кæрдæгхуыз. Уæрæсейы ис бирæ хъæдтæ, быдыртæ, сæрвæттæ.
**Хъ.** *(æвдисы хæхтæ).* Нæ бæстæйы хæхтæ ис? Кæцы ран сты хæхтæ? Цымæ мæнæ ацы хæххытæ та цы бæрæг кæнынц?
**С.** Уыдон сты цæугæдæттæ.
**Хъ.** Картæйыл гыццыл сау стъæлфытæ та цы бæрæг кæнынц?
**С.** Горæттæ.
**Хъ.** Алы горæтæн дæр ис йæхи ном, йæхи истори. *(Æвдисы картæйыл цалдæр горæты, дзуры сын сæ нæмттæ.)* Куыд хуыйны Уæрæсейы сæйраг горæт?

**С.** Мæскуы.

**Хъ.** *(æвдисы Мæскуыйы хицæн нывтæ кæнæ альбом «Мæскуы».)* Куыд схонæн ис æндæрхуызон Мæскуыйæн?

**С.** Мæскуы – Уæрæсейы сæйраг горæт. *(Кæд нæ зоной, уæд сын æй хъомылгæнæг бамбарын кæны.)*

**Хъ.** Цæмæн у Мæскуы Уæрæсейы сæйраг горæт?

**С.** Мæскуыйы цæры тынг бирæ адæм, уым цæрынц æмæ кусынц нæ президент æмæ хицауад. Ис дзы тынг бирæ заводтæ, фабриктæ, музейтæ, театртæ.

**Хъ.** Мæскуыйы цы адæм цæры, уыдоны та куыд хонынц?

**С.** Мæскуыйæгтæ.

**Хъ.** Уæрæсейы ис бирæ республикæтæ, уыдонæй алкæмæн дæр ис йæхи сæйраг горæт. *(Ранымайы 2–3 республикæйы æмæ сæ картæйыл равдисы.)* Цымæ картæйыл нæ республикæ ссарæн ис? Ссарæм æй? *(Æвдисы йæ.)* Æмæ куыд хуыйны нæ республикæ?

**С.** Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани.

**Хъ.** Ирыстон у Уæрæсейы хай. Куыд хуыйны нæ республикæйы сæйраг горæт?

**С.** Дзæуджыхъæу.

**Хъ.** Дзæуджыхъæуы чи цæры, уыдоны та куыд хонынц?

**С.** Дзæуджыхъæуккæгтæ.

**Хъ.** Раст загътат. Сывæллæттæ, алы бæстæйæн дæр ис йæхи тырыса æмæ герб. *(Равæры Уæрæсейы тырыса.)* Цавæр хуызтæ уынут Уæрæсейы тырысайыл?

**С.** Урс, æрвхуыз, сырх.

**Хъ.** Тырысайы хуызтæй алкæцыйæн дæр ис йæхи нысан. Уæллаг, урс уадздзаг, у уæздандзинады, æмбаргæдзинады, зæрдæхæлардзинады символ. Бæрæг кæны, нæ бæстæйы адæммæ фыдзæрдæ хъуыдытæ кæй нæй, уый. Астæуккаг, æрвхуыз уадздзаг, у сыгъдæг арвы, сабырдзинады символ. Уый ууыл дзурæг у, æмæ Уæрæсейы хæст кæй нæ хъæуы, фæнды йæ хæларæй цæрын иннæ бæстæтимæ. Сырх уадз-

дзаг у хъæбатырдзинады, æхсардзинады символ. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ Уæрæсейы цæрджытæй алчидæр цæттæ у йæ Райгуырæн бæстæ знæгтæй бахъахъхъæнынмæ. Æрбалæуут-ма стъолтæм хæстæгдæр, хъуамæ сæххæст кæнат тынг ахсджиаг хæслæвæрд.

*Сабитæ æрбалæууынц стъолтæм хæстæгдæр, алкæй раз дæр ис урс, æрвхуыз æмæ сырх уадздзæгтæ – Уæрæсейы тырысайæн æмæ сырх, бур, урс уадздзæгтæ – Ирыстоны тырысайæн. Гæххæттыл – тырысаты контуртæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, хъæугæ уадздзæгтæй равæрут Уæрæсейы тырыса.

*Сабитæ тырысаты контуртæй иуыл равæрынц Уæрæсейы тырыса. Сывæллæттæй иу архайы фæйнæгыл, иннæтæ – сæ бынæтты.*

**Хъ.** Ныр та уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, Ирыстоны тырысайæн цавæр хуызтæ ис, уый.

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Ныр та уæ сыфтыл равæрут Ирыстоны тырыса. *(Сабитæ архайынц.)* Тынг хорз. Ныр та мæ размæ рацæут. Нæ бæстæйы цæры алыхуызон адæмыхæттытæ æмæ дзурынц алыхуызон æвзæгтыл. Фæлæ цæмæй кæрæдзи æмбарой, уый тыххæй æппæт адæмтæ дæр дзурынц иу æвзагыл – уырыссагау. Уымæ гæсгæ уырыссаг æвзаг хонынц паддзахадон æвзаг. Цымæ куыд цæрынц нæ бæстæйы адæм? Цы фæкусынц? *(Сабитæ дзурынц.)* Сымах та куыд цæрут? Цы кусын уарзут?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Ныр та ахъазæм хъазт «Куыд цæрыс»-æй. *(Сабитæм дæтты фæрстытæ, уыдон дзуапп дæттынц æмæ æвдисынц.)*

– Куыд цæрут?

– Мæнæ афтæ. *(Сабитæ сæ мидбынаты сгæпп кæнынц, дыууæ къухы стыр æнгуылдзтæ равдисгæйæ.)*

– Куыд ленк кæнут?
– Мæнæ афтæ. *(Сæ къухтæй æвдисынц ленкгæнæджы змæлдтытæ.)*
– Куыд згъорут?
– Мæнæ афтæ. *(Къухтæ-рæмбыныкъæдзты къæдзгондæй, афтæмæй мидбынаты згъорынц.)*
– Уæд дардмæ та куыд кæсут?
– Мæнæ афтæ! *(Радыгай армытъæпæнтæ ныхыл авæрынц.)*
– Фынæй куыд кæнут?
– Мæнæ афтæ! *(Армытъæпæнтæ сæ русыл кæнæ сæры фарсыл авæрынц.)*
– Фыдуаг та куыд фæкæнут?
– Мæнæ афтæ! *(Сабитæ кæрæдзимæ сæ цæсгæмттæ дзыгъултæ кæнынц кæнæ дыуучæ къухæй сæ дымст рустæ пъурттытæ кæнынц.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæуут. Мæнæ ай у Уæрæсейы Герб. *(Равæры Уæрæсейы Герб.)* Герб у эмблемæ, паддзахадæн сæйрагдæр цы у, уый æвдыст цæуы гербыл: *(æвдисы Герб).* Цымæ цы нысан кæны гом чиныг?
*(Хъуамæ алчидæр ахуырмæ бæлла, фылдæр зонындзинæдтæ иса.)*
Дыууæсæрон цæргæс у хъæбатырдзинады нысан, хур у уæлахизы нысан. Уæрæсейы адæм сæрыстыр сты сæ бæстæйæ, цæмæй сæ цард хуыздæр кæна, ууыл архайынц. Цавæр дæсныйæдтыл хæст адæм кусы нæ бæстæйы? Æрæсут ацы нывтæм. Æз уæм дæтдзынæн фæрстытæ, сымах та нывты 'хсæн хъуамæ ссарат дзуæппытæ.
*(Кæнæ иумæйаг нывтæ, кæнæ алы сывæллонæн дæр æмхуызон нывтæ.)*
– Хæдзæрттæ чи амайы? *(Амайæг.)*
– Мебель чи аразы? *(Пълотник.)*
– Уынгтæ чи æфснайы? *(Уынгмæрзæг.)*

– Адæмы чи дзæбæх кæны? *(Дохтыр.)*
– Сывæллæтты чи ахуыр кæны, чи сæ хъомыл кæны?
*(Ахуыргæнæг, хъомылгæнæг.)*
– Зынгирвæзтытæ чи ахуыссын кæны, адæмы æвзæр митæй чи хъахъхъæны?
*(Милиционер, зынгхуыссынгæнæг.)*
– Дуканиты хойрæгтæ чи уæй кæны?
*(Уæйгæнæг.)*
– Тынг хорз. Нæ балц кæронмæ æрхæццæ. Сымах та цы хъуамæ кусат, цæмæй нæ бæстæ рæсугъддæр æмæ тыхджындæр кæна? Нæ балцы уæ зæрдæмæ цы фæцыдис? Алцыдæр бамбæрстат?
*Сабиты дзуæппытæ.*

*5 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг».**
**Темæ: «Фæззæгимæ ахъазæм!»**
**Нысантæ:**

– Фидардæр æмæ уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ афæдзы афонты тыххæй; ахуыр сæ кæнын афæдзы афонты характерон миниуджытæ бæрæг кæнын æмæ сæ хъуыдытæ раст дзурын.
– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, мысæнуат.
– Хъомыл сæм кæнын уарзондзинад райгуырæн бæстæйы æрдзмæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** афæдзы афонты нывтæ *(зымæг, уалдзæг, сæрд, фæззæг Ирыстоны)*, тæгæр бæласы сыфыл – пълан æвдыст. Фæззæджы 3 ныввы *(рагвæззæг, къæвдаджын, æрæгвæззæг)*, нывтæ серийæ – «Сырдтæ фæззыгон», ахстон. Фæззыгон хъæды декорацитæ: бæлас, къутæр, бæласы бындзæфхад, зокъотæ.

**Райуаринаг.** Фæззыгон сыфтæ фæрстытимæ.

## Ахуыры нывæст

**Психогимнастикæ.**

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, равдисут-ма, фæззыгон къæвда бон уын цавæр зæрдæйы уаг вæййы, уый. Сæрдыгон хур бон та? Тынг хорз. *(Фæйнæгыл нывтæ «Афæдзы афонтæ Ирыстоны хæхты» кæнæ æндæр ахæм нывтæ.)* Æрбакæсут-ма, цы диссаджы рæсугъд нывтæ уын æрбахастон. Ныртæккæ æз дæтдзынæн нывтæм гæсгæ фæрстытæ, сымах та дзуæппытæ ссардзыстут æмæ сæ иуварс исдзыстут.

– Æппæты уазалдæр афæдзы афон цавæр у? *(Зымæг.)* *(Иуварс айсынц ныв «Зымæг».)*

– Æрдз цавæр афæдзы афон æрыхъал вæййы, кæд фæкъуыбар вæййынц бæлæсты къалиутæ? *(Уалдзæджы.)* *(Иуварс айсынц ныв «Уалдзæг».)*

– Æппæты тæвддæр афæдзы афон цавæр у? *(Сæрд).* *(Иуварс айсынц ныв «Сæрд».)*

– Цы ныв ма баззад, уым та цавæр афæдзы афон æвдыст цæуы? *(Фæззæг.)* Цæмæй бæрæг у?

**С.** Бæлæсты сыфтæ фæбур сты æмæ згъæлынц, кæрдæг дæр фæбур, хур кæсы, фæлæ нæ тавы.

**Хъ.** Раст загътат. Ныр та байхъусут æмдзæвгæ «Фæззæг»-мæ. Зæгъут-ма, кæм цæры фæззæг?

**С.** *(алыхуызон дзуæппытæ).* Дыргъдоны, бæлæстыл, быдырты, хъæды, парчы æмæ а. д.

**Хъ.** Раст загътат, Фæззæг Сæрды куы раивы, уæд рæстæгмæ свæййы æрдзы хицау. Абон æз фæндагыл ссардтон тæгæр бæласы сыф. Уый хуымæтæджы сыф нæу. Цымæ цæмæй æнахуыр у?

**С.** Ис ыл цавæрдæр пълан æвдыст.

**Хъ.** Сывæллæттæ, Фæззæг сфæнд кодта махимæ ахъазын. Мах ацы пъланмæ гæсгæ ацæудзыстæм балцы æмæ фендзыстæм, цы нын æрцæттæ кодта, уый. Фæнды уæ? *(Къорды уатæн йе 'мбисы скæнын хъæды декорацитæ, пъланмæ гæсгæ сæ æрæвæрын.)* Æркæсæм пъланмæ æмæ, раздæр кæцырдæм цæугæ у, уый сбæрæг кæнæм.
**С.** Пъланмæ гæсгæ уал бæлас ссарын хъæуы. *(Ссарынц бæлас фæззыгон сыфтæртимæ, зокъотæ, къутæртæ. Зæлынц магнитофоныл фыст хъæды зæлтæ.)*
**Хъ.** Цымæ кæм февзæрдыстæм?
**С.** Хъæды.
**Хъ.** Сывæллæттæ, æрбадут, уæ цæстытæ бацъынд кæнут æмæ байхъусут, хъæды цы алыхуызон зæлтæ фехъусæн ис, уымæ. Цы фехъуыстат? Байгом кæнут уæ цæстытæ. Æркæсут-ма, бæласы бын цæйбæрц сыфтæртæ ис, уымæ. *(Сисы иу сыф.)* Ацы сыфтæртæ хуымæтæг не сты, уыдон сты фæрстытимæ. Лæмбынæг хъусут, цæмæй раст дзуæппытæ раттат.
– Цавæр афæдзы афоны фæстæ вæййы Фæззæг?
– Ранымайут фæззыгон мæйтæ.
– Цæмæн хонынц фæззæджы рæдау?
– Хъæд адæмæн цы балæвар кæны?
– Цавæр хæрынæн бæзгæ зокъотæ зонут?
– Маргджын зокъотæ къæхты бын ссæндын цæуылнæ хъæуы? *(Уымæн æмæ, гæнæн ис, цавæрдæр цæрæгойтæн хæрынмæ кæнæ хосæн сбæззой.)*
– Фæззæджы цавæр гагадыргътæ сцæттæ вæййы?
– Адæмæй уæлдай ма гагадыргътæ чи хæры?
– Гагадыргътæ æмбырд кæнгæйæ, зæрдыл цы дарын хъæуы? *(Гагадыргътæ се 'ппæт нæ хъæуы æмбырд кæнын, ныууадзын дзы хъæуы хъæддаг цæрæгойтæн.)*
– Хъæды уæвгæйæ мах уазджытæ стæм æви фысымтæ? Æмæ æцæг фысымтæ, хицæуттæ та чи сты?

*(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын фæрстыты руаджы аххуыс кæнын.)*
**Хъ.** Тынг хорз дзуæппытæ радтат! Фæлæ æркæсæм пъланмæ, цымæ нæ фæззæг кæдæм хоны?
**С.** Хъуамæ бацæуæм назмæ.
**Хъ.** Раст загътат, фæлæ йæм хъуамæ бацæуæм хъазгæйæ. Æрлæуут кæрæдзийы фæдыл. *(Хъуысы магнитофоныл фыст «Хъæды зæлтæ», кæнæ та зонгæ, зæрдæмæ хæстæгдæр мелодитæ. Хъомылгæнæджы ныхæстæм гæсгæ сабитæ змæлынц.)* Мæнæ фæцæуæм къахвæндагыл, цæуæм æвæды, фыдзыкъуыр бæлæсты 'хсæнты хизæм, æмбырд кæнæм зокъотæ, сæмбæлдыстæм тæппуд тæрхъусыл, тонæм саунæмыг, мæнæргъы æмæ сæ хæрæм, ныр та, рог гæппытæгæнгæ, назмæ бацæуæм. Æркæсутма, бæласы бындзæфхадыл цы ис, уымæ.
**С.** Нывтæ.
**Хъ.** *(мольбертыл кæнæ фæйнæгыл равæры фæззæджы 3 нывы).* Цы уынут фыццаг нывы?
**С.** Бæлас бур сыфтæртимæ, бæласæн йæ быны дæр – бур сыфтæртæ, хур кæсы, зайы цъæх-цъæхид наз бæлас.
**Хъ.** Цы уынут дыккаг нывы?
**С.** Бæласыл сыфтæртæ бирæ нал ис, арв у мигътæй æхгæд, хур ма гыццыл кæцæйдæр зыны, къæвда уары, уынæм цъæх-цъæхид наз бæлас.
**Хъ.** Цы уынут æртыккаг нывы?
**С.** Бæлас бынтон бæгънæгæй, æнæ сыфтæй, æрмæст наз бæлас цъæх-цъæхид у. Арв у фæныкхуыз, хъуынтъыз. Хур нæ кæсы. Уæлдæфы сабыргай зилдух кæнынц фыццаг миты гæлæбутæ.
**Хъ.** Сывæллæттæ, ацы 3 нывы иу дзырдæй схонæн ис «Фæззæг». Фæлæ, цымæ, алыхуызон цæмæн у?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Мæнæ радымдта тынг дымгæ æмæ нывтæ сæмхæццæ

сты. *(Нывтæн сæ бынæттæ аивы).* Равæрут сæ раст кæрæдзийы фæдыл. *(Сабитæ нывтæ равæрынц.)* Иу хатт ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм фæззæджы мæйтæ. *(Сабитæ ранымайынц мæйтæ.)* Равдисут фыццаг мæйы ныв æмæ зæгъут, цавæр у, уый. Цавæр у фæстаг мæй та? *(Сабитæ æвдисынц ныв æмæ зæгъынц, цавæр мæй у, уый.).* Фæззæг алыхуызон вæййы, вæййы сыгъзæрин дæр, вæййы фыдрæстæг дæр. Фыдрæстæг фæззæг цавæр дзырдтæ уарзы? *(Къæвда, дымгæ, уазал, хъуынтъыз, уымæл).* Сыгъзæрин фæззæгæн та ис йæхи дзырдуат. Цымæ цавæр дзырдтæ уарзы? *(Хъарм, ирд, рæсугъд, хъæлдзæг.)* Ныр та ахъазæм. Æз райдайдзынæн хъуыдыйад, сымах æй кæронмæ ахæццæ кæнут:

– Æртæхтæ æрæмбырд сты æмæ сæ иумæ рауадис… *(къæвда, кул).*

– Æврæгътæ æрæмбырд сты æмæ сæ рауадис иу стыр… *(мигъ).*

– Бæлæстæ æрæмбырд сты æмæ сæ иумæ рауадис… *(хъæд, парк, къох).*

**Хъ.** Тынг хорз, ныр та дарддæр æркæсæм пъланмæ, баззадис ма йыл, кæм нæма уыдыстæм, ахæм бынат. Цымæ нæ ныр та кæдæм æрбакæндзæн Фæззæг?

**С.** Хъуамæ ахстон ссарæм.

**Хъ.** Ахстоны та чи цæры? *(Уыцы ран æрæвæрын хъæуы иллюстрацитæ «Сырдтæ фæззыгон», зæгъгæ, уыцы серийæ.)*

**С.** Цъиутæ.

**Хъ.** Ахстон ссардтам, фæлæ, цымæ, афтид цæмæн у? Мæргътæй кæцытæ нæ атæхынц хъарм бæстæм? Куыд хуыйнынц уыцы цъиутæ? *(Зымæгиуатгæнæг.)* Ирыстоны хъæды цавæр зымæгиуатгæнæг цъиутæ вæййы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Зæгъут-ма, цымæ сырддонцъиутæ, хъæдхойтæ, халæт-

тæ æмæ ма мæргътæй кæцыдæртæ цæуылнæ атæхынц хъарм бæстæм?
**С.** Уымæн æмæ уыцы цъиутæн сæ бон у ссарын, зымæгон цы хæрой, уый.
**Хъ.** Уæдæ хъарм бæстæм цы цъиутæ атæхы, уыдон та куыд хуыйнынц?
**С.** Фæлтæхæг.
**Хъ.** Хъарм бæстæм тæхынц, уый цæмæ гæсгæ базонæн ис?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æркæсут ныр та иллюстрацитæм.
– Цавæр сырдтæ цæттæ кæнынц сæхи зымæгмæ?
– Æхсæрсæттæг куыд цæттæ кæны йæхи зымæгмæ?
– Тæрхъустæ цæуылнæ цæттæ кæнынц сæхи зымæгмæ?
– Рагвæззæг арс цы фæкусы?
*(Тынг бирæ фæхæры, цæмæй снард уа.)*
– Фæззæджы сырдтæй кæцытæ аивынц сæ хуыз æмæ цæмæн?
– Хъæды цæрджытæн цæмæй зымæг тынг уазал ма уа, уый тыххæй сын адæймаджы бон куыд у баххуыс кæнын? Æмæ уый тыххæй ахъазæм хъазтæй: «Зæрдæлхæнæн ныхæстæ». Рувас, ды дæ… *(цырд, хинæйдзаг)*, Æрсой, ды дæ… *(зонджын, тыхджын)*. Тынг хорз! Фæззæгимæ куыд хъазыдыстæм, уый уæ зæрдæмæ фæцыдис? Нæ хъазт ууыл нæ фæцис. Тезгъо кæнынмæ куы ацæуæм, уæд иумæ ссардзыстæм фæззæджы миниуджытæ. Зæгъут-ма, фæззæг нын нæ зæрдæтæ цæмæй барухс кæны? Уæ зæрдæмæ цавæр фæззæг цæуы тынгдæр?

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг».**
**Темæ: «Фæззæджы сюрприз».**
**Нысантæ:**

– Сабитæм рæзын кæнын халсартæ æмæ дыргътæ иртасыны арæхстдзинæдтæ; цы пайда сты, уый сын сæ зонды ныффидар кæнын.
– Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад, фæлгæнæн æмæ хъусдард.
– Сабитæм хъомыл кæнын хъæздыг æмæ бæркадджын æрдзмæ уарзон æмæ аудгæ ахастытæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Рæсугъд хуызджын къопп, къоппы – фæткъуы. Халсарты нывтæ: уырыдзы, мæймæбулкъ, булкъ, цæхæра, хуырхæг, къабуска, баклажан, кабачки, джитъри, пъæмидор; (чысыл хуынхæссæн тæбæгътæ (подносы).
Лыггонд ныв «Чыргъæд»; 3 тæлыйы: сырх, кæрдæгхуыз, бур; ныв – натюрморт алыхуызон дыргътæ æмæ халсартимæ (кæнæ коллаж): уырыдзы, фæткъуы, апельсин, хъæдындз, къабуска, хъæлæрдзы; системон операторы экран, астæуæй – цавæрфæнды дыргъ кæнæ халсары ныв; сабитæн райуарын чыргъæды дыргътæ, гагадыргътæ æмæ æнгузтæ.
**Райуаринаг.** Ныв (4-æм – уæлдай), кърандæстæ кæнæ фломастертæ.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, сæрдыгон тæвд бон уæм цавæр зæрдæйы уаг вæййы, уый уæ цæсгæмттыл равдисут, ома мимикæйæ; ныр та – фæззыгон къæвда бон. Ныр та байхъусут уыци-уыцимæ, æмæ цæй тыххæй у, уый зæгъдзыстут!

Тыллæг уын æрбахæссын,
Быдыр ногæй байтауын.
Мæргъты хъарммæ арвитын,
Бæлæстæ бæгънæг кæнын,
Æрмæст назмæ не ’вналын.
Чи дæн, уый та нæ зæгъын.

**С.** Уый у фæззæг.

**Хъ.** Раст загътат, мах иумæ уыдыстæм фæззæгимæ балцы. Абон та нын фæззæг æрцæттæ кодта сюрприз – лæвар, фæлæ йæ нæ къорды уаты бамбæхста. Ныр æй цæмæй ссарæм, уый тыххæй хъуамæ, Фæззæджы тыххæй цыдæриддæр зонæм, уый йын радзурæм. Фæлæ куыд ссарæм Фæззæджы сюрприз? Æркæсут-ма, мæнæ ам цы рæсугъд къопп ис, уымæ. Æртæ фарстæн дзуапп куы раттат, уæд байгом уыдзæн. Цæттæ стут?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Бæлæстæ фæззæджы зымæгмæ сæхи куыд цæттæ кæнынц?

**С.** Сæ сыфтæр азгъалынц æмæ уалдзæгмæ «фынæй кæнынц».

**Хъ.** Уæд мæргътæ æмæ цæрæгойттæ та фæззæджы зымæгмæ сæхи куыд цæттæ кæнынц?

**С.** Цæрæгойтæй кæцыдæртæ – æхсæрсæтджытæ, уырдтæ зымæгмæ æвæрæнтæ скæнынц. Иннæтæ, зæгъæм, арс, уызын, хæфс, калм – бафынæй вæййынц. Мæргътæ атæхынц хъарм бæстæм, ам, махмæ, чи баззайы, ома зымæгиуатгæнджытæ (сырддонцъиутæ, халæттæ, хъæдхойтæ), уыдон зымæгон дæр ссарынц хæринаг.

**Хъ.** Ныр та – фæстаг фарст. Адæм та куыд цæттæ кæнынц сæхи зымæгмæ?

**С.** Адæм æрæмбырд кæнынц сæ тыллæг, сфыцынц вареннæтæ, кампоттæ, цæхджынтæ скæнынц, схус кæнынц зокъотæ.

**Хъ.** Тынг хорз! Къопп байгом, йæ мидæг та ис дисса-джы фæткъуы. Кæцырдæм атула, уырдæм ацæудзыстæм. *(Фæткъуы атулы, къорды уаты сабитæн хæслæвæрдтæ кæм æвæрд ис, уыцырдæм.)* Фæткъуы нæ æрбахуыдта, тæбæгъыл нывтæ æвæрд кæм ис, уырдæм. Нывтæ фæкъордтæ кæнут æмæ сæ афтæ цæмæн фæхицæнтæ код-тат, уый зæгъут. *(Тæбæгъыл – дыргътæ, гагадыргътæ æмæ халсарты нывтæ. Сабитæ нывтæ фæкъордтæ кодтой æмæ æмбарын кæнынц сæ архайд.)* Тынг хорз сæххæст кодтат уæ хæслæвæрд. Фæлæ-ма æркæсут мæнæ ацы æнахуыр нывмæ. Райсæм æй немæ, чи зоны нæ бахъæуа. *(Дарддæр сабитæ агурдзысты ахæм нывты фрагменттæ. Куы сæ æрæмбырд кæной, уæд фендзысты чыргъæды ныв – уый у фæззæджы лæвар. Фæткъуы дарддæр «атулы».)* Сабитæ, тагъд ауайæм фæткъуыйы фæстæ, æрбахуыдта нæ «Цæхæрадонмæ». Хъуамæ æрæмбырд кæнæм нæ тыллæг, ам ис халсарты нывтæ. Хъуамæ сæ æрæмбырд кæнæм æмæ сын сæ хæрынæн бæзгæ хæйттæ зæгъæм. Раздæр уал: 1) сырх тæлымæ æрæмбырд кæнут хæрынæн бæзгæ уидæгтæ; 2) кæрдæгхуыз тæлымæ – хæрынæн бæзгæ сыфтæ; 3) бур тæлымæ – хæрынæн бæзгæ дыргътæ кæнæ халсартæ.
**С.** *(равæрынц нывтæ).* 1) уырыдзы, мæймæбулкъ, булкъ, цæхæра; 2) къабуска, хуырхæг, хъонтхора; 3) пъæмидор, джитъри, нас, кабачки, баклажан.
**Хъ**. *(сбæрæг кæны хæслæвæрд.)* Тынг хорз. Хæслæвæрд сæххæст кодтат æмæ та нæ разы уынæм нывы фрагмент. Ацæуæм та дарддæр фæткъуыйы фæстæ. *(Сабитæ цæуынц фæткъуыйы фæстæ.)* Тынг хорз! Ацы ран æмбæхст ис тынг цымыдисаг хæслæвæрд.
*Алы сабимæ дæр – карточкæ.*
**Хъазт «4-æм − уæлдай».**
**Хæслæвæрд.** Бамбарын кæнын, предметтæй иу уæлдай цæмæн у, уый. Сæ иумæйаг миниуæг сын сбæрæг кæнын.

Ахахх кæнын уæлдай предмет æмæ бамбарын кæнын, уæлдай цæмæн у, уый. Зæгъæм:

а) пъамидор, къабуска, джитъри, харбыз;

æ) цæхх, банкæ, картоф, пъамидор;

б) кæрдо, нас, баклажан, мæймæбулкъ.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хъомылгæнæг байхъусы 2–3 дзуапмæ.)*

**Хъ.** Тынг хорз, ацы ран дæр та ссардтам нывы фрагмент. Райсæм æй æмæ дарддæр ацæуæм. *(Фæткъуы æндæр хæслæвæрдмæ «атулы».)* Сабитæ, æрбакæсут-ма мæнæ ацы рæсугъд нывмæ. Æз уын дзурдзынæн уыци-уыцитæ, сымах та сын сæ дзуæппытæ хъуамæ ацы нывыл ссарат. Æрцæттæ кæнут уæхи!

Тымбыл æмæ хæрзад,
Бæласыл – мæ цард.
Тынг мæ уарзынц сабитæ,
Стыртæ æмæ гагитæ.
*(Фæткъуы.)*

Хуымы ’рзадтæн
Зæххы бын,
Мæ дзыкку та –
Уæлбылыл.
*(Уырыдзы.)*

Туаггомау, тымбыл, зæринхуыз.
*(Апельсин)*

Нæмгæ дæ нæ фæкæндзæн,
Кæуын та дæ фæкæндзæн.
*(Хъæдындз.)*

Сæдæ дзаумайы,
Сæдæ дарæсы.
Сæ раласынмæ
Уый нал арæхсы. *(Къабуска.)*

Уыд лыстæг æмæ цъæх-цъæхид,
Стæй сындæггай уæд фæсырх и,
Хурмæ ныр ныссау бынтон,
Сцæттæ ис, – уæд æй æртон.
*(Хъæлæрдзы.)*

**Хъ.** Тынг хорз сæххæст кодтат хæслæвæрд. Райсæм та ныви ног фрагмент æмæ дарддæр фæткъуыйы фæстæ ацæуæм. Æрбакæсут-ма, ацы ран ис цавæрдæр къопп. *(Къоппæн йæ фæрсты – тымбыл хуынчъытæ. Сывæллон йæ къухтæ хуынчъыты батъыссы æмæ, уырзтæй сгаргæйæ, цы рай- ста, уый фæзæгъы, уый фæстæ предмет къоппæй сисы).* Сывæллæттæ, хъуамæ базонæм, къоппы цы ис, уый. *(Сабитæ сисынц: фæткъуы, банан, кæрдо, хъæдындз, цæхæра, уырыдзы.)*
– Сывæллæттæ, ранымайут-ма, борщ цæмæй сфыцæм? Уæд кампот та цæмæй сфыцæм?
*Сабиты дзуæппытæ.*
– Зæгъут-ма, адæмы халсартæ цæмæн хъæуынц?
Сабиты дзуæппытæ.
– Кæм зайынц халсартæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
– Цæхæрадон дыргъдонæй цæмæй хицæн кæны?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æппæт фæрстытæн дæр радтат раст дзуæппытæ. Райсæм та ныви фрагмент æмæ та дарддæр нæ фæткъуыйы фæстæ ацæуæм.
*Сабитæ фæткъуыйы фæстæ æрбацыдысты фланеле- графы кæнæ магнитон фæйнæджы размæ. Фæйнæгыл – системон оператор. Сабитæ хъомылгæнæгимæ сбæрæг кæнынц: «Кæм ис бирæ?» Цы уыдис? Цавæрфæнды дыргъ кæнæ халсары ныв. Цæмæй конд у? Цы уыдзæн?*
**Хъ.** Тынг хорз! Æппæт хæслæвæртæ дæр раст сæххæст кодтам. Фрагменттæ иууылдæр куы æрæмбырд кæнæм,

уæд дзы рауайдзæн иу стыр ныв. Ныр фæззæг бамбæрста, тынг хорз зонындзинæдтæ уæм кæй ис, уый, æмæ нын бацамондзæн, йæ лæвар кæм æвæрд ис, уый.
*Сабитæ æрæмбырд кæнынц «Чыргъæд»-ы ныв.*
**Хъ.** Цы дзы рауадис?
**С.** Чыргъæд.
**Хъ.** Тынг хорз! Ссарæм уæдæ нæ къорды уаты чыргъæд.
*Сабитæ ссарынц чыргъæд, чыргъæды – сабитæн дыргътæ, æнгузтæ, гагадыргътæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æркæсут-ма, цы диссаджы рæдау лæвар нын скодта фæззæг, уымæ: хæрзад æмæ, пайда чи у, ахæм лæвæрттæ. Абон тынг хорз архайдтат! Уæхи зæрдæмæ та цы фæцыдис?
*Сабитæ дзуапп дæттынц æмæ дыргътæ хæрынц.*

*7-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Зайæгойты дуне».**
**Темæ: «Æвзонг ботаниктæ».**
**Нысантæ:**

– Сабиты зонгæ кæнын æмбарынæдтимæ: «Зайæгойты дуне», «зайæгойтæ». Ныффидар кæнын зайæгойты дунейы тыххæй зонындзинæдтæ, æрныхас ын кæнын йæ рæсугъддзинад æмæ пайдайы тыххæй.
– Сабиты ахуыр кæнын хатдзæгтæ кæнын.
– Рæзын кæнын сабиты алывæрсыг хъуысдард. Хъомыл сæм кæнын цымыдис зайæгойты диссаджы дунемæ, ахуыр сæ кæнын æрдз хъахъхъæнын æмæ йыл аудын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Фæлварæн: 2 банкæйы иугай дидинджытимæ, банкæтæй иуы – дон, иннæйы та – нæй. II фæлварæн: донимæ банкæты – иугай дидинджытæ, банкætæй иу – гом, иннæ та – æмбæрзт, рухсæй æмбæхст. III – мæры

къæрттытæ, схъарм кæнынæн мигæнæнтæ, авг; донимæ банкæ. IV – банкæйы иугыццыл дон, мæры къæрттытæ. 3 нывы: бæлас, къутæр, дидинæг (кæнæ иумæйаг ныв). Хатдзæгтæ ныффыссынæн таблицæ, маркертæ. Нывтæ: хъæд æмæ хæхтæ.

**Райуаринаг.** дзыппытимæ раздарæнтæ, лупætæ, салфеткæтæ (къухтæ сæрфынмæ), уæлæнгай тæбæгътæ (подностæ). Хъазт «Ботаникон лото»-йæн нывтæ.

**Рагагъоммæйы куыст:**

I. Иу-дыууæ боны размæ сабитæн зæгъын, фæлварæнтæ кæй кæндзысты, уый, æмæ сын сæ хатдзæгтæ ахуырты рæстæг сбæрæг кæндзысты.

1-аг фæлварæн (опыт): 2 банкæйы кæнæ вазæйы нывæрын зайæгой (дидинæг), сæ иуы ныккæнын дон, донып ныккæнæн ис иугыццыл кулинарон ахорæн. Вазæйы та нывæрын сельдерей кæнæ уырыдзыйы æвзар. Уый фæстæ (ахуыры рæстæг) кардæй æвзар фæлыг кæнын, цæмæй сабитæ феной, зайæгой ахуырст дон йæхимæ куыд сцъырд-та, уый.

2-аг фæлварæн: дыууæ банкæйы кæнæ вазæйы дæр нывæрын фæйнæ дидинæджы æмæ дыууæйы дæр дон ныккæнын. Сæ иу къоппæй æрæхгæнын, цæмæй йæм рухс ма кæла. Архайын æнæмæнг сабитимæ иумæ. Уый фæстæ сæ сабиты разæй айсын, цæмæй сæм фæстæдæр, ахуыр-ты рæстæг, куы æркæсой, уæд цымыдисдæр кæной æмæ сæхæдæг скæной хатдзæгтæ.

II. Хъазты ныхæстæ сахуыр кæнын: Хъæды астæуты цæуæм (цæуынц).

Зокъотæ æмбырд кæнæм *(æргуыбыр кæнынц æмæ та дарддæр ацæуынц).*

*(Ссарынц: мæнæргъы, гыркъотæ, саунæмыг æмæ а. д.)*

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, цавæр зæрдæйы уаг уын ис? Равдисут æй мимикæйæ, ома уæ цæсгæмттыл. Ныр та равдисут уæ зæрдæйы уаг адджын сæнæфсир, туаг лимон, судзаг цывзы, цæхджын джитъри æмæ адджын харбыз хæргæйæ. Ныр та байхъусут уыци-уыцимæ æмæ, цæй тыххæй у, уый базонут: «Улæфы, рæзы, фæлæ цæуын нæ зоны». Уый цы у?

**С.** Зайæгой.

*(Кæд сабитæ зæгъой «дидинæг» кæнæ «бæлас», уæд сын сæ дзуапп сбæлвырд кæнын, бамбарын сын кæнын, уыдон кæй хауынц зайæгойты дунемæ.)*

**Хъ.** Раст загътат. Зайæгойтæ – цардæгас æрдзы хай. Зайæгойты цард æмæ арæзт чи иртасы, уыцы ахуыргæндтæ хуыйнынц ботаниктæ. Абон сымах дæр уыдзыстут æвзонг ботаниктæ. Мах дзурдзыстæм зайæгойты тыххæй, кæндзыстæм фæлварæнтæ æмæ хатдзæгтæ. Скæнут уæ уæлæ раздарæнтæ æмæ бахилæтæ. Ныр сымах стут ботаниктæ. Æркæсут, гауызыл цы нывты хæрх ис, уымæ. Иумæ сæ куыд схонæн ис? *(Сабиты æрхæстæг кæнын ахæм дзуапмæ: зайæгойты дуне.)* Тынг хорз, ныр та уæ куыд фæнды, афтæ нывтæ хæрхытыл фæхицæн кæнут.

*Сабитæ нывтæ (бæлæстæ, дидинджытæ къудзитæ, гагадыргъытæ) тæлыты мидæг кæнæ уæлæнгай тæбæгътыл равæрынц æмæ сæ архайд æмбарын кæнынц.*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та зæгъут, Ирыстоны цавæр зайæгойтæ зайы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Хорз. Зæгъут-ма, мæ чысыл ахуыргæндтæ, нæ къорды уаты зайæгойтæ цæры æви нæ? Кæцы ран цæрынц?

**С.** Зайæгойтæ цæрынц æрдзы къуымы.

**Хъ.** Уæдæ æрбалæуут æрдзы къуыммæ хæстæгдæр – уый

уыдзænис нæ лаборатори. Зæгъут-ма, цавæр зайæгойтæ нæм ис?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** *(стъолыл æрæвæры цавæрфæнды зайæгой).* Цавæр хæйттæ ис зайæгойæн?
**С.** Уидаг, зæнг, сыфтæ, дидинæг.
**Хъ.** Раст загътат, вæййы ма мыггæгтæ æмæ дыргътæ дæр. Уидаг та кæцы ран вæййы? Цæмæн хъæуы зайæгойы уидаг?
**С.** Уидаг вæййы зæххы бын. Уидæгты руаджы зайæгойтæ сзайынц, нуазынц дон, фылдæр кæнынц. *(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг дзуры.)*
**Хъ.** Зайæгойы зæнгыл та цы ис? Цæмæн хъæуы зайæгойы зæнг?
**С.** Уидаг дæр, сыфтæ дæр æмæ дыргътæ дæр сты зайæгойæн йæ зæнгыл, уый руаджы сæм хæццæ кæны дон.
**Хъ.** Зайæгойты сыфтæ та цæмæн хъæуы?
**С.** Сыфты руаджы зайæгой улæфы.
**Хъ.** Зайæгойы дидинæг цæмæн хъæуы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Дидинæджы бынаты фæзыны дыргъ æмæ мыггæгтæ. *(Кæд сабитæ сæхæдæг дзуапп нæ радтой, уæд сын æй зæгъын. Дидинæг айсын æмæ 3 нывы равæрын: бæлас, къутæр, дидинæг.)*
**Хъ.** Мæ зынаргъ ботаниктæ! Зæгъут-ма, ацы зайæгойтæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Иумæйагæй та сæм цы ис?
*Сабиты дзуæппытæ. Сабиты хъус æрдарын, бæласæн кæй ис иу зæнг, хъæддых къалиутæ; къутæрæн та ис цалдæр зæнджы æмæ йæ къалиутæ суанг зæххæй ссæуынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æппæт зайæгойтæ дих кæнынц 3 паддзахадыл: бæлæстæ, къутæртæ æмæ кæрдæджытæ. Цæмæй

зайæгой æрзайа, уый тыххæй йæ цы хъæуы?
**С.** Мæр, рухс, хъарм, дон, хъацæнтæ.
**Хъ.** Мах знон кодтам фæлварæнтæ, абон та сын хъуамæ скæнæм хатдзæгтæ æмæ уыцы хатдзæгтæ фæбæрæг кæнæм таблицæйы.
*(Хатдзæгтæ цавæрдæр нысанты хуызы маркерæй фæбæрæг кæнын гæххæттыл кæнæ та рагацау цæттæгонд нысантæ фæйнæгыл æрфидар кæнын.)*
**1-аг фæлварæн.**
*(Хъомылгæнæг стъолыл æрæвæры 2 вазæйы æмæ иннæ мигæнæнтæ. Вазæты – иугай дидинджытæ, сæ иуы ис дон, иннæйы та нæй. Кæд дидинджыты бæсты уырыдзыйы кæнæ сельдерейы къалиу æмæ сырх ахорæн уа, уæд сабиты хъус æрдарын, зайæгой дон куыд сцъырдта, уымæ.)*
**Хъ.** Цы уынут уæ разы? Цавæр хатдзæгтæ скæнæн ис?
**С.** Æнæ донæй, вазæйы цы зайæгой ис, уый бахус.
**Хъ.** Цавæр хатдзæг скæндзыстут?
**С.** Зайæгойты æнæмæнг хъæуы дон.
**Хъ.** Фæбæрæг æй кæнут фæйнæгыл. *(Сабитæ сныв кæнынц «æртах» (капля) кæнæ нысан фæйнæгыл фидар кæнынц.)*
**2-аг фæлварæн.**
*(Сабитæ айсынц вазæтæ. Хъомылгæнæг æрæвæры æндæр дыууæ вазæйы, вазæтæй иу къоппы бын бакодтой, цæмæй йæм рухс ма кæла.)*
**Хъ.** Цы уынут уæ разы? Скæнут хатдзæгтæ.
**С.** Рухсæй æмбæхст дидинæг бахус, бампылд. Зайæгойты æнæмæнг хъæуы рухс.
**Хъ.** Фæбæрæг кæнут уæ хатдзæгтæ. *(Сабитæ ныв кæнынц кæнæ нысантæй фæбæрæг кæнынц, зæгъæм, хур.)* Тынг хорз. Зæгъут-ма, зайæгойтæм дон кæцæй хæццæ кæны?
**С.** Зæххæй.
**Хъ.** Раст загътат, зæхх ма æндæрхуызон хуыйны «мæр»

*(почва).* Ныр та сбæрæг кæнæм, мæры дон кæй ис, уый, æмæ 3-аг фæлварæн скæнæм. *(Консервы къоппы кæнæ æндæр мигæнæны æрæвæры гыццыл къуыбар æмæ йæ схъарм кæны. Уый фæстæ хъарм мæры сæрмæ авг бадары æмæ йыл хæцы.)* Цы уынут?

**С.** Авг схид ис, фæзындис ыл доны æртæхтæ.

**Хъ.** Кæцæй фæзынд дон? Мæры ис дон. Куы йæ схъарм кодтам, уæд, мæры цы дон ис, уый пары хуызы хæрдмæ ссыди. Пармæ мах авг бадардтам, æмæ та пар фæстæмæ дон фестадис, фæбæрæг æй кæнут фæйнæгыл. *(Сабитæ хатдзæгтæ «фыссынц».)* Мæры уæлдæф ис, куыд уæм кæсы? Сбæрæг æй кæнæм. *(Стъолыл æрæвæры банкæ, банкæйы – иугыццыл дон, арæхстгай дзы нывæры сыджыты къуыбар.)* Цы уынут?

**С.** Мæры фæзындис таппузтæ (пузырьки) æмæ доны мидæг хæрдмæ ссыдысты.

**Хъазт «Хъæды кæнæ дыргъдоны».**

**Хъ.** Ныр та уын æз дзурдзынæн зайæгойты нæмттæ: кæд зайæгой хъæды зайы, уæд-иу уæ къухтæ хæрдмæ сисут, кæд дыргъдоны – уæд та-иу къухтæй иу къæрцц æркæнут.

*Хъомылгæнæджы фæрстытæн сабитæ дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** Тынг хорз, хатдзæг скæнæм нæ ахуыртæн. Цæй кой кодтам абон? Цы фæлварæнтæ æмæ сын хатдзæгтæ скодтам, уыдонмæ гæсгæ цы кæнын хъæуы, цæмæй зайæгой цæра? Адæм та цы хъуамæ кæной, цæмæй зайæгойтæ зайой æмæ фылдæр кæной?

*8 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Цæрæгойты дуне».**

**Темæ: «Баххуыс кæнæм сырддонæн».**

**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр æмæ фидардæр кæнын сабиты

зонындзинæдтæ цæрæгойты дунейы тыххæй.

Ахуыр кæнын сабиты, цæмæй сæ бон уа абарын æмæ хатдзæгтæ скæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард æмæ æнкъарынад.

– Хъомыл сæм кæнын уарзондзинад æмæ аудгæ ахастытæ цæрæгойтæм.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Пурти, алыхуызон 8 гыццыл тæлыйы; мæргъты, сырдты, кæсæгты, сасчыты миниуджыты схемæтæ; цæрæгойты нывтимæ къопп; сырх, кæрдæгхуыз, ирд картонтæ; ныв: булæмæргъ, тæрхъус, арс, уæртджын хæфс, мыдыбындз, рувас.

**Райуаринаг.** Алыхуызон сырдты æмæ цæрæгойты нывтæ *(алы сабийæн дæр иу).*

**Рагагъоммæйы куыст.** Бакæсын «Где обедал воробей». Мæргътæ, сырдтæ кæсæгтæ æмæ сасчыты схемæтимæ хъазт.

## Ахуыры нывæст

**Психогимнастикæ.**

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æз ныртæккæ мæ къухтæй æркъæрцц кæндзынæн, сымах гыццыл цæрæгойтæ фестдзыстут æмæ уыцы цæрæгойты сæ миниуджытæм гæсгæ равдисдзыстут. *(Йæ къухтæ кæрæдзиуыл æрхойы.)* Равдисут хинæйдзаг рувасы, хъæлдзæг хъыбылы, стонг æмæ знæт бирæгъы, хъæбатыр уасæджы, зылынкъах арсы, рувасæй чи алыгъд, уыцы тæрхъусы. Тынг хорз. Ныр та ахъазæм хъазт «Цардæгас æрдз – æдзард æрдз»-æй.

*Сабитæ цæлхдымбылæй æрлæууынц, хъомылгæнæг лæууы астæуæй, сабитæм радыгай æппары пурти æмæ фæзæгъы «цардæгас æрдз», «æнæуд æрдз» кæнæ «æрдз нæу».*

*Сывæллон, пурти фæстæмæ хъомылгæнæгмæ æппаргæйæ, фæзæгъы хъæугæ дзырд.*

**Хъ.** Тынг хорз. *(Хъуысы телефоны дзæнгæрæг. Хъомылгæнæг «дзуры» телефонæй: «О, рæвдауæндон. Кæцæй дзурут? Сырддонæй? Тынг хорз! Æмæ цы хабар у? Тыхсгæ ма кæнут, мах уын сабитимæ баххуыс кæндзыстæм! Хæрзбон!»)* Сывæллæттæ, бамбæрстат, кæцæй дзырдтой, уый?

**С.** Сырддонæй.

**Хъ.** Раст загътат. Æмæ цы у сырддон?

**С.** Сырддон у, алыхуызон сырдтæ кæм цæры, ахæм гыццыл горæт. Уым цæрæгойтæй алкæмæн дæр ис йæхи хæдзар.

**Хъ.** Æмæ сæм чи кæсы, чи сæм зилы уыцы хæдзæртты?

**С.** Сырддоны чи кусы, уыцы адæм. Уыдон бирæ уарзынц сырдты, цæрæгойты æмæ сæм зилынц, хъахъхъæнынц сæ, хæринаг сын раттынц.

**Хъ.** Раст загътат. Сырддоны ма ноджы кусынц ветеринартæ – цæрæгойты чи дзæбæх кæны, ахæм дохтыртæ. Уыдон сæм æппынæдзух сæ хъус дарынц, цæмæй фылдæр кæной, ууыл архайынц. Ныр нæм телефонæй æрбадзырдта сырддоны директор, уый фæнды, цæмæй сын мах баххуыс кæнæм. Чидæр æхсæвы сырддоны къалатиты дуæрттæ байгом кодта, цæрæгойтæ ииуыылдæр сæ хæдзæрттæй рацыдысты æмæ сæмхæццæ сты. Мах та сын хъуамæ баххуыс кæнæм алкæй дæр сæ йæ бынаты сæмбæлын кæнынмæ. Фæнды уæ? Æмæ нæ горæты сырддон кæм ис, уый зонут? Куыд æм хъæуы цæуын?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Раст загътат. Сырддонмæ ацæуæн ис маршруткæйы, трамвайы, фæлæ сын мах хъуамæ æвæстиатæй баххуыс кæнæм, уымæ гæсгæ уæ алчидæр сбаддзæн вертолеты, æмæ атæхдзыстæм сырддонмæ. *(Сабитæ дзуццæджы æрбадынц.)* Вертолеттæ æркуыстой: Р-р-р. Нæхи хæрдмæ

систам… *(Сабитæ слæууынц.)* Æмæ фæтæхæм… *(Сабитæ «тæхынц» хъомылгæнæджы фæстæ къорды уаты астæумæ, «сырддон» арæзт кæм ис, уырдæм. Пъолыл алы рæтты – алыхуызон тæлытæ, цæрæгойты нывтæ – фæйнæрдæм æппæрстытæ.)* Æрцæттæ кæнут уæхи æрбадынмæ, дæлæмæ æруадзут уæхи, ахуыссын кæнут мотортæ. *(Сабитæ дзуццæджы æрбадынц.)* Сывæллæттæ, æркæсут-ма, ам ис цæрæгойты нывтæ, уыдон сты бирæ æмæ сæмхæццæ сты. Мах сæ хъуамæ фæкъордтæ кæнæм. Алы хæдзары (тæлыйы) дæр ис схемæ. Цы хъуамæ уа фыццаг тæлыйы? *(Тæлыйы – схемæ: базыр, бырынкъ…)*

**С.** Цъиутæ.

**Хъ.** Дыккаджы та? *(Схемæ: дзæмбытæ, ссыртæ.)*

**С.** Сырдтæ.

**Хъ.** Æртыккаг тæлыйы та? *(Схемæ: кæсаджы хæрв, ленкгæнæнтæ.)*

**С.** Кæсæгтæ.

**Хъ.** Ацы тæлыйы та? *(Цалдæр лыстæг къахы æмæ гуыбын.)*

**С.** Сасчытæ.

*Райсæн ис æндæр схемæтæ дæр.*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та цæрæгойты къордтыл адих кæнæм. *(Сабитæ цæрæгойты нывтæ тæлытыл байуарынц, хъомылгæнæг сбæрæг кæны хæслæвæрд.)* Тынг хорз. Ныр та æркæсут, мæнæ нæм цы къопп ис, уымæ. Мæнмæ гæсгæ дзы цыдæр змæлы! *(Байгом æй кæны.)* Ой! Ам ма цæрæгойтæ ис ноджыдæр! Æркæсут-ма, цы бирæ сты, уымæ. Цымæ дзы цæугæ та куыд бакодтой! Байхъусут хæслæвæрдмæ. Æппæт цæрæгойтæ дæр цæрынц бæрæг-бæлвырд бынæтты æмæ уавæрты: сæ иутæ доны цæрынц (æрвхуыз тæлы), иннæтæ хъæды цæрынц (кæрдæгхуыз тæлы). Ис ахæмтæ, кæцытæ цæрынц хæхты (фæлурс æрвхуыз тæлы), ис ма ахæмтæ дæр, кæцытæ цæрынц адæймаджы фарсмæ (бур

тæлы). Ахъазæм хъазтæй «Ссар дæ хæдзар».
*Нывтæ – сабиты нымæцмæ гæсгæ. Алы саби дæр райсы ныв æмæ къорды уаты тезгъо кæны. Хъомылгæнæг куы зæгъа: «Ссар дæ хæдзар!», уæд хъуамæ алчидæр йæхи тæлыйы раз æрлæууа (кæнæ та тæлыйы мидæг, кæд тæлы стыр уа, уæд).*
**Хъ.** *(сбæрæг кæны хæслæвæрд).* Тынг хорз. Ныр та уæ нывтимæ мæ размæ хæстæгдæр æрбалæуут. Æрбадут. *(Сабитæ хъомылгæнæджы раз гауызыл æрбадынц.)* Мæ къухы ис хъæбæр гæххæтты 3 сыфы: кæрдæгхуыз, сырх æмæ хъулон. Уыдон сты цæрæгойты «стъолтæ». Алыхуызон цæрæгойтæ хæрынц алыхуызон хæринаг: иутæ зайæгойтæ хæрынц, иннæтæ – цæрæгойты хæрынц, аннæтæ та – зайæгойтæ дæр æмæ цæрæгойты дæр. Зайæгойтæ чи хæры, уыцы цæрæгойтæ куыд хуыйнынц, уый зонут? Уыдон хуыйнынц зайæгхалхор кæнæ халхор (травоядные) цæрæгойтæ. Иннæ цæрæгойты цы цæрæгойтæ хæрынц, уыдон та куыд хуыйнынц?
**С.** Уыдон хуыйнынц «тугдзых» цæрæгойтæ.
**Хъ.** Æмæ, цымæ, зайæгойтæ дæр æмæ цæрæгойты дæр цы цæрæгойтæ хæры, уыдон та куыд хуыйнынц?
**С.** Æппæтхор цæрæгойтæ.
*Кæд сабитæ дзуапп нæ раттой, уæд сын æй хъомылгæнæг ног æрмæджы хуызы амоны.*
**Хъ.** *(гæххæтты сыфтæ кæрæдзимæ дардгомау æрæвæры).* Ныр та байхъусут хæслæвæрдмæ: цæрæгойты «стъолты» уæлхъус равæрут. Тугдзыхты – сырх стъолы раз, халхорты – кæрдæгхуыз стъолты раз, æппæтхор цæрæгойты та – хъулон стъолы раз.
*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*
**Хъ.** Тынг хорз! Зæгъут-ма мын уæдæ, адæймаг æмæ цæрæгойтæм иумæйагæй цы ис?
**С.** Адæм æмæ цæрæгойтæ сты цардæгас, кæнынц фылдæр,

улæфынц, рæзынц, хæрынц, цæстæй уынынц æмæ а. д. Аразынц цæрæн бынæттæ, цин кæнынц, тæрсынц, мæсты кæнынц æмæ а. д.

**Хъ.** Уæдæ æппæт цæрæгойтæм та иумæйагæй цы ис? Æмхуызонæй сæм цы ис?

**С.** Ис сын сæртæ, гуыртæ, къæхтæ æмæ а. д.

**Хъ.** Цæрæгойтæ куыд æмæ цæмæй хъахъхъæнынц сæхи се знæгтæй? Бирæгъ? Гæды? Уæртджынхæфс? Уызын? Калм?

*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*

**Хъ.** Цæмæн хъæуынц адæмы сырддонтæ?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, тынг хорз сарæхстыстут хæслæвæрдимæ, сырддоны кусджытæн баххуыс кодтат. Ныр та иугыццыл сырддоны атезгъо кæнæм. Хæстæгдæр æрбалæуут мæнæ ацы нывы размæ. *(Нывы: астæуæй – сывæллон. Йæ алыварс – калм, цъиу, арс, фыс, мыдыбындз, дзæбидыр.)* Цы уынут нывы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, уæ разы ис цæрæгойты портретты чысыл коллекци. Кæцытæ дзы сты адæймагæн тæссаг, кæцытæ та не сты?

*Сабитæ хатдзæгтæ кæнынц.*

**Хъ.** Ныр та хæстæгдæр æрбалæуут мольбертмæ, æмæ æркæсæм алыхуызон цæрæгойтæм. *(Магнитон фæйнæг кæнæ фланелеграфыл – нывтæ: арс, мыдыбындз, булæмæргъ, уæртджынхæфс, уасæг, фыс æмæ хæрæг.)* Ахъуыды кæнут æмæ дзуапп раттут, афтæ кæй тыххæй зæгъæн ис:

– кусæг… *(мыдыбындз);*
– гуымиры… *(арс);*
– хылычъы… *(уасæг);*
– хивæнд кæнæ оцани… *(фыс кæнæ хæрæг);*
– зараг… *(булæмæргъ).*

*Сабитæ кæронмæ ахæццæ кæнынц хъуыдыйад.*

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр нын фæстæмæ сабидонмæ цæуын афон у. Цæугæ та кæндзыстæм трамвайы, æрлæуут кæрæдзи фæдыл æмæ саразут трамвай.

*(Зæлы хъæлдзæг музыкæ. Хъомылгæнæг, сабитæ йæ фæдыл, афтæмæй «цæуы» æмæ, ахуыры сахат кæм райдыдта, уым æрлæууы.)*

**Хъ.** Тынг хорз. Рахизут уæ вагæттæй. Нæ балцæй уæ зæрдæмæ цы фæцыдис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

*9 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Доны бын дуне».**

**Темæ: «Дæлдондзог науыл балц».**

**Нысантæ:**

– Сабиты зонындзинæдтæ уæрæхдæр æмæ бæлвырддæр кæнын доны бын дунейы цæрджыты тыххæй. Ахуыр сæ кæнын кæсæгты классификаци кæнын.

– Хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинадыл сæ æфтауын.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн. Хъомыл сæм кæнын зонындзинæдтæм цымыдис.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Нывтæ (кæнæ хъазæнтæ): кит, дельфин, акулæ, медузæ, осьминог, кальмар; 2 тæлыйы: æрвхуыз æмæ фæлурс-æрвхуыз.

Доны быны имитаци: фæлурс-морæ хъуымац – змис; донхалтæ; ракушкæтæ, лыстæг дуртæ, денджызы уынæры аудиомузыкæ.

**Райуаринаг.** Нывтæ: кæсаг-хырх, кæсаг-уызын, кæсаг-дзæбуг, денджызы бæх, кæсаг-судзин *(рыба-пила, рыба-æж, рыба-молот, рыба-игла, морской конæк)* æмæ предметты нывтæ: дзæбуг, хырх, бæх, уызын, судзин. Алыхуызон кæсæгты нывтимæ карточкæтæ. Аквариумы

кæсæгты нывтæ: вуалехвостка, гуппи, сызгъæрин кæсаг.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сахуыр кæнын хъазт «Киттæ æмæ дельфинтæ».

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цы у «кæсаг ахсын»?
*(Сабитимæ аныхас кæнын кæсаг ахсыны тыххæй, сбæрæг сын кæнын сæ зонындзинæдтæ.)*
**Психогимнастикæ «Кæсагахст».**
**Хъ.** Уæ цæстытыл ауайын кæнут, цыма сымах стут кæсагахсджытæ æмæ ацыдыстут кæсаг ахсынмæ. Фыццаг уал æркъахæм уаллæттæ, æнгуырыл сæ бакæнæм, доны йæ баппарæм æмæ лæмбынæг кæсæм æнгуырмæ, кæсаг донæй ласæм. *(Сабитæ, цыма кæсаг ахсынц, афтæ архайынц.)* Тынг хорз! Цы бирæ кæсæгтæ æрцахстат! Æркæсут ныр нæ диссаджы экранмæ, хæстæгдæр æрбалæуут. *(Сабитæ фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæууынц, фæйнæгыл – «системон оператор». Йæ бæстастæу – кæсаджы ныв. Сабитимæ равзарын, зæгъæм:*
*– Цы уыдис раздæр? – Еугæф.*
*– Цы дзы рауайдзæн? – Кæсаг, кæсаджы бас, сихор, уат аивгæнæн – аквариум.*
*– Кæм ис бирæ? – Денджызы, фурды, цæугæдоны, аквариумы, дуканийы æмæ а. д.*
*– Цæмæй конд у? – Сæр, гуыр, къæдзил, ленкгæнæнтæ, хæрв.)*
**Хъ.** *(сабитимæ æрныхас кæны, кæсаджы цæмæн хъæуы улæфæнтæ, ленкгæнæнтæ, къæдзил, уыдæтты тыххæй).* Кæсаг зæххыл цæуын базонид? Тæхын та? Цæуылнæ? Фæнды уæ дæлдон паддзахадмæ абалц кæнын? Цæуыл ацæуæм балцы?

*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Хъуамæ ацæуæм дæлдондзог науыл, цæмæй нын мацæмæй тæссаг уа. Нæ нау цæттæ у доны бынмæ ацæуынмæ. Денджызы уылæнтæ йæ узынц. Æртæйы онг банымайдзыстæм æмæ араст уыдзыстæм.
**С.** Иу, дыууæ, æртæ! *(Зæлы аудиомузыкæ – «денджызы уынæр».)*
**Хъ.** Уынæр хъусут? Уый денджыз у.
*Къухтæ, къæхтæ æмæ гуырты змæлдæй сабитæ имитаци кæнынц, науы мидæг доны бынмæ куыд ацæуынц, уый, æмæ æрбадынц гауызыл.*
**Хъ.** Мах доны бынмæ арф нæ ацыдыстæм. Цæмæн дзы у рухс?
**С.** Хуры тынтæ доны бынмæ дæр рухс дæттынц.
**Хъ.** Æмæ дзы цымæ хъарм у?
**С.** О, уымæн æмæ хурмæ дон хъарм кæны.
**Хъ.** Дон алкæддæр хъарм вæййы?
**С.** Нæ вæййы, зымæджы хур тавгæ нæ кæны, æмæ дон дæр вæййы уазал.
**Хъ.** Акæсут рахизæрдæм, æрбаленк кæны цавæрдæр диссаджы егъау цæрæгой, цымæ цы у? *(Фæйнæгыл рахизæрдыгæй æрæвæры киты ныв кæнæ хъазæн кит.)*
**С.** Уый у кит.
**Хъ.** Æвæццæгæн, тынг тæссаг у кит. Нæ нæ бахæрдзæн?
*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*
**Хъ.** Нæ, сабитæ, кит хæры донгæрдæджытæ, кальмартæ, осьминогтæ. *(Æвдисы нывтæ.)*
**Хъ.** Зæгъут-ма, кит кæсаг у?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Нæ, кит кæсаг нæу, уый у доны цæрæг, улæфы рæуджытæй, йæ лæппынты хæссы æхсырæй, ленкгæнæнтæ æмæ къæдзилы руаджы та йæ бон у доны мидæг змæлын, ленк кæнын. Зæгъут-ма, китæн Ирыстоны йæ бон цæрын

бауаид?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Галиуæрдыгæй фæзынд цавæрдæр цæрæгой. Цымæ цы у? *(Æвдисы дельфины ныв кæнæ хъазæн.)*
**С.** Уый у дельфин.
**Хъ.** Дельфин дæр кæсаг нæу, фæлæ цæрæгой. Нæй йын хъусаутæ (жабры). Куыд хъуыды кæнут, цымæ киттæ æмæ дельфинтæ доны бын арф цæуылнæ цæрынц, арæх доны уæлцъармæ цæмæн сленк кæнынц?
**С.** Уымæн æмæ сын улæфæнтæ нæй æмæ  цæмæй уæлдæф сулæфой.
**Хъ.** Æмæ уæд дельфинтæн та сæ бон уаид Ирыстоны цæугæдæтты æмæ цадты цæрын?
**С.** Нæ, уымæн æмæ нæ цæугæдæтты æмæ, цадты дон цæхджын нæу, цæугæдæттæ сты уазал æмæ тагъд, гуылфгæнгæ цæуынц.
**Хъ.** Раст загътат, нæ цæугæдæтты дон у æдзæхх, ахæм дон уырыссагау хуыйны «пресная вода». Уымæ гæсгæ дзы цы кæсæгтæ цæры, уыдон хуыйнынц «пресноводные», ома æдзæхх доны  цæрджытæ. Ныр та иугыццыл аулæфæм.
**Физминуткæ «Киттæ – дельфинтæ».**
**Хъ.** Чызджытæ уыдзысты дельфинтæ, лæппутæ та – киттæ. Кæм цæрут?
**С.** Доны. *(Сæ къухтæ хæрдмæ сисынц, æнгуылдзтæ гуыдыраæвæрд скæнынц æмæ алырдæмты – размæ, фæстæмæ, фæрсæрдæмты – сæ гуыр ратас-батас кæнынц: «ленк кæнынц».)*
**Хъ.** Нæ рæуджыты уæлдæф фæцис, цы бакæндзыстæм?
*(Къухты гуыдыраæвæрд нæ фехалгæйæ, къухтæ дæлæмæ æруадзын æмæ скæнын улæфыны фæлтæрæнтæ – фындзæй сулæфын, дзыхæй раулæфын.)*
**Хъ.** Арф сулæфæм æмæ та фæстæмæ доны бынмæ ацæуæм.

*(Сулæфты фæстæ сабитæ сæ къухтæ гуыдыræвæрдæй уæлæмæ сисынц æмæ алырдæмты сæхи ратас-батас кæнынц.)*

**Хъ.** Дарддæр хæццæ кæнæм нæ балц! Доны бын куыд арфдæр, афтæ талынгдæр у, цæмæн?

**С.** Хуры тынтæ доны бынмæ хорз нæ хæццæ кæнынц, уымæ гæсгæ дзы у талынгдæр æмæ уазалдæр.

**Хъ.** Уæд ай та цы у? *(Акулæйы ныв кæнæ хъазæн æвдисы.)*

**С.** Уый у акулæ.

**Хъ.** Акулæ дæр цæрæгой у?

**С.** Акулæ у кæсаг, уымæн æмæ йын ис хъусаутæ.

**Хъ.** Равдисут, акулæ цы хæры, уый.

*(Сабитæ æвдисынц кæсæгты æмæ æндæр лыстæг доны цæрæгойты нывтæ.)*

**Хъ.** Акулæтæ адæймагæн тынг тæссаг сты.

**С.** Уыдон бахъавынц адæймагмæ, цæмæй йыл сæхи ныццæвой æмæ йæ бахæрой.

**Хъ.** Цæй, уæдæ ацы тæссаг бынатæй тагъддæр аленк кæнæм.

*(Сабитæ, гауызыл тъæпæн бадгæйæ, кæрæдзи фæстæ сæ фазыл размæ бырынц.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, мæн фæнды, цæмæй иугыццыл денджызы бын атезгъо кæнæм. Нæ бон бауыдзæни доны бын улæфын?

**С.** Нæ, уымæн æмæ нын хъусаутæ нæй.

**Хъ.** Цы бакæнын хъæуы уæдæ, цæмæй дæлдондзог науæй рахизæм?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Скæнæм уæдæ водолазты дарæс – аквалангтæ – æмæ атезгъо кæнæм доны бын.

*(Сабитæ хъомылгæнæгимæ сæ уæлæ кæнынц аквалангтæ – имитаци. Къорды уаты, денджызы бын имитациигонд кæм æрцыд, сабиты уырдæм бакæнын: пъолыл – фæлурс-*

*морæ хъуымац тыд, донгæрдæг – гæххæтт кæнæ æрмæгæй арæзт.)*
**Хъ.** Денджызы бын цæмæй æмбæрзт у?
**С.** Змисæй, лыстæг дуртæй, донгæрдæгæй.
**Хъ.** Ис дзы тынг бирæ æнахуыр сырх кæсæгтæ. Æркæсут-ма, ацы кæсæгтæ мын мæ зæрдыл цавæрдæр предметтæ æрлæууын кодтой. Ссарут, ацы кæсæгтæ цæй хуызæн сты, уыцы предметты нывтæ. Куыд схонæн ис ацы кæсæгты?
*(Æмхæццæйæ æвæрд кæсæгты нывтæ: кæсаг-хырх, кæсаг-дзæбуг, кæсаг-судзин, денджызы бæх, денджызы уызын æмæ предметты нывтæ: хырх, дзæбуг, уызын, судзин, бæх. Сабитæ къæйттæй баиу кæнынц нывтæ,стæй кæсæгтæн раттынц нæмттæ.)*
**Хъ.** Тынг хорз, сабитæ. Фæлæ ма нын денджыз æрцæттæ кодта ноджыдæр иу хæслæвæрд. Мæнæ ацы ран ис кæсæгты нывтæ. Алчидæр райсæд ныв æмæ йæ раст æрæвæрæд тæлыйы: æрвхуыз тæлы – денджызон кæсæгты бынат, фæлурс-æрвхуыз тæлы – æдзæхх доны цæрæг кæсæгты бынат.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, æмбарын кæнынц сæ архайд æмæ дзурынц кæсæгты нæмттæ. Гæнæн ис хæслæвæрды размæ æппæт кæсæгты нæмттæ зæгъын; æдзæхх доны цæрæг кæсæгтæй ранымайынн Ирыстоны цæугæдæтты æмæ цадты цæрæг кæсæгты.)*
**Хъ.** Тынг хорз. Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цæмæй уæм уæхимæ кæсæгтæ цæра, уый тыххæй цы хъæуы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æмæ цавæр кæсæгтæ цæрдзæн уæ аквариумты?
*(Сабитæ æвзарынц нывтæ: вуалехвостка, гуппи, сыгъзæрин кæсаг.)*
**Хъ.** Аквариумты цы кæсæгтæ цæры, уыдон куыд хуый-нынц?
**С.** Аквариумон кæсæгтæ.

**Хъ.** Тынг хорз! Уæд мæнæ ай та цы у? *(Медузæты нывæвдисы.)*
**С.** Уыдон медузæтæ сты.
**Хъ.** Цæй хуызæн у медузæ? Ис æм æвналæн?
**С.** Медузæмæ æвналæн нæй, куы йæм бавналæм, уæд нæ медузæ басудздзæн.
**Хъ.** Медузæ тынг æнахуыр цымыдисаг змæлд кæны. Æрбамбырд кæны йæхимæ дон, зонтикк æхгæнæгау йæхи æрбамбырд кæны; уый фæстæ уыциу калд ракæны дон æмæ йæхи размæ фесхойы. Афæлварæм мах дæр медузæйау азмæлын.
**Хъазт-фæлтæрæн «Медузæтæ».**
*(Сабитæн сæ къухтæ фæрсæрдæмты, рæмбыныкъæдзтæ – иучысыл къæдз. Сæ къухтæ æваст бынмæ æруадзынц æмæ сгæпп кæнынц – 3 хатты).*
**Хъ.** Адæм медузæты змæлды хуыз спайда кодтой ракетæ космосмæ æрвитыны куысты. Фæлæ нæ медузæтæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц, æвæццæгæн, тагъд шторм райдайдзæн. Афон нын у фæстæмæ къорды уатмæ аздæхынæн. Уæ бынæттæ ссарут науы.
*(Сабитæ æрбадынц кæрæдзи фæдыл æмæ сындæггай слæууынц – имитаци кæнынц дæлдондзу науы цыд уæлæмæ.)*
**Хъ.** Уыйадыл нæ балц кæронмæ æрхæццæ. Цы базыдтат ногæй? Цы фæцыдис уæ зæрдæмæ? Цы уæм фæкаст зын?

*10 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Æрдз – нæ хæдзар».**
**Темæ: «Хæхтæм балц».**
**Нысантæ:**

– Дарддæр уæрæхдæр кæнын сабиты зондахаст.
Ахуыр сæ кæнын сæ зонындзинæдтæй зын уавæры спайда кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад æмæ фæлгæнæн.

– Хъомыл сæм кæнын æрдз хъахъхъæныны æмæ æрдзыл аудыны æнкъарæнтæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Тæлы, йæ астæу уæлдæфон шар фидаргонд, афтæмæй, кæнæ – стыр тæлы æмæ бæттæн уæлдæфон шар имитаци кæнынæн. Лупæ, 2 колбæйы. Нывтæ: мæра, хуыкком, къутæр, зæхх. Цæрæгойты нывтæ: арс, тæрхъус, æхсæрсæттæг, уаллон æмæ æнд., хъæд æмæ зайæгойтæй кадавар хæхбæсты 2 нывы. Алыхуызон кубиктæ «Пирамидæтæ» аразынæн: зæхх, зайæгойты дуне, цæрæгойты дуне, уæлдæф, адæймаг.

**Райуаринаг.** Гыццыл блокноттæ (кæнæ гæххæтты сыфтæ-планшеттæ, фæлварæнты номыртæ сыл фыст), кърандæстæ кæнæ фломастертæ, дамбаца, кукла, гæппытæгæнæн (скакалка).

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, цавæр зæрдæйы уаг уын ис, уый равдисут. Ныр та равдисут, куыд тыхджын стут, уый. Сивазут уæхи хурмæ. Кæрæдзимæ уæ мидбылты бахудут. Тынг хорз. Хъæбатыр сывæллæттæ стут? Зæрдæхæлар стут? Алцы зонынмæ тырнаг стут? Æрдз уарзут? Фæнды уæ æрдзы тыххæй фылдæр базонын? Тынг хорз уæдæ. Раст ахæмтæ хъуамæ уой æвзонг натуралисттæ.

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сабитæ-натуралисттæ ахуыр кæнынц æрдзы сконд, Дуне. Фæнды уæ, цæмæй натуралисттæ фестат? Æмæ кæдæм у нæ бон ацæуын?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Мæн фæнды, цæмæй абалц кæнæм хæхбæстæм.

Хæхбæсты æрдз кæй ахуыр кæндзыстæм, уымæ гæсгæ нæ сбæрæг кæнын хъæуы, сæйрагдæр чи у, уый – адæймаг æви æрдз – æмæ нæ уый тыххæй бахъæудзæн цавæрдæр ифтонггæрзтæ (оборудование). Цы нæ бахъæудзæн, уый уæхæдæг равзарут.

*Стъолыл – лупæ, блокноттæ, къарандæстæ, колбæтæ, хызын, мел, спичкæтæ, æхсыры авг (кæнæ агуывзæтæ), гæпгæнæн, дамбаца, кукла, машинæ. Сабитæ æвзарынц предметтæ балцы цæуынæн, æмбарын кæнынц сæ архайд. Алчидæр райсы блокнот æмæ фломастертæ, хызыны сæвæрынц колбæтæ, мел æмæ лупæ.*

**Хъ.** *(райсы æхсыр – мыййаг куы бахъæуа).* Цæттæ стæм балцы цæуынмæ. Фæлæ цæугæ та цæуыл акæндзыстæм?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Мæн фæнды уæлдæфон шарыл ацæуын.

*(Сабитæ æрхæцынц тæлыйы кæрæттыл æмæ къорды уаты иу ранæй иннæмæ цæуынц. Къорды уаты – хæххон пейзажы имитаци: нывтæ, нывгонд бæлæстæ, дуртæ, гæххæттæй конд цæугæдон.)* Сывæллæттæ, нæ шар йæхи бæрзонд систа. Æркæсут бынмæ, цы дзы уынут?

**С.** Æз бынæй уынын гуылфгæнгæ цæугæдон. Æз та уынын быдыры хизæг фысты дзуг. Æз та уынын цæргæсы, уый базыртæ не змæлын кæны, афтæмæй тæхы æмæ а. д.

**Хъ.** Афон нын у зæххыл æрбадынæн. Сындæггай нæхи æруадзæм, нæ шар бынмæ æрцыд. Æрбадтыстæм. Рахизут ныр. Акæсут-ма, цы диссаджы рæсугъд у нæ алыварс! Лæмбынæг уæ хъус адарут, цы хъусут? *(Зæлынц дискыл фыст æрдзы хъæлæстæ: цæугæдоны уынæр, цъиуты хъæлæстæ.)*

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** *(сабиты æрбалæууын кæны йæхи æрхъуыдыгонд цæугæдоны размæ: хъуамæ дзы иставæр мигæнæны уа дон æвæрд).* Зæгъут-ма, цавæр у цæугæдон? Фæбæрæг

кæнут уæ блокноты, гуылфгæнгæ кæй цæуы, уый. Цавæр нысанæй йæ фæбæрæг кæндзыстут? Цæмæн? Нoджы ма цавæр у?
**С.** Уазал.
**Хъ.** Фæбæрæг кæнут, цæугæдон уазал кæй у, уый. Цавæр нысанæй йæ фæбæрæг кæндзыстут? Цæмæн у уазал?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Дон æгъуыз кæй у, уый сбæрæг кæнæм. Колбæты *(кæнæ агуывзæты)* ныккæнæм – сæ иуы дон, иннæйы та æхсыр. Фломастертæй гæххæтты сыфыл скæнæм цавæрфæнды ныв. Нывыл уал раздæр æрæвæрæм донимæ колбæ, æркæсæм æм уæлейæ. Ныр та йыл æрæвæрæм æхсыримæ колбæ. Цы раргом кодтат?
*Сабитæ хатдзæгтæ кæнынц.*
**Хъ.** Нæ хатдзæг блокноты фæбæрæг кæнæм: дон у æгъуыз, рæсуг, зæгъæм, сырх фломастерæй ахахх кæнут ставд хахх, ома нæй йын хуыз, рæсуг у).
**Хъ.** Тынг хорз! Зæгъæм, бахæццæ стæм цæугæдонмæ æмæ дзы хид та нæй, уæд цы ми бакæндзыстæм?
*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*
**Хъ.** Хорз, уæдæ дарддæр ацæуæм. Æркæсут-ма, цымæ адон кæй хæдзæрттæ сты? Цымæ дзы цавæр цæрæгойтæ цæры?
*(Сабитæ хæстæг æрбалæууынц  нывты размæ: мæра, хуыкком, зæхх æмæ къутæры нывтæм, цы цæрæгойтæ дзы хъуамæ цæрой, уыдоны нывтæ фидар кæнынц. Цæрæгойты нывтæ сæвзарынц алыхуызон цæрæгойты нывты æхсæнæй.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, ныр та уæм æз дæтдзынæн цæрæгойтæ æмæ мæргъты тыххæй фæрстытæ, сымах та дзуæппытæ хъуамæ ссарат нывты æхсæн.
– *Ацы цæрæгойтæ æмæ мæргътæй мыстытæ чи хæры? (Рувас, уыг.)*
– Бæрзонд хæхты чи цæры? *(Дзæбидыр.)*

– Сырдтæй зымæджы фынæй чи кæны? *(Арс.)*
– Хæхтæй бæрзонддæр чи тæхы? *(Цæргæс.)*
Сывæллæттæ, æрбакæсут ныр та мæнæ ацы дыууæ нывмæ. Цы уынут? Цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ? Хæхбæсты ахæм бæрзонд бæлæстæ цæуылнæ зайы? Цæмæй къæдзæхтыл зайой, уый тыххæй цавæртæ хъуамæ уой бæлæстæ? Цы ма не сбæрæг кодтам хæхбæсты æрдзы тыххæй? Уæдæ дарддæр араст уæм.
*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ бамбæлынц бырæттыл: банкæ, гæххæтт, пластикæ авг, æмæ а. д.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, адон цы сты? Куыд хъуыды кæнут, цымæ сæ чи ныууагъта? Æмæ уый раст у? Алчи йæ фæстæ бырон куы кæна, куынæ æфснайа, уæд æрдз цы уавæры уыдзæн? Уæдæ ахъуыды кæнæм иумæ æрдзы хъæбысы хидарыны æгъдæуттыл.
*(Сабитæ равзарынц карточкæтæ: цы 'мбæлы æмæ цы не 'мбæлы кæнын æрдзы хъæбысы. Не 'мбæлы: бырон кæнын, арт, кæм не 'мбæлы, ахæм ран кæнын, нæ фæстæ бырæттæ уадзын æмæ а. д.)*
**Хъ.** Зæгъут-ма, æнæ спичкæтæй куыд скæнæн ис арт? *(Лупæ æмæ хус къæцæлтæй.)*
**Хъ.** Зæгъæм, хæринаг дæм нæй, фæлæ тынг сæххормаг дæ, уæд та цы кæнгæ у? Сывæллæттæ, нæ райгуырæн зæхх хъуыстгонд у йæ хосгæнæг суадæттæй (целебные источники). Суадæтты дон у сыгъдæг æмæ хæрзад. Цымæ цæмæн? Скæнæм та фæлварæн. Дон мæры мидæг ахизы цалдæр сывæлдæджы (слой) 'хсæнты, ссыгъдæг вæййы æмæ дзы рауайы суадоны дон. *(Пластикæ авг алыг кæны, йæ сæр ын базилы æмæ дзы цъаргай равæры: кæрдæг, саумæр, æлыг, змис, уирагдур. Авгæй сыл æркæны чъизи дон. Сабиты хъус æрдары, дон сыгъдæгæй куыд æркæлы, уымæ. Сабитæ хъуамæ сæхæдæг скæной хатдзæгтæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, нæ балц йæ кæронмæ æрхæццæ æмæ нын

афон у фæстæмæ здæхынæн. Мах нырма бирæ хæттыты цæудзыстæм балцы, цæмæй фылдæр базонæм æмæ фенæм. Фæлæ ма иу фарстæн дзуапп раттут: «Адæймаг æрдзæн йæ паддзах у æви йæ хъæбул?»

*Сабиты хатдзæгтæ.*

**Хъ.** Скæнæм та фæлварæн. Нæ разы ис кубиктæ, кубикты руаджы скæндзыстæм фæлварæн. Зæгъут-ма, цæмæй конд у æрдз? Скæнæм пирамидæ: зæхх, зайæгхалы дуне, цæрæгойты дуне, уæлдæф, адæймаг. Цы ‘рцæуид, зæхх куынæуал уаид, уæд? *(Айсы иу кубик, æмæ пирамидæ æрызгъæлы.)*

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хатдзæг:** байсæфдзысты зайæгойтæ, цæрæгойтæ, адæймаг.

**Хъ.** Зæгъæм, цæрæгойтæ æваст æрбайсæфтысты, уæд цы уаид? *(Айсы кубик – цæрæгойты дуне – æмæ та пирамидæ æрызгъæлы.)*

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хатдзæг:** Цæрæгойтæ æрдзы стыр бынат ахсынц, æнæмæнг хъæуынц.

**Хъ.** Цы ’рцæудзæн, адæймаг зæххыл куы нæ цæра, уæд? *(Айсы та иу кубик – пирамидæ æрызгъæлы.)*. Уæдæ адæймаг кæд æрдзы хъæбул у, уæд хъуамæ цæра æрдзы æгъдæуттæм гæсгæ, знаггад ма хæсса, фæлæ æххуыс кæна æрдзæн.

*(Спайда кæнæн ис алыхуызон кубиктæй: хуызты руаджы æнцондæрæй бамбардзысты сабитæ, æрдз куыд конд у, уый.)*

**Хъ.** Сбадæм уæдæ тагъддæр нæ уæлдæфон шарыл æмæ аздæхæм сабиты рæвдауæндонмæ.

*Сабитæ та æрхæцынц тæлыйыл æмæ, кæцæй рацыдысты балцы, фæстæмæ уыцы бынатмæ бацæуынц. Хъомылгæнæджы ныхасмæ гæсгæ («Æрбадæм!») сындæггай æрбадынц.*

**Хъ.** Уыйадыл нæ балц фæци. Æркæсут ныр уæ блокноттæм,

цал цымыдисаг хатдзæджы скодтам. Уæ зæрдæмæ цы фæцыд тынгдæр? Цы уæм фæкаст зын?

*11 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Æз æмæ буар».**
**Темæ: «Базонæм нæхи».**
**Нысантæ:**

– Сабитæн раттын зонындзинæдтæ адæймаджы уникалон буары (организмы) тыххæй. Буары алыхуызон оргæнты нысаниуæг сын раргом кæнын. Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад. Ахуыр сæ кæнын, цæмæй сæ буар хъахъхъæной æмæ йыл аудой.

– Æнæниз церд кæнын æмæ хи организм базонын сæ куыд фæнда, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Гыццыл æфсæйнаг къори (шарик), хъæды лыггаг (брусок), дæрзæг гæххæтт (наждачка), хъæбæр гæххæтт, судзин, пластелин, фыстхалæн; духийы авг пульверизаторимæ; алыхуызон хъазæнтæ, алыхуызон мелтæ; банкæ донимæ, цæхх, сæкæр, дзул, гæххæтт къухтæсæрфæн, чысыл тæбæгъ, фæткъуыйы хæйттæ алы сывæллонæн дæр.
**Райуаринаг.** Логикон æгъдауæй кæрæдзийы фæдыл равæрынæн карточкæтæ: гаги (хъæбысы сывæллон) – ләппу – лæг æмæ а. д. Нывтæ: къахкъæлæттæ, их, мит, кæсæнцæстытæ, духи, къахдзоныгътæ, батинкæтæ, къухдарæн, кърандас æмæ а. д. Дидактикон хъазт «Дзырдмæ равзар ныв»-æн (кæд ацы хъазтæй хъазой, уæд) спайда кæнын алыхуызон оргæнтыл дзурæг плакаттæй кæнæ чиныгæй – «Нæ буар» («Наше тело»).

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, бакæсут кæрæдзимæ æмæ мидбылты бахудут. Ныр та, куыд уæ фæнды, афтæ фæкъордтæ ут.

*Сабитæ 2–3 хатты фæкъордтæ вæййынц алы дæлкъордтыл. Зæгъæм: лæппутæ æмæ чызджытæ; хæлафджынтæ æмæ, юбкæты чи ис, уыдон; даргъдзыккуджынтæ æмæ къуырддзыккуджынтæ æмæ а. д. Ома, сæхи куыд фæнды, афтæ.*

**Хъ.** Тынг хорз! Æркæсут уæхимæ æмæ зæгъут, кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнут? Цы уæм ис иумæйагæй та?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æцæгæйдæр уæм иумæйагæй бирæ цыдæртæ ис: сæр, 2 къахы, 2 къухы, гуыр. Æмæ сæ иу дзырдæй куыд схондзыстæм?

**С.** Нæ буар.

**Хъ.** Цæй, уæдæ уæ алчидæр йæ буарæн салам раттæд.

**Хъазт «Мæ буар».**

**С.** *(иумæ)*. Æгас цу…

– сæр – æппæтæй уæлдæр *(сæ сæртæ æрсæрфынц)*.

– фындз – æмраст æрцындз *(сæ цæстытæ бацъынд кæнынц æмæ æнгуылдзæй фындзы кæронмæ бавналынц)*.

– рустæ – доны къустæ *(сæрфынц сæ рустæ)*.

– былтæ – къуыбыртæ *(размæ ракæнынц сæ былтæ)*.

– хъустæ – къæрцхъустæ *(сæрфынц сæ хъустæ)*.

– уæхсчытæ – гæпгæнджытæ *(сæ уæхсчытæ дæлæмæ-уæлæмæ кæнынц)*.

– къухтæ – æрмкъухтæ *(къухтæй лæбурыны змæлдтытæ кæнынц)*.

– гуыбын – стыр гуыдын *(сæ гуыбынтæ сæрфынц)*.

– уæрджытæ – хæлуарджытæ *(радыгай сæ уæрджытæ къæдз кæнынц)*.

– къæхтæ – цырд бæхтæ *(сæ къæхтæй тъуппытæ кæнынц).*
**Хъ.** Тынг хорз! Сывæллæттæ, зæгъут-ма, адæймаг та цæрæгойтæй цæмæй хицæн кæны?
**С.** Адæймаг цæуы раст, дыуузæ къахыл, дзуры, худы æмæ хъуыды кæны æмæ а. д.
**Хъ.** Иумæйагæй та сæм цы ис?
**С.** Сæ дыууæтæ дæр  хæрынц, хъусынц, улæфынц, рæзынц æмæ а. д.
**Хъ.** Тынг хорз. Сымах загътат, зæгъгæ, адæм æмæ цæрæгойтæ рæзгæ кæнынц. Уæдæ уын мæнæ ахæм хæслæвæрд: нывтæ-карточкæтæ равæрут ахæм логикон æгъдаумæ гæсгæ: «Фыццаг – цы,  фæстæдæр – цы».
*(Алы сабимæ дæр – 3 карточкæйы. Архайды мидис – карточкæтæ раст равæрын æмæ сæ цæмæн афтæ равæрдтай, уый бамбарын кæнын.*
*Зæгъæм: саби – лæппу – лæг;*
*гыццыл чызг – сылгоймаг – зæронд ус;*
*айк – цъиу – карк.)*
**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут ацы хæслæвæрдимæ. Мах абон нæ буары тыххæй базонджыстæм бирæ цымыдисаг хабæрттæ. Уымæн æмæ адæймаг у æрдзы æппæты диссагдæр хъæбул. Ранымайут адæймаджы  буары сæйраг хæйттæ.
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Адæймаджы  буары сæйрагдæр  хай цавæр у?
*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*
**Хъ.** Адæймаджы сæйрагдæр оргæн у сæры магъз. Уый æнæхъæн буаргъæдыл паддзахиуæг кæны æмæ иннæ буары хæйттæн дæтты бардзырдтæ (приказы). Магъз къухтæн зæгъы…
**С.** Кусын, архайын.
**Хъ.** Къæхтæн…
**С.** Цæуын, згъорын.

**Хъ.** Былтæ æмæ æвзагæн…
**С.** Дзурын, худын, хъæр кæнын, мæстæймарын.
**Хъ.** Хъустæн…
**С.** Хъусын.
**Хъ.** Цæстытæн…
**С.** Кæсын, уынын, ныкъулын.
**Хъ.** Зæрдæйæн…
**С.** Æнкъарын æмæ а. д.
**Хъ.** Адæймаг алцыдæр, куыд æмбæлы, афтæ куы фæкæны, уæд ахæм адæймагæй фæзæгъынц: «Йæ сæры магъз хорз кусы» кæнæ: «Зонджын у». Цавæр адæймаджы фæхонынц зонджын?
**С.** Бирæ чи зоны æмæ алцыдæр раст æмæ хорз чи æххæст кæны, ахæмы.
**Хъ.** Зæгъут-ма, уæдæ предметтæ куыд базонæм æмæ сæ куыд раиртасæм кæрæдзийæ?
**С.** Мах уыцы предметтæм æвналæм, кæсæм сæм, хъусæм сын сæ зæлтæм, сæ ад сын фенæм.
**Хъ.** Тæвд итумæ бавналгæйæ, цы æнкъары адæймаг? *(Рыст.)*
– Æххормаг адæймаг цы æнкъары? *(Стонг.)*
– Куыд раиртасæн ис цæхх æмæ сæкæр? *(Цы ад кæнынц, уымæ гæсгæ.)*
– Адæймаг тæф куыд бамбары? *(Йæ фындзы руаджы.)*
**Хъ.** Гауызмæ æрбахизут æмæ, хуынхæссæн тæбæгъыл цы предметтæ ис, уыдонмæ бавналут. Хъæды лыггаг æмæ æфсæйнаг къори. Цы банкъардтат? *(Къори у уазал, хъæды лыггаг та – хъарм.)* Кæцы сæ уæззаудæр у? Ныр та бавналут пластилинмæ, фыстхалæнмæ æмæ хъæды лыггагмæ. Æрæлхъивут сæ уе ’нгуылдзтæй. Цы банкъардтат? *(Пластилин у фæлмæн, фыстхалæн – хъандзалгонд (упругий), лыггаг та – хъæбæр.)* Ныр та судзинмæ бавналут. Цавæр у? *(Цыргъ.)* Бацъынд кæнут уæ цæстытæ. *(Хъомылгæнæг духи*

*пырх кæны.)* Цы æнкъарут? *(Æхсызгон, зæрдæмæдзæугæ тæф.)* Сывæллæттæ, зæгъут-ма уæдæ, цы æнкъары адæймаг?

**С.** Рухс, мыр, зæл, рыст, стонг, уазал, хъарм æмæ а. д.

**Хъ.** Стъолмæ хæстæгдæр æрбалæуут.

*(Стъолыл – гыццыл ширмæ, ширмæйы фæстæ – дзæнгæрæг, къæркъæргæнаг гæххæтт, дыуугæ къахкъæлæты. Сабитæ æрбадынц стъолы раз. Хъомылгæнæг алыхуызон предметтæм æвналы, æмæ сæ уынæр хъуысы, сабитæ сбæрæг кæнынц зæлтæ.)*

– Цы фехъуыстам? *(Зæлтæ.)*

– Цæмæй хъусæм зæлтæ? *(Хъустæй.)*

– Цæй хуызæн сты хъустæ? *(Сæтæлхъуызджыты хуызæн.)*

– Куыд хъуамæ хъахъхъæнæм нæ хъустæ?

*(Хъустæ нæй лыстæг цыргъ предметтæй къахæн, не ’мбæлы хъæрæй зæлаг музыкæмæ хъусын, хъустæ хъæуы хъарм донæй æхсын, хъæуы сæ уазалæй хъахъхъæнын. Спайда кæнын алыхуызон зæлты аудиофыстæй: дуары хъинц, къæхты хъæр, сыбар-сыбур æмæ а. д.)*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та ног хæслæвæрд. Æнæ къухты æххуысæй райсут фæйнæ хъазæны. Уайы уын? Зын у? Ныр та æрбадут гауызыл æмæ æнæ къæхты æххуысæй афæлварут размæ ацæуын. Зын у?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, къухтæ æмæ къæхтæ сты адæймаджы буары змæлгæ хæйттæ. Цæмæн хъæуынц адæймаджы къухтæ? Къæхтæ? Адæймаджы уæнгтæ кæрæдзиуыл хæцынц нуæртты руаджы. Адæймагæн йæ гуыр алырдæм цæуылнæ рахау-бахау кæны, раст цæй руаджы лæууы? *(Астæуыстæджы, рагъыстæджы руаджы.)* Цæлхдымбылæй кæрæдзийы фæдыл æрлæуут. Ныр та кæрæдзийы фæсонтæ уæлейæ бынмæ æрсæрфут уæ къухтæй. Уе ’нгуылдзты бын цы хатут? Уыцы

къуызыртæ фæндаг у рагъыстæг (позвоночник), æмæ йæ хъæуы хъахъхъæнын цæфтæ æмæ уæззæуттæ хæссынæй. Адæймаджы æнæниздзинадæн хуыздæр цы у – хуыссын, бадын æви змæлын?

*(Алцæмæн дæр ис бæрц, фæлæ змæлын пайдадæр у, уымæн æмæ, змæлгæйæ, адæймаджы зæрдæ, нуæрттæ æмæ сæры магъз хуыздæр кусынц.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, райсут фæйнæ фæткъуыйы хайы æмæ сæ бахæрут. Цы банкъардтат? Куыддæр фæткъуы хæрын райдыдтат, афтæ скуыстой хæринагтайæн оргæнтæ: дæндæгтæ, ласæггаг (пищевод), ахсæн. Ныртæккæ скæндзыстæм эксперимент, æмæ уæхæдæг фендзыстут, ахсæны хæринаг куыд тайы æмæ йæ йæхимæ куыд цъиры. Зæгъæм, мæнæ ацы банкæ – ахсæн, дон – ахсæны дон. Ныр та æркæсут, цы уыдзæн, уымæ. Доны ныккæнæм иу уидыджы дзаг цæхх, уый фæстæ та – сæкæр. Цы æрцыди? Цæхх дæр æмæ сæкæр дæр стадысты, дзулы къæбæр æрфæлмæн.

*Сабитæ хатдзæгтæ кæнынц.*

**Хъ.** Дзырд «цъирын» та цы нысан кæны? Къаннæг тæбæгъы æрæвæрæм гæххæттын салфеткæ. Æркæнæм салфеткæйыл иугыццыл дон. Цы уынæм? Салфеткæ бацъырдта дон. Гъе, афтæ ахсæны фæрстæ сцъирынц æмæ тайын кæнынц хæринаг. Зæгъут-ма, стыр комдзæгтæ цæуылнæ ис ныхъуырæн? Уымæн æмæ уæд хæринаг ахсæны бирæ рæстæг баззайы æмæ уый адæймагæн пайда нæу. Хæргæйæ худæн æмæ дзурæн цæуылнæ ис? *(Ферхæцдзыстæм.)* Цæуылнæ ис бирæ хæрæн?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Ныр та уæ фындзтæ уе 'нгуылдзтæй сæхгæнут. Цы æнкъарут? Цæмæн уын у зын улæфæн? Мах улæфæм ахæм оргæнты руаджы: фындз, дзых, трахейæ, бронхæтæ, рæуджытæ. Сулæфут! Уæлдæф кæдæм бацыд? *(Фындзмæ.)* Уырдыгæй ныххизы хъуырмæ, улæфæнхæтæлмæ,

хъæлхъæлагмæ, уый фæстæ – бронхæтæм æмæ фæстагмæ – рæуджытæм. Адæймаг æнæ уæлдæфæй фæцæрдзæн? Нæ улæфæнтæн зианхæссæг цы у? *(Рыг, тамакойы фæздæг, уазал, сыгъд газы тæф.)* Цæмæн хъæуы хæдзæртты, уæтты уæлдæф сыгъдæг кæнын (проветривать)?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ныр та уæ цæстытæ бацъынд кæнут. Цы уынут? *(Ницы.)* Цъындæй рацæут мæ размæ. Уæ бон у рацæуын? Адæмæн цавæр цæстытæ вæййы?
*(Стыртæ, гыццылтæ, ноджы ма – знæт, зæрдæхæлар, тарст.)* Хуызæй та цавæртæ вæййынц? Нæ цæстытæ нын цы хъахъхъæны? Цæсты тъыфæлттæ æмæ цæстыхаутæ та цы сты?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цæссыгтæ цæстытæ сыгъдæг кæнынц æмæ сæ хус кæнын нæ уадзынц. Уынут, абон нæ организмы тыххæй цы бирæ базыдтам, уый? Сывæллæттæ, цы у «æнæниздзинад» (здоровье)? Цы у низ? Сывæллон рынчын у, уый йæ мад куыд базоны?
*Сабиты дзуæппытæ: сывæллонæн йæ тæвд сбæрзонд вæййы, йæ сæр фæриссы, йæ фындз бырын райдайы, йæ зæрдæ фæхæссы (тошнит) æмæ а. д.*
**Хъ.** Цæмæй æнæниз уа адæймаг, уый тыххæй цы кæнын хъæуы?
*Сабиты дзуæппытæ: организм хъæуы хъахъхъæнын, зианхæссæг æмæ чъизи хойрæгтæ нæ хъæуы хæрын, хи уазалæй хъахъхъæнын хъæуы æмæ а. д.*
**Хъ.** Тынг хорз! Цы базыдтат цымыдисагæй? Алцыдæр бамбæрстат? Мах дарддæр дæр дзурдзыстæм нæ организмы тыххæй, куыд æй хъахъхъæнын хъæуы, уый тыххæй.
*(Кæд ма рæстæг уа, уæд ахъазын хъазт «Дзырдмæ равзар ныв»-æй. Сабитæ нывты хæрхæй æвзарынц дзырдтæм хъæугæ нывтæ: къахкъæлæттæ, их, мит, къахдзоныгътæ,*

*къухдарæн, хъусцæджытæ, духи, кæсæнцæстытæ, чиныг æмæ а.д. Сабитæ дзырдтимæ баст нывтæ æвзарынц. Зæгъæм: къæхтæ – къахдзоныгътæ, къахкъæлæттæ æмæ а. д., къухтæ – къухдарæн, дзæбуг, ручкæ; фындз – духи æмæ а. д.)*

*12 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Фынджы уæлхъус хи дарыны æгъдæуттæ».**
**Темæ: «Уазæгуаты ацæуæм, уазджыты фæхонæм».**
**Нысантæ:**

– Уазджытимæ фынджы уæлхъус бадыны æгъдæуттæ уæрæхдæр æмæ фидардæр кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад æмæ мысæнуат.

– Хæрзæгъдау куыд уой, кæрæдзиимæ æхсызгонæй куыд ныхас кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** «Фысымтæн» – хъазæн æрмæг: стъол, бандæттæ, стъолæмбæрзæн, мигæнæнтæ, хъазæн хойрæгтæ. Сабитыл скæнынмæ – мад, фыд, дада, нана æмæ сывæллæтты дарæс. Фындзыкæлмæрзæнтæ кæнæ адджинæгтæ «уазджытæн» (лæвæрттæ). «Уазджыты бинонтæн» уæлæдарæсы элементтæ, дидинджытæ. Мигæнæнты нывтæ: цайдан, кастрункæ, къофидон, силодкæдон, сæкæрдон, вилкæ, фæрсудзæн, тебæ, дзулдон, нæлхæдон (масленка), агуывзæ, уидыг.

**Райуаринаг.** Æппæт сабитæн дæр – нывтæ: æмбис – дидинæг кæнæ букет, иннæ æмбис – стъол.

**Рагагъоммæйы куыст.** Чуковскийы аргъау «Муха-Цокотуха» бакæсын æмæ йын йæ архайджыты тыххæй аныхас кæнын:

– Ӕрхъуыды кæн, цымæ цы радзурид хæдзар йæ хицæутты тыххæй?
– Дуар сабитæн цы зæгъынмæ хъавыд?
– Дуары хæцæн цы æнкъардта?
**Хъ.** Ныр та ацæуæм уазæгуаты.

*Ахуыр рацаразын дидактикон хъазты хуызы.*

**Хъазт «Бинонтæ».**

**Хъ.** Ӕрбацыдис нæм уазджытæ. *(Йæ хъус дары сабиты архайдмæ, æххуыс сын кæны. Уазджытæ æрбацæуынц, салам раттынц. Ныффидар кæнын салам дæттыны уæздан ныхæстæ. Уазджытæ балæвар кæнынц æфсинæн дидинджытæ, сывæллæттæн та – къафеттæ. Фысымтæ уазджыты стъолы уæлхъус æрбадын кæнынц. Хистæрæн бады хæдзары хицау.)* Сабитæ, ныр уазджытæ се 'ппæт дæр иумæ фæбадынц, фæлæ раджы заманы Ирыстоны нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ иу фынджы уæлхъус никуы бадтысты. Сылгоймæгтæн-иу хицæнæй æрæвæрдтой фынг. Фæсивæд-иу фæкафыдысты æмæ фæзарыдысты. Сывæллæттæ ныртæккæ дæр хистæртимæ иу фынгыл нæ бадынц, уый у худинаг. Уыдонæн æрæвæрынц хицæн фынг. Стъолы уæлхъус дзурыны бар кæмæн ис? Ӕрмæстдæр хистæртæн, уыдон кæсынц фынджы æгъдаумæ, уадзынц сидтытæ. Бинонты кæстæр нæлгоймаг та йæ хъус дары, цæмæй фынг мацы хъуаг æййафа. *(Сабиты зондахасты ныффидар кæнын фынджы уæлхъус хи дарыны æгъдæуттæ: нæй хъæрæй дзурæн, хæргæ-хæрын худæн, рæмбыныкъæдзтæ стъолыл æвæрæн, дæ фарсмæ чи бады, уыдоны хъыгдарæн.)* Вилкæ æмæ кардæй куыд хъæуы архайын?

*(Стъолæй сыстыны размæ хъæуы хистæртæй бар ракурын. Фысымтæ уазджыты куы фæхынцынц, уæд саразынц хъазт, фæкафынц, фæзарынц, фæхъазынц. Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй ныр та ахъазой æндæр хъазтæй*

*«Цавæр мигæнæнты æрæвæрæм хойрæгтæ». Сабитæ зылды æрбадынц, астæуæй – мигæнæнты нывтæ. Сабитæм – алыхуызон мигæнæнты нывтæ: цайдан, кастрункæ, вилкæ, сæкæрдон, цæхдарæн, бырцдон, нæлхæдон, тебæ, къофидон, фæрсудзæн, силодкæдон, дзулдон, агуывзæ, уидыг. Хъомылгæнæг зæгъы хойраджы ном: макъаронтæ, катлеттæ, кæсаг, цай, адджын дон, къофи, цæхх, сæкæр, бырц, лывзæ, дзул, силодкæ, нæлхæ, хъæрмхуыпп.)*
*Сабитæ та ссарынц хъæугæ мигæнæн.*
*Ацы хъазт скæнын æмбæлы æндæр хуызы дæр: алы сывæллонæн дæр раттын карточкæ, карточкæйыл – дыууæ рæнхъæй нывтæ ныхæст:*

макъаронтæ, катлеттæ, цæхх цай, кæсаг; тебæ, дуршлаг, силодкæдон, цайныкк, цæхдарæн.
*Сабитæ фатæгтæй хойрæгты нывтæ мигæнæнты хъæугæ нывтимæ баиу кæнынц.*
*Уый фæстæ «уазджытæ» сæхи цæуынмæ æрцæттæ кæнынц. Æфсинæн раарфæ кæнынц, ахæм хæрзад чъиритæ сын кæй скодта, уый тыххæй. Фысымтæ та уазджытæн зæрдылдарынæн скæнынц чысыл лæвæрттæ, зæгъæм, къухмæрзæнтæ, адджинæгтæ æмæ а. д.*
**Хъ.** Нæ хъазт уæ зæрдæмæ фæцыдис? Тынгдæр цы фæцыд уæ зæрдæмæ? Цы дзы нæ бамбæрстат?

## Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, уазæгуаты цæуын уарзут? Уазджытæ фæхонын та? Цæмæй уазæгуаты ацæуæм, уый тыххæй уал нæ хъуамæ фысымтæ фæхоной. Мах хъуамæ базонæм, уазджытæ куыд фæхонын хъæуы, уый. Æрбадут бандæттыл *(бандæттæ – зылды æвæрд. Хъомылгæнæг – æнæ бандонæй.)*
**Хъ.** *Æз* уал фыццаг сымахæй искæй фæхондзынæн

уазæгуаты, сымах та лæмбынæг кæсут æмæ хъусут. *(Сабитæй кæй ном зæгъы, уый астæумæ рацæуы – хъомылгæнæг ын йæ бынаты сбады. Афтæ сабитæ радыгай кæрæдзийы уазæгуаты фæхонынц. Хуынды варианттæ: æхсызгон мын уыдзæн дæ уынд; æрбацу-иу мæм нæхимæ, æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн; мæ хæдзары дуар дын кæдфæнды дæр у гом; тынг æхсызгонæй дæ хонын æмæ а. д.)*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та ахъазæм уазджытæ æмæ фысымтæй. Фæлæ хъуамæ дыууæ къордыл адих уæм. Ныртæккæ сымахæй алчидæр райсдзæн карточкæ: дидинæг чи райса, уый ацæудзæн уазæгуаты, стъолы ныв чи райса, уый та уыдзæн фысымтæй. Дыууæ къордыл адих стæм, фæлæ, куыд хъаздзыстæм, ууыл аныхас кæнæм. Цæмæй уазджытæ æнкъард ма кæной æмæ сæ зæрдæмæ фæцæуа уазæгуаты, уый тыххæй цы бакæнын хъæуы?

**С.** Æнæмæнг хъæуы фынг æрæвæрын, скæнын алыхуызон хæринæгтæ, бацæттæ кæнын хъазтизæр.

**Хъ.** Уазджытæ та куыд хъуамæ бацæттæ кæной сæхи?

**С.** Скæной рæсугъд, аив уæлæдарæс, афоныл æрбацæуой, сæ бон у æрбахæссын дидинджыты баст.

**Хъ.** Сывæллæттæ, Ирыстоны рагæй дæр ис ахæм æгъдау: сывæллонджын хæдзармæ уазæг афтидкъухæй не ’рбацæуы, йемæ æрбахæссы сывæллæттæн адджинæгтæ, æмæ уæ уый ма ферох уæд. Фысымтæм дæр ис сæхи æгъдау: уазджытæ хæдзармæ фыццаг хатт куы ’рбацæуынц, уæд сын фысымтæ скæнынц чысыл лæвæрттæ. Æмæ цавæр лæвæрттæ скæнæн ис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Ныр цæттæ стæм хъазынмæ. Ма уæ ферох уæд: фысымтæ уазджыты гауызыл суазæг кæндзысты, ома уый уыдзæн сæ хæдзар. Уыцы ран ис, цыдæриддæр уæ бахъæудзæн, уый: хæдзары дзаумæттæ, мигæнæнтæ,

«хæринæгтæ», алыхуызон предметтæ – «лæвæрттæ». Сабитæ-фысымтæ, сымах хъуамæ хæларæй архайат. Сымах уыдзыстут бинонтæ: мад, фыд, нана, дада, чызг, фырт, фыды хо, фыды æфсымæр. Рольтæ уæхæдæг байуарут *(кæд сабитæн сæхи бон нæ бауа, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны)*, уæ рольтæм гæсгæ уæхæдæг уæлæдарæс равзардзыстут уæхицæн. Сабитæ-уазджытæ, сымах дæр уыдзыстут бинонтæ. Стъолмæ хæстæгдæр æрбалæууут, цыдæриддæр уæ бахъæудзæн, уый райсут, цæмæй сымахæй дæр «рауайа» мад, фыд, нана, дада æмæ а. д. Ныр та, уæ хорзæхæй, – хъазт райдыдта!

*(Сабитæ сæхи цæттæ кæнынц уазæгуаты цæуынмæ æмæ уазджытæ фæхонынмæ, хъомылгæнæг йæ хъус дары æмæ фæрстыты руаджы æххуыс кæны сабитæн. Цалынмæ «фысымтæ» сæхи цæттæ кæной, уæдмæ хъомылгæнæг «уазджытимæ» хъазы хъазт «Æрхъуыды кæн»-æй.)*

*13 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Хæрзад æмæ пайда хæринаг».**
**Темæ: «Цы у пайда æмæ хæрзад?»**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ хойрæгты тыххæй, куыд алыхуызон æмæ пайда сты адæймаджы царды.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, фæлгæнæн. Хойрæгтæ организмæн куыд ахъаз сты, уый цæмæй хатой æмæ се ’нæниздзинадыл аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Хойрæгты, дыргъты æмæ халсарты нывтæ; чипсыты, пепси колайы, сухариты, чъиуты (жевательная резинка) нывтæ; 2 тæлыйы – сырх æмæ кæрдæгхуыз;

системон операторимæ фæйнæг.
**Райуаринаг.** Хъазт «Цы у уæлдай»-æн карточкæтæ, кърандæстæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ æрцæттæ кæнын цавæрфæнды салат.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц. Æрымысгæ предметтимæ архайд æвдисынц.*
**Психогимнастикæ.**
**Хъ.** Сывæллæттæ, чи уарзы хæрзад хæринаг? Хæринаг скæнын та уæ чи зоны? Равдисут-ма, хъæдындз кæнæ картоф куыд фæсыгъдæг кæнут, уый; куыд скæнут цай æмæ дзы сæкæр куыд сызмæнтут, куыд æрлыг кæнут дзул, къалбас; бутерброд куыд скæнут æмæ йæ куыд ныххæмц кæнут, уый. Бутербродæн йæ ад уæ зæрдæмæ куыд фæцыд, уый дæр равдисут. Тынг хорз! Куыд хъуыды кæнут, цымæ абон цæуыл дзурдзыстæм?
**С.** Хæринаг æмæ хойрæгты тыххæй.
*(Гауызыл кæнæ стъолыл – хойрæгты, дыргъты, халсарты æмæ а. д. нывтæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æркæсут мæнæ ацы нывтæм, фæкъордтæ сæ кæнут æмæ зæгъут, цавæр къордтæ сты, уый.
*(Сабиты æрхæстæг кæнын æмæ сын бамбарын кæнын ахæм хæрхытæ: æхсыры хойрæгтæ, дзидзайы хойрæгтæ, дзуллагæй конд хойрæгтæ, адджинæгтæ. Хъомылгæнæг йæ хъус дары æмæ, фæрстыты руаджы цы къордтæ скодтой, уыдон сбæлвырд кæнынц:*
*– Цæмæн фæзæгъынц халсары хæринаг?*
*– Халсартæй цавæр хæринæгтæ скæнæн ис?*
*– Дыргътæ куыдæй хæргæ сты?*
*– Дзулладжы хойрæгтæ цæмæй скæнынц?*

*– Цæмæй æрыссынц ссад? (Мæнæу, хъæбæрхор, сысджы, пырындз, нартхор æмæ а. д.)*
*– Кас цæмæй сфыцынц?*
*– Сауфагæйы (гречка) кърупайæ конд кас куыд хуыйны? Мæнæуы кърупайæ? Пырындзæй? Сысджыйы кърупайæ?*
*– Æхсыры хойрæгтæ афтæ цæмæн хуыйнынц?*
*– Кæсаджы хойрæгтæм цы хауы æмæ сæ цæмæн хонынц афтæ?*
*– Кæцытæ сты дзидзайы хойрæгтæ æмæ сæ цæмæн хонынц афтæ?*
*– Цавæр хойрæгтæ ис ныссæлын кæнæн?*
*– Уазалгæнæны æнæмæнг цавæр хойрæгтæ æвæрын хъæуы?*
*– Чи алæууыди, ахæм хойраг куы бахæрай, уæд цы уыдзæн?*)
**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут ацы хæслæвæрдмæ. Ныр та уын ахæм фарст: «Цæмæн хъæуы адæймаджы хæринаг?»
*(Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.)*
**Хъ.** Æнæниз хойраг та цавæр у, куыд хъуыды кæнут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та байхъусут иннæ хæслæвæрдмæ. Мæнæ ацы дыууæ тæлымæ æрæмбырд кæнын хъæуы хойрæгты нывтæ. Сырх тæлымæ – зианхæссæг хойрæгтæ (вредные), кæрдæгхуыз тæлымæ та – пайдайаг хойрæгтæ.
*(Сабитæ æхсæст кæнынц хæслæвæрд. Карточкæтæй уæлдай ма æрæвæрын чипсыты, кока-колайы, чупа-чупсы, цæхджын сухариты нывтæ. Хъомылгæнæг сабитимæ æрныхас кæны, ацы хойрæгтæ нын зианхæссæг цæмæн сты, ууыл.)*
**Хъ.** Бирæ хæрын пайда у? Адæймаг æгæр бирæ куы бахæра, уæд цы уыдзæн? Æмæ æппын куынæуал хæра, уæд та цы уыдзæн?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ацы хæслæвæрдмæ дæр та сарæхстыстут! Ныр та фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæуут, фæйнæгыл – си-

стемон оператор. Системон операторы руаджы ма иу хатт хойрæгтæм æркæсæм. Цы уынæм фæйнæгыл?
*(Фæйнæгыл − хойрæгты нывтæ. Зæгъæм: кæсаг, джитъри, æхсыр.)*
**Хъ.** *(сабиты хъуыды фæрстыты руаджы таблицæмæ здахы).* Кæм уæй кæнынц хойрæгтæ? Дуканийы цавæр хайæдтæ ис?
*Сабиты дзуæппытæ: дзидзайы, кæсаджы, адджинæгты, дзулы, æхсыры.*
**Хъ.** Ирыстоны уазджыты куыд сбуц кæнынц? Цавæр ирон хæринæгтæ зонут? Уæ мадæлтæ уын цавæр хæринæгтæ скæнынц?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, мах зонæм, нæ алыварс цыдæриддæр уынæм, ома дуне æнæхъæнæй дæр конд у «гыццыл адæймæгтæй» (маленькие человечки). Нæ хойрæгтæ дæр уыдонæй арæзт сты. Нæ зæрдыл-ма сæ æрлæууын кæнæм. *(Хъомылгæнæг сабитæн æххуыс кæны, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной «гыццыл адæймæгтæ» куыд хуыйнынц æмæ цавæр уавæры вæййынц, уый – донгъуыз, газхуыз, хъæбæр.)* Ныр та хъазгæ акæнæм. Æз дзурдзынæн хойраджы ном, сымах та фестдзыстут «гыццыл адæймæгтæ» æмæ хойраг æвдисдзыстут. Цæттæ стут? Сæкæр, æхсыр, цай; апельсин; пырындзы кас, хъæдур, фыдджын.
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та райсут фæйнæ карточкæйы æмæ кърандасæй, нывтæй уæлдай кæцы у, уый фæбæрæг кæнут. Уæ архайд бамбарын кæнут.
*(Алы сабийæн дæр – карточкæ, зæгъæм:*
*– цыхт, къæпы, æхсыр, печени;*
*– къалбас, дзидза, æхсырысæртæ, катлет;*
*– дзул, гуыл, кас, лауыз;*
*– хъæдындз, пъæмидор, къафетт, хъонтхора æмæ а. д.*
*Карточкæтæ фæлхат кæнæн ис.)*

**Хъ.** Тынг хорз! Абон цæуыл дзырдтам? Цы базыдтат ногæй? Æз уын ратдзынæн хæдзармæ куыст. Сымах ныр зонут, цавæртæ вæййынц хойрæгтæ æмæ сæ алыхуызон хæринæгтæ скæнæн кæй ис. Цавæр хæринæгтæ? Абон уæхимæ куы ацæуат, уæд æрхъуыды кæндзыстут ног рецепттæ æмæ сæ сныв кæндзыстут. Уæ мадæлтæ уын ахуыс кæндзысты. Райсом уæ нывтæ æрбахæсдзыстут æмæ базондзыстут кæрæдзийы рецепттæ.

*14 ахуыр*

**Темæ: Зымæг.**
**Темæ: «Зымæгон хъæдмæ балц».**
**Нысантæ:**

– Ныффидар кæнын æмæ уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ зымæджы бæрджыты, миты миниуджыты тыххæй.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ хъуыдытæ раст дзурын æмæ бæлвырд кæнын куыд зоной.

– Æрдззонынадмæ цымыдис куыд кæной, æрдзмæ аудгæ цæстæй куыд кæсой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Диаграммæ «Афæдзы афонтæ»; алыхуызон нывтæ, се ’хсæн – зымæгимæ баст нывтæ дæр; гæххæтты сыф – системон оператор, йæ астæуæй ныв – митын лæг; зымæгон хъæды имитаци; ныв «Зымæг хъæды»; «Диссаджы кулдуар» – алыхуызон æрттивæгтæй аивгонд къæлæт *(дуга)*.
**Райуаринаг.** «Адæймæгтимæ» къонверттæ: донгъуыз, газхуыз, хъæбæр.

**Рагагъоммæйы куыст.** Тезгъойы рæстæг кæнæ йæ фæстæ сабитимæ скæнæн ис фæлварæнтæ:

1) Миты скъахын ахæм арф дзыхъхъ, цæмæй дзы уынджы температурæ барæн термометр бацæуа. Термометр митæй бамбæрзын æмæ йæ гыццыл белæй ралæгъз кæнын. Сахаты 'рдæджы фæстæ сисын термометр æмæ йыл тагъд-тагъд фломастерæй фæнысан кæнын температурæ. Уый фæстæ термометр æрцауындзын бæласы къалиуыл. Цалдæр минуты фæстæ æркæсын термометры бæрæггæнæнмæ.

**Нысан.** Температурæ миты бын хъармдæр у æви миты сæр, уый абарын.

**Хатдзæг.** Мит зайæгойты хъызт æмæ уазалæй хъахъхъæны, кæрцау сæ æрæмбæрзы.

2) Урс уæлæнгай тæбæгъы иугыццыл ногуард мит сисын. Æрæмбæрзын тæбæгъ æмæ йæ уаты, цæмæй тагъддæр атайа, уый тыххæй тæвд доны кружкæйыл æрæвæрын. Цы æрцыдис?

**Нысан.** Мит, куыд зыны, ахæм урс кæй нæу, уый сбæлвырд кæнын.

**Хатдзæг.** Тæбæгъы бын змæст, чъизи доны фæз, тæбæгъы былтыл дæр чъизи фæз. Уый ууыл дзурæг у, æмæ мит у чъизи; миты тъыфылтæ цалынмæ зæхмæ хæццæ кодтой, уæдмæ сæг æмæ рыгæй байдзаг сты. Уымæ гæсгæ мит хæрæн нæй.

3) Райсын дыууæ æмхуызон формæйы. Сæ иуы ныккæнын хæмпус мит. Иннæ формæ дзаг кæнгæйæ-иу мит алы кондæн дæр æрнæмын, цæмæй дзы фылдæр мит бацæуа. Къухтæ размæ ракæнын æмæ формæтæ армытъæпæнтыл æрæвæрын. Кæцы сæ уæззаудæр у? Бахæссын формæтæ мидæмæ хъарммæ. Мит тагъддæр кæцы формæйы атадис? Кæцы формæйы разындис фылдæр дон?

4) Лупæйæ æркæсын митмæ. Хуыздæр уаид, ацы фæлварæн, мит куы уара, уæд скæнын. Алы миты тъыфылмæ дæр

æркæсæн ис хицæнæй, фенæн ис, кæй сты алыхуызон, фæлæ тынг рæсугъд.

### Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*

**Хъ.** Сабитæ, базонут мæнæ ацы уыци-уыци, цавæр афæдзы афоны тыххæй у?

Æртахтис нæм æртæ бæхы,
Æртæ урс-урсид дугъоны.
Бæстырæсугъд уым дзоныгъы –
Йæ урсцъар цæсгом ферттивы.
Йæ къухауузонæй акæсы,
Æвзистæй дуне бамбæрзы.

**С.** Ацы уыци-уыци у зымæджы тыххæй.
**Хъ.** Æмæ нæм цавæр æртæ дугъоны æртахт?
**С.** Уыдон сты зымæджы мæйтæ: декабрь, январь æмæ февраль *(Цыппурсы мæй, тъæнджы мæй æмæ æртхъирæны мæй).*
**Хъ.** Тынг хорз! Æмæ уыцы афæдзы афон уарзут? Ныр та равдисæм нæ зæрдæйы уаг зымæджы алыхуызон рæстæг. Цæттæ стут? Фыццаг ногуард митыл цин кæнæм; зымæгон хъызт бон уазал адæймаджы уæнгты иннæрдæм хизы æмæ ихæнæй баргъæвстыстæм; зымæгон хурмæ кæсгæйæ нæ армытъæпæнтæ хъарм кæнæм, нæ фындзы къоппатæ суазал сты. *(Сабитæ алыхуызон архайд имитаци кæнынц, æвдисынц.)* Тынг хорз! Сывæллæттæ, зæгъут-ма, æмæ зымæг хорз у æви æвзæр?
**Хъазт «Хорз – æвзæр».**
*(Сабитæ раздæр, хорз цы у, уый ранымайынц, уый фæстæ та, æвзæр цы у, уый. Сабиты адих кæнæн ис 2 къордыл: сæ иутæ, зымæг «æвзæр» кæй у, уый бæлвырд кæнынц; иннæтæ та – «хорз» кæй у, уый.)*

**Хъ.** Куыд уынут, афтæмæй зымæгмæ ис хорз миниуджытæ дæр æмæ æвзæртæ дæр. Цымæ сæ фылдæр та кæцытæ сты? Цæй æмæ йæ сбæрæг кæнæм. Иу хатт-ма сбæлвырд кæнæм, зымæг цы у, уый. Æркæсут нæ афæдзы афонты зиллакмæ æмæ хæслæвæрдмæ байхъусут: æппæт нывтæй сæвзарын хъæуы, зымæгмæ кæцытæ хауынц, уыдон.
*(Сабитæ зымæгон тематикæйы нывтæ æвзарынц. Зæгъæм, миты тъыфыл, дзоныгъ, ихындзæг, митын лæг, Митын Дада, кæрц, худ, къахкъæлæттæ æмæ а. д. Хъомылгæнæг йæ цæст дары сабиты архайдмæ. Йæ бон у, зæгъæм, ахæм фæрстытæ раттын: сæрдыгон та къахдзоныгътыл кæм фæхъазынц; ихындзæг ма кæд ис фенæн?)*
**Хъ.** Тынг хорз сæххæст кодтат ацы хæслæвæрд, ныр та араст уыдзыстæм зымæгон хъæдмæ æмæ сбæрæг кæнæм, зымæг цы у, уый. Æмæ нæ уæлæ та цавæр дарæс скæндзыстæм? Сымах дзурдзыстут зымæгон дарæсы нæмттæ æмæ, уæлæ куыд кæнгæ сты, уый æвдисдзыстут.
*(Сабитæ ранымайынц зымæгон дарæс æмæ йæ сæ уæлæ кæныны архайд имитаци кæнынц.)*
**Хъ.** Нæ уæлæ хъарм дарæс скодтам æмæ ныр иумæ къахкъæлæттыл араст уыдзыстæм *(рог музыкæ кæнæ дискыл фыст «Хъæды зæлтæ»: миты хъыррыст-хъыррыст. Сабитæ хъомылгæнæджы фæстæ «æрбахæццæ» вæййынц зымæгон хъæдмæ. Къорды уаты иу хай – «зымæгон хъæд» арæзт: «митæй» æмбæрзт бæлас, «миты хъæпæн», ныв «Зымæг хъæды».)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, мæнæ æрбахæццæ стæм диссаджы зымæгон хъæдмæ. Фæззæджы мах ацы хъæды уыдыстæм? Цавæр ивддзинæдтæ дзы æрцыдис, уыдон ранымайут.
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Зæгъут-ма, зымæджы къæвда нæ, фæлæ мит цæмæн фæуары?
*(Хъомылгæнæг сабиты æрхæстæг кæны ахæм дзуапмæ:*

*зымæджы, тынг уазал куы вæййы, уæд доны æртæхтæ мигъты ’хсæн ныссæлынц æмæ сæ миты тъыфылтæ рауайы. Цавæртæ вæййынц?)*
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æнæдымгæ бон миты тъыфылтæ арвæй дæлæмæ иугай сабыргай хауынц. Цавæртæ вæййынц, цæй хуызæн сæ схонæн ис?
**С.** Ставдгомау, æрттивæгтæ, стъалыты хуызæн.
**Хъ.** Тынг хъызт бон куы вæййы, уæд мит вæййы кърупайы хуызæн, лæхурæг. Æмæ цымæ ахæм хъызт бон митыл куы фæцæуæм, уæд хъыс-хъыс цæмæн фæкæны?
**С.** Миты тъыфылтæ фæсæттынц æмæ сæ хъыррыст ссæуы.
**Хъ.** Цавæр хъæзтытæй фæхъазут зымæджы?
**С.** Хоккейæ фæхъазæм; дзоныгътыл, къахдзоныгътыл æмæ къахкъæлæттыл фæбырæм; митын лæг саразæм.
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та уæдæ митын лæгмæ нæ диссаджы системон операторыл æркæсæм.
Кæм ыл æмбæлæм? *(Кæртыты, паркты; дуканиты – вæййы хъазæн Митын лæгтæ.)* Цы уыдис раздæр? *(Миты гæлæбу, мит, миты къуыбар.)* Цы дзы рауайдзæн? Доны кул, миты къуыбар Цæмæй арæзт у? *(Алыхуызон миты къуыбæрттæй. Йæ сæрыл − ведра, йæ хъуырыл − хъуырбæттæн.)*
*(Системон оператор æнæхъæнæй дæр равæрæн ис нывтæй, кæнæ та астæуæй æрæвæрæн ныв, иннæ фæрстытæн та дзургæйæ дзуапп раттын. Митын лæджы нывы бæсты равзарæн ис, зæгъæм, мит.)*
**Хъ.** Тынг хорз. Хур куы æрæндава, уæд мит цы фæуыдзæн?
**С.** Атайдзæн.
**Хъ**. Цы фæкæны мит?
**С.** Мит фæуары, зилдух кæны, тайы, тæхы, æрттивы, хауы, хъыс-хъыс кæны, æрæмбæрзы.
**Хъ.** Тайгæ ма цы фæкæны?

**С.** Сæлдæг, их.
**Хъ.** Уæд тæхгæ та цыма фæкæны?
**С.** Хæдтæхæг, вертолет, планер, парашют.
**Хъ.** Æрттивгæ та цы фæкæны?
**С.** Фæрдгуытæ, фейерверк, къаба.
**Хъ.** Ныр та нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, мит цы хъæлдзæг «адæймæгтæй» арæзт у, уыдоны.

*(Сабитæ равзарынц донгъуыз, газхуыз æмæ хъæбæр адæймæгты модельтимæ къонверттæ.)*

**Хъ.** Æз дзурдзынæн хæслæвæрд, сымах та сæ равæрдзыстут. Равæрут: миты гæлæбу *(равæрынц хъæбæр «адæймæгтæ»;* хур æрæндæвта æмæ… *(равæрынц донгъуыз «адæймæгтæ»;* хур тынгдæр æндавын райдыдта æмæ фæзындысты, цавæр адæймæгтæ? *(Равæрынц хъæддых «адæймæгтæ».)*

*(Ацы хæслæвæрд скæнæн ис физминуткæйы хуызы дæр. Фæлæ уæд райуаринаг æрмæг нæ хъæуы, сабитæ удгоймæгтæ сæхæдæг æвдисынц.)*

**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут. Ныр та æрбакæсут зымæгон хъæды нывмæ.

*(Нывы цы æвдыст цæуы, уымæ гæсгæ раттын фæрстытæ.)*

Ахъуыды кæнут æмæ зæгъут:
– Цавæр фынтæ уыны зымæгон наз бæлас?
– Зымæгон бон бæрз бæлас цæуыл хъуыды кæны?
– Хæдзары сæрæй ихындзæг æрзæбул, уый нын цы зæгъынмæ хъавы?
– Цæуыл сусу-бусу кæнынц зымæгон бон бæлæстæ?
– Миты бын цы бæласы къуындзих ис, уый цæуыл хъуыды кæны?

*(Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.)*

**Хъ.** Тынг хорз! Куыд хъуыды кæнут, цымæ бæлæстæ зымæгон дæр рæзынц?
**С.** Нæ рæзынц. Цæмæй рæзой, уый тыххæй сæ хъæуы хуры хъарм.

**Хъ.** Цавæр бæлас вæййы зымæг сæйрагдæр æмæ цæмæн?
**С.** Наз бæлас, уымæн æмæ йæ Ногбонмæ саразæм.
**Хъ.** Æмæ Ногбоны та цы вæййы?
**С.** Адæм бæрæгбон скæнынц, сæхи саразынц. Æрбацæуы Митын Дада æмæ æппæт сабитæн дæр лæвæрттæ ратты.
**Хъ.** Æмæ Митын Дада кæм цæры цымæ?
**С.** Хъæды, цæгаты (на севере) æмæ а. д.
**Хъ.** Цавæр хæдзары цæры?
**С.** Митæй конд; ихæй арæзт; хъæдын, фæлæ уазал хæдзары (æмæ а. д.).
**Хъ.** Æмæ, цымæ, йæ хуыссæнтæ та цавæртæ сты, сымах хуыссæнты хуызæн æви æндæртæ?
**С.** Митæй, ихæй, миты гæлæбутæй (æмæ а. д.).
**Хъ.** Митын Дада хæргæ та цы фæкæны?
**С.** Мит, сæлдæг, ихындзæг, ихтæ (æмæ а. д.).
**Хъ.** Сымахæн дæр сæ уæ бон у хæрын?
**С.** Нæгъ, уымæн æмæ уайтагъд фæрынчын уыдзыстæм.
**Хъ.** Тынг хорз! Тынг зонджын æмæ арæхстджын стут. Æмæ уæдæ зымæг хорз у æви æвзæр?
*(Сабитæй иутæ зæгъдзысты «хорз», иннæтæ та – «æвзæр», фæлæ сæ фылдæр тынг бирæ уарзынц зымæг, уымæн æмæ зымæгон алцыдæр у рæсугъд, хъæлдзæг, дуне йæ хуыз аивы æмæ а. д.)*
**Хъ.** Тынг хорз. Фæлæ нæ балц кæронмæ æрхæццæ æмæ цæмæй фæстæмæ station аздæхæм, уый тыххæй нæ хъæуы «дисса-джы кулдуар»-ыл ахизын. Дуар та ахæм у, æмæ ауадздзæнис æрмæст уыдоны, зымæгон дзырдтæ чи зæгъа.
*Сабитæ дзурынц зымæгон дзырдтæ (мит, къахдзоныгътæ, ногбон, митын лæг æмæ æ. д.) æмæ ахизынц кулдуарыл.)*
**Хъ.** Нæ балцæй æрыздæхтыстæм. Уе ’ппæт дæр тынг хорз архайдтат! Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис? Цы нæ бамбæрстат æмæ уæм зын цы фæкаст?

**Иумæйаг темæ: «Зымæг».**
**Темæ: «Не ’ххуысы хай – зымæгон хъæдæн».**
**Нысантæ:**

– Сабиты зонындзинæдтæ зымæгон царды тыххæй, хъæддаг сырдты тыххæй æмæ Цæгат Ирыстоны цы цæрæгойтæ цæры, уыдоны тыххæй фæуæрæхдæр кæнын æмæ ныффидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, ахуыр сæ кæнын хи хъуыдытæ раст дзурын æмæ хатдзæгтæ кæнын.

– Æрдзмæ аудгæ цæстæй куыд кæсой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Зиллакк «Алфамбылай дуне» æнæ нывтæй, æрмæстдæр ыл ис къух нывгонд; «къухæйконд» æмæ «æнæкъухæйконд» дунейы нывтæ; къорды уаты иу хайы «зымæгон хъæд» арæзт; цъиуты нывтæ æрцауындзынмæ фланелеграф; алыхуызон хъазæн цæрæгойтæ, цъиутæ (нывтæ).
**Райуаринаг.** Алыхуызон хойрæгты кæнæ цæрæгойтæн хæрынæн бæзгæ холладжы нывтæ: къабуска, уырыдзы, дзидза, дзул, нартхор, хос (сено), цъуй, наз бæласы къалиутæ, æнгузтæ кæнæ æхсæртæ, цыхт, гыркъотæ æмæ а. д.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сахуыр кæнын психогимнастикæ «Æгас цæут».

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, кæрæдзийæн салам раттæм.
**С.** Æгас цæут!

**Хъ.** Ныр та алчидӕр йӕхицӕн раттӕд салам.

**С.** Ӕгас цӕут, мӕ къухтӕ – къӕрцц-къӕрцц-къӕрцц,
Ӕгас цӕут, мӕ рустӕ – цъыкк-цъыкк-цъыкк,
Ӕгас цӕут, мӕ былтӕ – сыпп-сыпп-сыпп.
Ӕгас цӕуат, мӕ дӕндӕгтӕ – хъыс-хъыс-хъыс.
Ӕгас цӕуай, мӕ фындз – бипп-бипп-бипп.
Мӕ хорз хӕлар, ӕгас цӕуай!
Дӕ мидбылты мӕм бахуд, цӕй!

**Хъ.** Тынг хорз! Мӕнмӕ гӕсгӕ, ныр уӕ зӕрдӕйы уаг фӕхъӕлдзӕгдӕр ис ӕмӕ мын уӕ бон суыдзӕн баххуыс кӕнын. Ӕркӕсут-ма нӕ «алфамбылай дуне»-йы зиллакмӕ, йӕ нывтӕ иууылдӕр ӕрбайсӕфтысты. Курын уӕ, цӕмӕй зиллакк фӕстӕмӕ нывтӕй байдзаг уа, ууыл бацархайут. Мӕнӕ уын ахӕм хӕслӕвӕрд: лӕппутӕ зиллаккыл авӕрдзысты «къухӕйконд дуне»-йы нывтӕ, чызджытӕ та – «ӕнӕкъухӕйконд дуне»-йы нывтӕ.
*(Сабитӕ, хӕслӕвӕрдмӕ гӕсгӕ, ӕвзарынц нывтӕ. Хъомылгӕнӕг сӕм йӕ хъус дары, кӕд фӕрӕдийынц, уӕд сабитӕ сӕхӕдӕг сраст кӕнынц сӕ рӕдыд.)*
**Хъ.** Тынг хорз сарӕхстыстут уӕ хӕслӕвӕрдимӕ. *(Райхъуысы телефоны дзӕнгӕрӕг.)*. Сывӕллӕттӕ, чидӕр нӕм дзуры. Алло, хъусын, о, хистӕр къорд у ай. О, о, ӕрӕджы мах уыдыстӕм хъӕды. Нӕ зӕрдӕмӕ тынг фӕцыдис. Цы? Ӕнӕмӕнг уын баххуыс кӕндзыстӕм! *(Ахуыссын кӕны телефон.)* Сывӕллӕттӕ, ӕрбадзырдта хъӕдгӕс ӕмӕ загъта, хъӕды сырдтӕн кӕй хъӕуы баххуыс кӕнын. Хъӕды цӕрӕгойтӕ тынг зын уавӕры сты – цы хӕрой, уый дӕр сын нӕй. Цӕттӕ стут баххуыс кӕнынмӕ? Цӕмӕй тагъддӕр бахӕццӕ уӕм хъӕдмӕ, уый тыххӕй нӕ цӕуыл ацӕуын хъӕуы?
*Сабиты алыхуызон дзуӕппытӕ: равзарынц «вертолёт».*
**Хъ.** Уӕ цӕстытыл ауайын кӕнут, цыма вертолӕты къӕйттӕй сбадтыстут ӕмӕ фӕтӕхӕм!

*(Сабитæ, цыма хæдтæхæджы тæхынц, афтæ æвдисынц се змæлдæй. Къорды уаты цы «зымæгон хъæд» арæзт æрцыд, уым æрлæууынц. Уыцы ран хъуамæ уа цæрæгойты нывтæ кæнæ хъазæнтæ.)*

**Хъ.** Æрбахæццæ стæм нæ бынатмæ. Ацы ран цыдæр раст нæу, æркæсут лæмбынæг нывтæм *(кæнæ хъазæнтæм)* æмæ сæ, раст уæм куыд кæсы, афтæ фæхицæн кæнут. *(Бæлæстæ, къутæртæ æмæ бæласы бындзæфхады бын, Цæгат Ирыстоны, хъарм бæсты æмæ цæгатаг полюсы хъæдты чи цæры, ахæм алыхуызон цæрæгойты хъазæнтæ кæнæ нывтæ.)* Фæкъордтæ сæ кæнут æмæ уæ архайд бамбарын кæнут.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ.** Ирыстоны хъæды жираф зымæгон куыд цæрдзæн? Страус та? Ныр та, Ирыстоны хъæдты цы цæрæгойтæ цæры, уыдон ранымайут.

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, зымæгон цæрæгойты се ’ппæты дæр фенæн ис хъæды? Цæуылнæ?

**С.** Нæй, калм æнæхъæн зымæг бæласы бын хуынчъы фынæй кæны.

**С.** Уызын дæр къуыбылойтыхтæй фынæй кæны.

**С.** Арс та уалдзæгмæ хуыккомы хуыссы.

**Хъ.** Зын та сын цæмæн у сæ зымæг арвитын?

**С.** Уымæн æмæ уазал вæййы, хæринаг дæр нæ вæййы.

**Хъ.** Сывæллæттæ, тæрхъустæ æмæ æхсæрсæтджытæ та сæ хъуын хъармдæрæй цæмæн аивынц? *(Сывæллæттæм равдисы цæрæгойты нывтæ зымæгон рæстæг.)* Цы хуызы ма аивы сæ хъуын?

**С.** Сæ фист акалынц (линяют) æмæ сыл æрзайы æндæрхуызон хъуын: æхсæрсæттæгыл − æвзистхуыз, тæрхъусыл та – урс.

**Хъ.** Скæнæм, уæдæ эксперимент. *(Хъомылгæнæг зæгъы*

*сабитæн, цæмæй, рагацау цы алыхуызон æндæхтæ равæрдтой, уыдон æрæмбырд кæной.)* Æнцондæрæй сæ кæцы ран æрæмбырд кæнæн ис: фонимæ кæм сиу вæййынц, уым? Цæуылнæ? Сабитæ! Тугдзых сырдтæ тæрхъусы урс митыл зынтæй фæхъуыды кæндзысты, æхсæрсæттæджы та – митæй æмбæрзт бæласыл. Æмæ уæд бирæгъ æмæ рувас та сæ хуыз цæуылнæ аивынц?

**С.** Уыдон тыхджындæр сты æмæ никæмæй тæрсынц.

**Хъ.** Æмæ цæгатаг саг (лось) дæр тугдзых у?

**С.** Уый у халхор (травоядное) цæрæгой.

**Хъ.** Бирæгъ æмæ рувасæй тæрсы?

**С.** Нæ тæрсы. Саг у стыр æмæ тыхджын, йæ бон у йæ къæхтæй тынг ныццæвын.

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та уæ алчидæр райсæд иу цæрæгой æмæ ахъазæм ахæм хъазтæй: «Цæуыл хъуыды кæны цæрæгой». Сымахæй алчидæр йæ цæрæгойы номæй хъуамæ радзура, цæуыл хъуыды кæны, уый. Зæгъæм: «Æз дæн цъæх бирæгъ. Æз хъуыды кæнын нард тæрхъусыл». «Æз дæн урс тæрхъус. Бирæгъ мæ куы æрцахса, уымæй тынг тæрсын». «Æз дæн гæпгæнаг æхсæрсæттæг. Зымæгмæ цытæ æрцæттæ кодтон, уыдоныл цин кæнын».

*(Сабитæ, дзургæйæ, мимикæ æмæ змæлдтытæй æвдисынц сæ цæрæгойты.)*

**Хъ.** Тынг хорз! Æркæсут-ма, цас цъиутæ нæм æртахт! *(Сабиты хъус æрдары цъиуты нывтæм), уыдон æвæрд сты фланелеграф кæмæ мольбертыл.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, цъиутæн се 'ппæтæн дæр сæ бон у зымæгон ам цæрын?

*(Сабитæ равзарынц фæлтæхæг мæргъты, ныууадзынц æрмæстдæр зымæгиуатгæнджыты.)*

**Хъ.** **Т**ынг хорз! Зæгъут-ма, цæргæсæн йæ бон хъæды цæрын у?

**С.** Нæу, уый бæрзонд хæхты цæры. Уарзы сæрибар цард.

**Хъ.** Тынг хорз! Ӕркӕсут-ма, мӕнӕ ацы ран ис цӕрӕгойты фӕдтӕ. Кӕй фӕдтӕ сты ӕмӕ кӕдӕм цӕуынц, уый сбӕрӕг кӕнӕм.

*(Сабитӕ сбӕрӕг кӕнынц: цъиуы фӕдтӕ бӕласмӕ цӕуынц, тӕрхъусы фӕдтӕ та – къутӕрмӕ; рувасы фӕдтӕ цӕуынц рувасы хуынкъмӕ, бирӕгъӕн та – бирӕгъы хуыккоммӕ, ӕхсӕрсӕттӕджы фӕдтӕ цӕуынц бӕласы мӕрамӕ. Пъолыл − фӕндӕгты хуызы, сырдты фӕдтӕ нывгонд кӕуыл ис, ахӕм уадздзӕгтӕ, цӕуынц цӕрӕгойты цӕрӕн бынӕттӕм. Сабитӕ сыл ӕрӕвӕрынц «цӕрӕгойты».)*

**Хъ.** Тынг хорз! Сывӕллӕттӕ, хъӕдгӕс ма ноджыдӕр тынг фӕдзӕхста, цӕрӕгойтӕ тынг ӕххормаг кӕй сты ӕмӕ сын кӕй хъӕуы баххуыс кӕнын. Фӕлӕ сын куыд баххуыс кӕнӕм?

*Сабиты алыхуызон дзуӕппытӕ.*

**Хъ.** Тынг хорз! Ӕркӕсут-ма ацы хойрӕгты нывтӕм, ӕз сӕ ӕрцӕттӕ кодтон мӕргътӕ ӕмӕ сырдтӕн. Ныртӕккӕ чызджытӕ равзардзысты мӕргъты хӕринӕгтӕ, лӕппутӕ та – сырдты хӕринӕгтӕ.

*Сабитӕ ӕвзарынц нывтӕ ӕмӕ, кӕмӕн цавӕр хӕринӕгтӕ ӕрцӕттӕ кодтой, уый дзурынц. Нывтӕ: цъуй, ӕхсынӕнтӕ, нӕмгуытӕ, хос, дзул, еуу (пшено), уырыдзы, къабуска, гыркъотӕ, заз бӕласы къалиутӕ, дзидза, ӕхсӕртӕ, цыхт. Ӕрӕвӕрӕн дзы ис ахӕм нывтӕ дӕр, зӕгъӕм: къафеттӕ, сӕлдӕг, тъорт. Сабитӕ сӕ райсдзысты ӕви нӕ, хъомылгӕнӕг уымӕ йӕ хъус дары.*

**Хъ.** Тынг хорз! Мӕнмӕ гӕсгӕ, хъӕдгӕсы курдиат сӕххӕст кодтам: сырдтӕн хӕринаг радтам ӕмӕ сын баххуыс кодтам. Уый тынг хорз у, фӕлӕ, иумӕ куыд сбӕрӕг кодтам, уымӕ гӕсгӕ нӕм ис ахӕм цӕрӕгойтӕ дӕр, кӕцытӕн нӕ хъӕдты сӕ бон цӕрын кӕмӕн нӕу, ӕмӕ уӕд уыдоны та цы фӕкӕнӕм?

*(Сабиты алыхуызон дзуӕппытӕ. Ӕрхӕстӕг сӕ кӕнын*

*ахæм дзуапмæ: хъæуы сæ арвитын сырддонмæ. Сабитæ кæнæ иу ныв мæ æмбырд кæнынц сырдты хъазæнтæ, кæнæ та алы саби дæр иу хъазæн райсы.)*

**I-аг вариант.**

**Хъ.** Фæстæмæ нæ бон аздæхын уыдзæн, «зынбазонæн цæрæгойтæ» куы базонат, уæд. Æз сæ æрхъуыды кодтон дыгай цæрæгойты нæмттæй. Цæттæ стут? Арсхъус, бувас, рурæгъ, тæрсаг, æхсæрзын, уысæттæг.

**II-аг вариант.**

*(Сабитæ сæхæдæг æрхъуыды кæнынц цавæрфæнды цæрæгойты нæмттæй «зынбазонæн цæрæгойты».)*

Ныр та уæ цæстытæ бацъынд кæнут æмæ мæ амындмæ гæсгæ архайут. Акæнут 2 санчъехы, æрзилдух кæнут, 3 санчъехы акæнут æмæ къахæй æртъупп кæнут, 1 санчъех скæнут æмæ къухтæй æркъæрцц кæнут. Байгом кæнут уæ цæстытæ! Æрбахæццæ стæм нæ къорды уатмæ! Хъæды цæрæгойтæн куыд баххуыс кодтам, уый уæ зæрдæмæ фæцыдис? Зын та уæм цы фæкаст? Тынгдæр та цы фæцыдис уæ зæрдæмæ?

*Скæнæн ис физминуткæ.*

Ритмикон змæлдтыты импровизаци: алы рæнхъы дæр – 4 иухуызон змæлды.

Арсы лæппын – хуыр-хуыр,
Гыццыл уызын – хæр-хæр,
Бирæгъы лæппын – хъуыр-хъуыр,
Гыццыл тæрхъус – зыр-зыр.
Рувасы лæппын – сыртт-сыртт,
Саджы лæппын – сыкк-сыкк.
Æхсæрсæттæг – гæпп-гæпп.

**Иумæйаг темæ: «Националон дарæс».**
**Темæ: «Нæ къорды сабиты националон дарæс».**
**Нысантæ:**

– Сабиты зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын националон дарæсы тыххæй.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, мысæнуат, ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæ раст дзурын зонын. Разæнгард сæ кæнын адæмы истори æмæ культурон хæзнатæ зонынмæ, адæмæн кад кæнынмæ.

**Архайæн æндæр фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Сабиты къорды цавæр адæмыхæттытæ ис, уыдоны националон дарæс (нывтæ, иллюстрацитæ). Системон операторы экран.
**Райуаринаг.** Алы сабийæн дæр – комплект: хуызджын хъæбæр гæххæттæй конд нæлгоймаджы æмæ сылгоймаджы дарæсы детальтæ (хæлаф, дыстæ, къаба æмæ а. д.) Урс ватманæй – алыхуызон дарæсы силуэттæ *(къабатæ, кофтæтæ, ибкæтæ æмæ а. д.)*
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабиты сахуыр кæнын сæумæрайсомы салам дæттыны æгъдауыл. Æрцæттæ кæнын райуаринаг æрмæг.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цавæр зæрдæйы уагимæ æрбацыдыстут абон? Æрхæцæм кæрæдзийы къухтыл, мидбылты бахудæм кæрæдзимæ æмæ зæгъæм кæрæдзийæн: «Æгас цу!» Ныр та уæ алчи йæхицæн зæгъдзæн…
**С.** *(иумæ дзурынц).* Уæ райсом хорз, мæ цæстытæ!

Ærыхъал стут?
Уæ райсом хорз, мæ хъустæ!
Ærыхъал стут?
Уæ райсом хорз, мæ къухтæ!
Ærыхъал стут?
Уæ райсом хорз, мæ къæхтæ!
Ærыхъал стут?
Дæ райсом хорз, мæ сæр!
Ærыхъал дæ?

Хъустæ хъусынц *(сæ армытъæпæнтæ сæ хъустыл авæрынц).*
Къухтæ кусынц *(æмдзæгъд кæнынц).*
Цæстытæ кæсгæ кæнынц *(бацъынд кæнынц æмæ ракæсынц).*
Къæхтæ цырд тъæбæрттæй уайынц *(къæхтæй тъуппытæ кæнынц).*
Зондджын сæр хъуыды кæны *(сæ сæртæ æрсæрфынц).*
Райхъалыстæм ныр. Ура!
Алчидæр фæрнæй цæра! *(Сæ къухтæ хæрдмæ сисынц.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та хъазгæ акæнæм! Абон тынг бирæ стут, æнæхъæн хæрх! Куыд уæ фæнды, афтæ фæкъордтæ ут. Цы хуызы ма ис фæкъордтæ уæвæн? Ноджы ма куыд?
Сабитæ, сæхи куыд фæнды, афтæ фæхицæнтæ вæййынц: къæйттыл, чызджытæ æмæ лæппутыл, хæлафджынтæ æмæ ибкæджынтыл, даргъдзыккуджынтæ æмæ цыбыр дзыккуджынтыл, адæмыхæттытæм гæсгæ. Кæд къуылымпы кæной, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.
**Хъ.** Тынг хорз! Цавæр адæмыхæттытыл фæкъордтæ стут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сабитæ, æппæт адæмыхæттытæм иумæйагæй цы ис?
**С.** Алы адæмыхатмæ дæр ис нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ, чызджытæ æмæ лæппутæ, дадатæ æмæ нанатæ. Уыдон иууылдæр цæрынц, улæфынц, кусынц,

сæ фæллад уадзынц. Алы адæмыхатмæ дæр ис сæхи æгъдæуттæ.

**Хъ.** Сæ уæлæдарæс та цавæр у?

**С.** Алыхуызон, алы адæмыхаттæн дæр ис йæхи уæлæдарæс.

**Хъ.** Сывæллæттæ, æркæсæм иумæ нациты бæрæгбоны дарæсмæ, æрмæст, мæнæ телеуынады куыд вæййы, афтæ. Сымах уыдзыстут журналисттæ æмæ алчи йæхи адæмыхатты уæлæдарæсы тыххæй радзурдзæни.

*Сабитæ сты алы адæмыхæттытæй, уымæ гæсгæ сæ алчи дæр рацæуы фæйнæгмæ æмæ радзуры йæхи адæмы уæлæдарæсы тыххæй. Хъомылгæнæг сын фæрстыты руаджы æххуыс кæны. Æппæты кæронæй фæйнæгыл – ирон адæмы уæлæдарæсы ныв.*

### Уæлæдарæс æвзарынц ахæм схемæмæ гæсгæ

| Цавæр адæмыхатты уæлæдарæс у? | Хуыз | Дæргъ | Нывæфтыд, орнамент | Худ, кæлмæрзæн | Рæсугъд, аив! |
|---|---|---|---|---|---|

*Ирон уæлæдарæсы тыххæй дзургæйæ, хъомылгæнæг хъуамæ бæстон зонындзинæдтæ ратта сылгоймаджы уæлæдарæсы (разгæмтты) тыххæй: даргъ къаба, къабайы бын – даргъ дæллаггуыр, риуæгънæджытæ, рæсугъд цæхæркалгæ рон æмæ а. д. Бæрæгбоны къаба-иу хуыдтой атласæй кæнæ хъæдабæйæ (бархат), уыдис ыл орнаментæй нывæфтыд. Сæрыл – зæлдаг хыз кæлмæрзæн, худ, къæхтыл – сæрак дзабыртæ. Нæлгоймæгты уæлæдарæс: цухъхъа, цухъхъайы бын – куырæт (хæдон), цухъхъайы риуыл – бæрцытæ, раджы заманы-иу уым дардтой топпыхос; астæуыл – рон хъамаимæ; къæхтыл – зæнгæйттæ æмæ а. д.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, ныртæккæйы рæстæджы ахæм уæлæдарæсы иудадзыг цæуæн ис? Цæуылнæ? Ахæм дарæс æрмæстдæр кæд фæхъæуы?
*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*
**Хъ.** Иумæйагæй та цы ис ацы уæлæдарæсмæ?
*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та, нæ диссаджы телевизоры цы дарæс æвдыст цæуы, уымæ æркæсæм.

| | | |
|---|---|---|
| | Кæм ис бирæ? | |
| Цы уыдис? | Дарæсы ныв | Цы уыдзæн? |
| | Цæмæй конд у? | |

**Хъ.** Ныр та уыдзыстут модельертæ. Æрæмбырд кæнут бæрæгбоны дарæс. *(Сабитæм – хуызджын хъæбæр – гæххæттæй лыггонд уæлæдарæсы детальтæ: къабайы уæллаг хай, къабайы бинаг хай, дыстæ, хæлаф æмæ а. д. Сæхæдæг «æмбырд кæнынц» сылгоймаджы кæнæ нæлгоймаджы дарæс.)* Тынг хорз сарæхстыстут! Зæгъут-ма, нырыккон уæлæдарæсыл сфидаудзæн националон дарæсы орнамент?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз, алкæмæн дæр уыдзæн хæдзармæ куыст. Райсдзыстут уæлæдарæсы силуэттæ æмæ сæ уæхимæ маркертæ кæнæ фломастертæй срæсугъд кæндзыстут алыхуызон орнаменттæй элементтæй.
*Сабитæ æвзарынц уæлæдарæсы силуэттæ: къабатæ, ибкæ-тæ, кофтæтæ, хæлæфтæ æмæ а. д.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, абон тынг хорз архайут! Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис? Цымыдисаг та уæм цы фæкаст? Ахæм рæсугъд уæлæдарæс чи хуыйы?
**С.** Хуыйджытæ.
**Хъ.** Ныртæккæ та хъазгæ акæндзыстæм. Хуыйæг хъуымац куыд кæрды, уый равдисут; судзины бын æндах куыд аласы; судзинæй куыд хуыйы. Къухæйзилгæ хуыйæн

машинæйæ куыд хуынйы? Къахæйзилгæ машинæйæ та?

*17 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Транспорт».**
**Темæ: «Ног транспорты хуыз аразæм».**
**Нысантæ:**

– Фæуæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ транспорты тыххæй.

Транспорты хуызтæ классификаци кæныны арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, фантази.

– Кæрæдзимæ лæмбынæг куыд хъусой, кæрæдзийы æнтыстытыл куыд цин кæной æмæ сæхæдæг дæр хорздзинад бафæзмынмæ разæнгард куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Системон оператор: ватманы сыф (кæнæ æрмæгæвдисæн фæйнæг) 5 квадратыл: дихгонд; алыхуызон транспорты хуызты нывтæ: велосипед, вертолет, уæзласæн машинæ, алкæмцæуæг (вездеход кæнæ танк), джип, автобус.

**Райуаринаг.** Алы сабийæн дæр − нывты æмбырд: рог машинæ, уæзласæн машинæ, хæдтæхæг, поезд, велосипед, мотоцикл, ракетæ.

**Ахуыры нывæст**

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон уын хъæлдзæг зæрдæйы уаг ис? Уæдæ ахъазæм хъазт «О – нæгъ»-æй. Абон цæуыл дзурдзыстæм, уый хауы адæймаджы къухæйконд дунемæ.

Æз уæм ратдзынæн фæрстытæ æмæ уыдонмæ гæсгæ сымах, цæй кой кæндзыстæм, уый хъуамæ базонат. *(Йæ фæрстытæй сæ æркæны ахæм дзуапмæ: «Транспортыл уыдзæн нæ ныхас». Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сæм раттын ахæм фарст «Цæй руаджы ацæуæм балцы?»)* Тынг хорз! Æцæгæйдæр абон транспорты тыххæй дзурдзыстæм. Мæн фæнды, цæмæй сымах абон уат аразджытæ! Фæнды уæ? Чи сты цымæ аразджытæ?

*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æмæ аразгæ та цы скодтой? *(Сабиты æрхæстæг кæнын ахæм дзуапмæ: «Аразджытæ цы æрымысынц æмæ цы саразынц, уыдон иууылдæр арæзт æрцæуынц адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны тыххæй».)* Тынг хорз. Абон мах араздзыстæм хæхбæсты куыстытæн транспорты хуыз. Уый тыххæй алцыдæр зонæм æви нæ? Æркæсут мæнæ ацы нывтæм æмæ сæ транспорты хуызтæм гæсгæ фæкъордтæ кæнут.

*Сабитæ нывтæ классификаци кæнынц: уæлдæфон, доныцæуæг, космосон, æфсæддон, зæххыбынцæуæг, зæххылцæуæг. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты архайд-мæ æмæ сын фæрстыты руаджы æххуыс кæны.*

**Хъ.** Тынг хорз! Ацы къордтæ ма ноджыдæр куыд фæхицæн кæнæн ис? Ахъуыды кæнут.

*Сабитæ нывтæ фæкъордтæ кæнынц уæзласæн æмæ адæмласæн транспорты хуызтæм гæсгæ.*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та нæ диссаджы телевизоры экранмæ бакæсæм æмæ равзарæм цавæрфæнды машинæ.

| | | |
|---|---|---|
| | Кæм ис бирæ? | |
| Цы уыдис? | Машинæйы ныв | Цы уыдзæн? |
| | Цæмæй конд у? | |

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та равдисут адæмæй йедзаг авто-

бус; уаддымгæйы цы нау бахаудис, уый; саст машинæ; хæдтæхæг тæхгæйæ.
*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*
**Хъ.** Ныр та дзуæппытæ раттут ахæм фæрстытæн:
– Бæрæг бынатмæ раздæр чи бахæццæ уыдзæн – велосипедыл чи цæуы, мотоциклыл чи цæуы æви машинæйыл чи цæуы, уый?
– Цавæр доныцæуæг транспорт цæуы тагъддæр: бæлæгъ (лодка), нау æви катер?
– Цæмæй вертолет стæха, уый тыххæй йæ стæхæн фæндаг хъæуы? *Сабитæ дæттынц æххæст дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ныр та алчидæр райсæд нывты æмбырд æмæ сæ йæ разы равæрæд. Байхъусут хæслæвæрдмæ. Æз дзурдзынæн дзырдтæ, сымах та æвдисдзыстут транспорты нывтæ: шофыр, скъæрæг (водитель), тæхæг, поездскъæрæг (машинист), велосипедыл цæуæг, мотоциклыл цæуæг, космонавт. *(Хъомылгæнæг фæзæгъы дзырд, сабитæ та равдисынц ныв.)*
**Хъ.** Уæд дохтырты, милиционерты æмæ сыгъдхуыссынгæнджыты (пожарные) та цавæр транспорт хъæуы? *(Æвдисы нывтæ, сабитæ та сæ зæгъынц.)* Ахæм транспорт хуыйны сæрмагонд. Сывæллæттæ, цæмæй транспорт цæуа, уый тыххæй дзы цы фæхъæуы ныккæнын?
**С.** Артаг – бензин, газ, фæтæген.
**Хъ.** Раст загътат. Ныр та нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм гыццыл хъæлдзæг адæймæгты. Æз зæгъдзынæн дзырдтæ, сымах та-иу дзырдтæм гæсгæ фестдзыстут «донгъуыз» (жидкие) кæнæ «газхуыз» (газообразные) адæймæгтæ. Цæттæ стут? Уæдæ райдайæм:
Бензин, газ, фæтæген. *(Райуаринаг æрмæгимæ раттæн ис хæслæвæрд: алы сабийæн дæр – хъæлдзæг «адæймæгты» комплект.)* Зæгъут-ма, æрдзæн бензин кæнæ соляркæйы смаг пайда сты?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.**Тынг хорз! Ныр та уын хъуамæ уæ хъусдард æмæ цыргъзонд сбæрæг кæнон. Æз дзурдзынæн предметы хæйттæ, сымах та йæ æнæхъæнæй зæгъдзыстут. Цæттæ стут?

Цалх – вагон – рудзынг – уый у… поезд;
рудзынг – кабинæ = машинæ;
гуыффæ – рудзынг = уæзласæн машинæ;
базыртæ – фындз – цалх = хæдтæхæг;
цалх – æрбадæн – руль = велосипед.

Тынг хорз! Ныр та уын ног хæслæвæрд. Ныртæккæ алы дæр райсдзæн 2 нывы.

Дыууæ саби нывы цæмæй хицæн кæнынц, уый хъуамæ зæгъат.

*Сабитæй алкæмæ дæр – 2 нывы, зæгъæм: трамвай – автобус, велосипед – мотоцикл, поезд – хæдтæхæг, уæзласæн машинæ – рог машинæ, бæлæгъ – нау æмæ а. д.*

**Хъ.** Сабитæ, тынг хорз зонут транспорты хуызтæ. Куыд кæсын, афтæмæй уæ бон ног транспорты хуыз æрхъуыды кæнын дæр бауыдзæн. Зæгъут-ма, Ирыстоныл абалц кæнынæн цавæр транспорт хъæуы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**С.** Горæты – трамвайыл, троллейбусыл, машинæйыл; электричкæйыл, велосипедыл, мотоциклыл – республикæйыл балц кæнгæйæ.

**Хъ.** Æмæ уæд бæрзонд хæхбæстæм та цæуыл цæуын хъæуы?

**С.** Машинæйыл. Фæлæ хæхбæсты ис ахæм фæндæгтæ, æмæ сыл машинæйыл нæй ацæуæн, хъæуы бæхыл, хæрæгыл кæнæ та фистæгæй цæуын.

**Хъ.** Æмæ уæдæ ныртæккæ сымах æрхъуыды кæнут ахæм транспорты хуыз, кæцыйыл ссæуæн уаид хæхбæсты бæрзонддæр бынæттæм нарæг æмæ тæссаг фæхстыл. Æрмæст уæ зæрдыл дарут, хъуамæ, уæ транспорт цы

артагæй куса, уый æрдз ма чъизи кæна. Æрхъуыды кæнут æрымысгæ транспорты хуызтæ. Уæ бон у спайда кæнын, цы транспорты хуызтæ зонут, уыдоны детальтæй, кæнæ та уыдон дæр уæхæдæг æрхъуыды кæнут.
*Фæйнæгыл (мольбертыл, гауызыл æмæ а. д.) – вертолеты, хæдтæхæджы, джипы, танчы, велосипеды нывтæ. Сабитæ, цы ног транспорты хуызтæ æрхъуыды кодтой, уыдон ныв кæнынц.*
**Хъ.** Тынг хорз! Абон сымах уыдыстут æцæг аразджытæ! Мæнмæ гæсгæ, сомбон сарæхсдзыстут ног фæрæзтæ æрхъуыды кæнынмæ. Уæхи зæрдæмæ та цы фæцыдис? Зын уæм цы фæкаст? Амдзæгъд кæнæм нæхицæн! Тынг хорз!

*18 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Дæсныйæдты дуне».**
**Темæ: «Нæй куыстæй æвзæр, равзар дзы ды дæр».**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын æмæ ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ дæсныйæдты тыххæй. Сабитæн бамбарын кæнын, алы куыст дæр кæронмæ хæццæ кæнын кæй хъæуы, куыстытæй алкæцы дæр иу адæймаджы нæ, фæлæ бирæты кæй хъæуы, уый.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæ кæрæдзиуыл раст бæттын æмæ дзурын.

– Искæцы куыстæн аргъ куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Зиллакк – «алфамбылай дуне». Таблицæ – техникон приборы нывимæ дæсныйæдты классификаци; цардæгас æрдзы, адæймаджы нывтæ; саст æмæ æнæхъæн дзауматы нывтæ, адæймаджы царды уаджы предметты нывтæ.

**Райуаринаг.** Дæсныйæдты нывтæ; алыхуызон дæсныйæдтæн хъæугæ кусæнгæрзты нывтæ (зæгъæм: дохтырæн – тæвдбарæн, ахуыргæнæгæн – фæйнæг, хъæды куыстгæнæгæн – дзæбуг æмæ а. д.); алыхуызон дæсныйæдтимæ баст предметтæ стъæлфытæй нысангонд кæм сты, ахæм карточкæтæ; хуызджын фломастертæ.

Рагагъоммæйы куыст. Бакæсын С. Михалковы «А что у вас» æмæ Маяковскийы «Кем быть».

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Уæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл тагъд асæрфут. Ныр сæ уæ рустыл лавæрут. Цы банкъардтат?

**С.** Хъарм.

**Хъ.** Уыцы хъарм алкæмæн йæ мидæг ис. Цæй æмæ нæ хъармдзинадæй кæрæдзийæн бахай кæнæм. Æрхæцут кæрæдзийы къухтыл. Æнкъарут уæ кæрæдзийы хъарм? Ныр та мидбылты бахудут кæрæдзимæ. Сывæллæттæ, знон мах бакастыстæм дыууæ цымыдисаг уацмысы «Кем быть» æмæ «А что у вас». Нæ зæрдыл сæ æрлæууын кæнæм, цæуыл дзы цæуы ныхас?

**С.** Дæсныйæдтыл.

**Хъ.** Раст загътат. Мæн фæнды цæмæй фестат чысыл философтæ. Æмæ философ та чи у?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сабитæ, философ у, дунейы конд æмæ арæзт чи ахуыр кæны, алыхуызон хатдзæгтæ æмæ иртасæн куыстытæ чи кæны, иннæ адæмæн цавæрдæр наукон фарстатæн дзуапп чи ратты, ахæм адæймаг. Æмæ цымæ философи дæсныйад у æви нæу?

**С.** Уый дæсныйад у.

**Хъ.** Уæдæ мах не ’ппæт дæр абон уыдзыстæм философтæ

æмæ равзардзыстæм иу фарст, цы у дæсныйад æмæ адæймаджы кусын цæмæн хъæуы, уый. Æрбадæм гауызыл.
*Сабитæ æрбадынц гауызыл, уым – хуынхæссæн тæбæгъыл алыхуызон дæсныйæдтимæ баст нывтæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, кæй уæ цавæр куыст кæнын фæнды, уыцы дæсныйæдтимæ баст ныв райсæд.
*Алы саби дæр райсы ныв, зæгъы дæсныйад æмæ, цавæр куыст кæндзæн, уый.*
**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та æркæсут алыхуызон дæсныйæдты хъæугæ кусæнгæрзты нывтæм. Нывты æхсæнæй алчидæр равзарæд йæ дæсныйадимæ баст ныв æмæ йыл æрдзурæд.
*Скæнæн ис иумæйаг ныв, лотойы хуызы: кусæнгæрзтæ нывгонд (кæнæ ныхæст) ватманыл, сабитæ сæ дæсныйæдты нывтæй æрæмбæрзынц.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та нæ философтæн ног хæслæвæрд. *(Æвдисы «Алфамбылай дуне»-йы зиллакк.)*
**Хъ.** Ай цы у?
**С.** Уый у «Алфамбылай дуне» – къухæйконд æмæ æнæкъухæйконд.
**Хъ.** Тынг хорз! Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, æнæкъухæйконд дунемæ цытæ хауы, уый.
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цардæгас æрдзмæ та?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Уæд къухæйконд дунемæ та цытæ хауы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз! Зæгъут-ма, адæймаг йæ куысты мидæг цæимæ архайы, уымæ гæсгæ дæсныйæдтæ фæкъордтæ кæнæн ис?
*Сабитæ дзуæппытæ.*
**Хъ.** Раст хъуыды кæнут! Æз уын æрцæттæ кодтон мæнæ ахæм таблицæ. Цы уынут таблицæйы?

| | | |
|---|---|---|
| техникон приборы ныв | цардæгас æрдзæй ист ныв | адæймаджы ныв |

*Сабитæ, таблицæйы цы уынынц, уый дзурынц; таблицæ цæмæн хъæуы, уый тыххæй кæнынц хатдзæгтæ.*

**Хъ.** Ацы таблицæ у, адæймаг йæ куысты мидæг цæимæ архайы, уый æвдисæг. Дæсныйæдты карточкæтæй байдзаг кæнут таблицæ.

*Спайда кæнæн ис раздæры хæслæвæрды нывтæй: сывæллæттæ «лото»-йæ сæ нывтæ райсæнт. (Техникон æмæ æнæуд æрдзимæ – шофыр, геолог, инженер æмæ а. д.; цардæгас æрдзимæ – фосы дохтыр, фермæйы кусæг, хъугдуцæг, дыргъдонгæс æмæ а. д; адæмимæ – ахуыргæнæг, дохтыр, уæйгæнæг æмæ а. д. Ацы хæслæвæрд баххæст кæнæн ис дзургæйæ дæр, ома сабитæ нывтæ нæ равæрынц, фæлæ дæсныйæдтæ ранымайынц.*

**Хъ.** Хорз. Ныр та хъазгæ акæнæм. Æз дзурдзынæн алыхуызон дæсныйæдтæ, сымах та сæ хъуамæ равдисат.

*(Сабитæ уæгъдибарæй æрлæууынц. Хъомылгæнæг зæгъы дæсныйад, сабитæ та йæ равдисынц, Зæгъæм: зарæггæнæг, нывгæнæг, клоун, сисамайæг, дохтыр, кафæг æмæ а. д.)*

**Хъ.** Тынг хорз! Зæгъут-ма, уæ ныййарджытæ та цæмæй кусынц? *Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æмæ цæмæн кусынц?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Адæймаг кусы æмæ фыдæбон кæны йæхи тыххæй æмæ иннæ адæмы тыххæй. Скæнæм уæдæ хатдзæг. Кусын, фæллой кæнын хъæуы? Кæронмæ ахæццæ кæнут ахæм хъуыды: «Кусын æнæмæнг хъæуы, цæмæй…»

*(5–6 сабийы кæронмæ ахæццæ кæнынц фразæ.)*

**Хъ.** Зæгъут-ма, цымæ кæмæн у æнцондæр цæрæн: æппын чи нæ кусы, уыцы магусайæн, æви кусгæ чи кæны, уыцы адæймагæн?

*(Сабитæ кæнынц хатдзæгтæ: æркæсæн ис дыууæ хуызы нывтæм – сæ иутыл, æнæ кусгæйæ цы уыдзæн, уый æвдыст, иннæтыл та – фæллойгæнæг адæмы куыстæй цы пайда ис, уый. Зæгъæм: æнæхсад мигæнæнтæ æмæ сыгъдæг мигæнæнтæ; фаст зылын-мылын æмбонд æмæ рæсугъд ахуырст аив æмбонд; саст бандон æмæ æнæхъæн бандон æмæ а. д.)*

**Хъ.** Ныр та уæдæ скæнут хатдзæг: цы у хорз æмæ цы у æвзæр?

*Сабитæ хатдзæгтæ кæнынц, хъомылгæнæг йæ хъус дары сабитæн сæ ныхасы уагмæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, адæймаг йæ дæсныйад зонгæйæ райгуыры?

**С.** Нæ, уыцы дæсныйадыл ахуыр скæны.

**Хъ.** Дæсныйæдтыл кæм ахуыр кæнынц?

**С.** Институты, техникумты æмæ а. д.

**Хъ.** Адæймаг йæ куыст куыд æххæст кæндзæн, уымæн цавæр ахадындзинад ис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сабитæ, алчидæр уæ равзарæд дæсныйад æвдисæг ныв æмæ кæронмæ ахæццæ кæнæд фразæ: «Æз æвзæр куы..., уæд...». Æз дæр æвзарын. Зæгъæм, мæнæ ацы ныв. Дзурын: «Æз дæн фыййау. Æз æвзæр куы хизон фыстæ, уæд ахæлиу уыдзысты хæхтыл æмæ фесæфдзысты». Ныр та сымах райсут нывтæ.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ.** Кусын куыд хъæуы, уый тыххæй уæдæ хатдзæг скæнæм.

**С.** Кусын хъæуы хорз. Хъуамæ адæймаг йæ куысты дæсны уа.

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, нæ республикæйы, нæ горæты цавæр дæсныйæдтимæ адæм хъæуынц?

*Сабитæ ранымайынц дæсныйæдтæ.*

**Хъ.** Ныр та райсут фæйнæ карточкæйы. Карточкæйыл цы стъæлфытæ ис, уыдон куы баиу кæнат, уæд рабæрæг уыдзысты алыхуызон нывтæ. Райдайут архайын.

*Сабитæ баиу кæнынц стъæлфытæ æмæ алыхуызон предметты нывтæ разынынц карточкæтыл.*

**Хъ.** Цы уæм рауадис æмæ цæмæн хъæуы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Тынг хорз! Иумæйаг хатдзæг скæнæм нæ ныхасæн. Чи уыдыстут абон? *(Философтæ.)* Дæсныйæдтæ æмæ куысты тыххæй цавæр хатдзæг скæнæн ис? Куыстытæ се 'ппæт дæр хорз сты? Цæй уæдæ, иумæ зæгъæм ахæм фразæ: «Нæй куыстæй æвзæр, равзар дзы ды дæр!»

*19 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Спорт».**

**Темæ: «Кæд дæ фæнды, æнæниз уай».**

**Нысантæ:**

– Сабиты зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын спорты алы хуызты тыххæй; фæразон æмæ æнæниз уæвынæн спорт стыр ахъаз кæй у, уый сын сæ зондахасты ныффидар кæнын. Базонгæ сæ кæнын «командон» æмæ «иунæгон» спорты хуызты æмбарынæдтимæ.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ хъусдард.

– Æнæниздзинад æмæ æнæниз цардмæ куыд тырной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Зиллакк «Афæдзы афонтæ».

**Райуаринаг.** Спорты алы хуызты архайæг адæмы нывтæ; спорты хуызты хъæугæ атрибутты нывтæ (клюшкæ, пурти, штангæ æмæ а. д.)

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сабитæ, цавæр зæрдæйы уаг уын ис? Æрлæууæм иумæ æмæ кæрæдзийæн салам раттæм. Иумæ зæгъæм: «Æгас цу!» Ныр та алчи йæхицæн раттæд салам.

**С.** *(иумæ).* Æгас цæут, мæ гуккытæ – къæрцц, къæрцц, къæрцц (Æмдзæгъд кæнынц).

Æгас цæут, мæ гæккытæ, – тъупп, тъупп, тъупп.
Æгас цæут, мæ рустæ, – цъыкк, цъыкк, цъыкк.
Æгас цæут, мæ былтæ, – сыпп, сыпп, сыпп.
Æгас цæут, мæ дæндæгтæ, – хъыс, хъыс, хъыс.
Æгас цæуай, мæ гыццыл фындз, – бипп, бипп, бипп.
Мæ хорз хæлар, æгас цæуай! Дæ мидбылты мæм бахуд, цæй!

**Хъ.** Тынг хорз! Сывæллæттæ, сымах зонут, афтæ куы фæзæгъынц «æгас цу», уæд салам дæр фæдæттынц æмæ ма арфæ дæр ракæнынц, ома цардæгас у, æнæниз у, зæгъгæ. Æмæ цымæ, уый цы у – æнæниз уæвын?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Цæмæй адæймаг æнæниз уа, уый тыххæй цы кæнын хъæуы?

*Сабиты дзуæппытæ (æрхæстæг сæ кæнын, спорт адæймаджы æнæниздзинадæн пайда кæй у, уыцы хъуыдымæ).*

**Хъ.** Рæвдауæндонмæ куы æрбацæут, уæд райсомæй иумæ цы фекусут? Хатгай фæархайут музыкæмæ гæсгæ, хатгай – æнæ музыкæйæ.

**С.** Сæууон гимнастикæ, зарядкæ фæкæнæм.

**Хъ.** Сæхимæ, улæфты бонты, сæууон гимнастикæ чи фækæны, уыдон сæ къухтæ сдарæнт.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Рæвдауæндоны ма спортæй кæцы ран фæархайут?

**С.** Спортивон залы – физкультурæйы ахуыртæ; къорды

уаты – спортивон къуымы; тезгъойы рæстæг – хъазæн фæзы.

**Хъ.** Тынг хорз! Адæмæй тынг бирæтæ уарзынц спорт, уæд уыдон та кæдæм фæцæуынц, кæм ис спортæй архайæн?

**С.** Сæ хæдзæртты, стадионты, спортивон залты, спортивон галуанты, бырæн фæзы.

**Хъ.** Гауызыл тымбылзылдæй æрбадæм æмæ уын æз ратдзынæн цымыдисаг, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, зын хæслæвæрд. *(Гауызыл – уæлæнгай тæбæгъ, тæбæгъы – спорты алы хуызты архайæг адæймæгты нывтæ æмæ зиллакк «Афæдзы афонтæ».)* Зæгъут-ма, гауызыл цавæр зиллакк уынут?

**С.** «Афæдзы афонтæ».

**Хъ.** Æркæсут ныр та нывтæм. Ацы нывтæ нæ бон у алыхуызон къордтæ фæкæнын, фæлæ мæн фæнды, цæмæй сæ афæдзы афонтæм, сезонтæм гæсгæ фæкъордтæ кæнат: зымæгон æмæ сæрдыгон.

*(Сабитæ афæдзы афонтæм гæсгæ æвæрынц нывтæ. Хъомылгæнæг сæ фæрсы, карточкæ уыцы ран цæмæн æрæвæрдтой, зиллаччы æндæр секторыл æй цæуылнæ æрæвæрдтой, зæгъгæ. Уалдзæг æмæ фæззæг адæм цавæр спорты хуызты архайынц, уый сбæрæг кæнынц.)*

**Хъ.** Тынг хорз! Ныртæккæ сымах дæр уыдзыстут спортсментæ. Æз дзурдзынæн алыхуызон спорты архайджыты, сымах та сæ æвдисгæ кæндзыстут *(зæгъæм: футболист, теннисист, штангист, гимнаст, хоккеист æмæ а. д.)*
*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та ног хæслæвæрд. Мæнæ ацы нывтæй алчидæр иу ныв райсæд æмæ зæгъæд, цæй ныв у. Ацы нывтæ иумæ куыд схонæн ис?

**С.** Спортивон атрибуттæ кæнæ инвентарь.

*(Æрхæстæг сæ кæнын уыцы хъуыдымæ, кæнæ та хъомылгæнæг йæхæдæг бамбарын кæны уыцы æмбарынад.)*

**Хъ.** Ныр та хъуамæ алчидæр зæгъа, йæ атрибут цавæр

спорты хуызмæ хауы, уый.
*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*
**Хъ.** Зæгъут-ма, сымахæй та чи цавæр спортивон секцимæ цæуы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз. Сывæллæттæ, спорт ма ноджы вæййы «командон» æмæ «иунæгон». Цымæ афтæ цæмæн хуыйнынц? Цавæр командон спорты хуызтæ зонут, уыдон ранымайут.
**С.** Футбол, волейбол, хоккей æмæ а. д.
**Хъ.** Цавæр иунæгон спорты хуызтæ зонут?
**С.** Гимнастикæ æмæ а. д.
**Хъ.** Тынг хорз! Сабитæ, æмæ спортсментæ ерысты кæм вæййынц, кæм сын раттынц призтæ, кубоктæ, майдантæ?
**С.** Олимпиадæты, ерысты (соревнования).
**Хъ.** Мах абон дзырдтам спорты, спортсменты тыххæй. Скæнæм уæдæ хатдзæгтæ. Зæгъут-ма, спорт æрмæстдæр спортсментæн у?
*Сабиты дзуæппытæ. Æрхæстæг сæ кæнын ахæм дзуапмæ: «Нæ, спорт спортсменты хъæуы, цæмæй сæ Райгуырæн бæстæйы кад бæрзонд исой, адæмы, сабиты та спорт хъæуы, цæмæй тыхджын, æнæниз, цырддзаст æмæ къæрцхъус уой царды алы уавæры дæр.*
**Хъ.** Ныр та иумæ зæгъæм, алы хатт зарядкæйы фæстæ цы дзырдтæ фæзæгъæм, уыдон: «Бузныг зарядкæйæн иумæ зæгъдзыстæм. Не ’нæниздзинадыл фидар хæцдзыстæм!»

*20 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ».**
**Темæ: «Бæстæ хъахъхъæнджытæ».**
**Нысантæ:**

- Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ Уæрæсейы æфсады тыххæй. Ахуыр сæ кæнын æфсæдты нывтæ – символтæ классификаци кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад.

Гуырын сæм кæнын уарзондзинады, сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ Уæрæсейы æфсадмæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Асæй алыхуызон зиллæччытæ: æрвхуыз, сырх, кæрдæгхуыз, бур; предметон нывтæ æмæ алыхуызон æфсæдтимæ баст нывтæ.

**Райуаринаг.** Маркертæ; карточкæтæ: сæ уæлæ 1 – 10-онг цифрæтæй нысангонд стъæлфытæй æвдыст æфсæдтон техникæйы нывтæ: Иу карточкæйыл иу ныв.

**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ хъазт «Куыд цæрут?»-æй ахъазын.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм хъазт «Куыд цæрут?». Фынæй куыд кæнут?

**С.** Мæнæ афтæ. *(Цæстытæ ацъынд кæнынц, армытъæпæнтæ – русы бын.)*

**Хъ.** Уæд куыд сыстут?

**С.** Мæнæ афтæ. *(Фæрсæрдæмты акæнынц къухтæ, сæхи айвазынц.)*

**Хъ.** Хæргæ куыд кæнут?

**С.** Мæнæ афтæ. *(Уидыгæй хæрыны имитаци.)*

**Хъ.** Тагъд куыд кæнут?

**С.** Мæнæ афтæ, *(Къухтæ рæмбыныкъæдзты къæдзгондæй, афтæмæй мидбынаты рог дугъ кæнынц.)*

**Хъ.** Цæугæ куыд кæнут?

**С.** Мæнæ афтæ. *(Мидбынаты сабыр цыд.)*

**Хъ.** Заргæ куыд кæнут?

**С.** Мæнæ афтæ. *(Зарды имитации, дзых гом кæнынц, цыма заргæ кæнынц.)*

**Хъ.** Уæд куыд цæрут?
**С.** Мæнæ афтæ. *(Тымбыл къухтæ хæрдмæ сисынц, стыр æнгуылдз равдисгæйæ.)*
**Хъ.** Ныр та æрбадæм гауызыл. Зæгъут-ма, цавæр планетæйыл цæрæм?
**С.** Планетæ Зæххыл.
**Хъ.** *(райсы стыр æрвхуыз зиллакк æмæ йæ гауызыл æрæвæры).* Зæгъут-ма, цавæр бæстæйы цæрæм?
**С.** Мах цæрæм Уæрæсейы.
**Хъ.** *(райсы стыр сырх зиллакк, æрæвæры йæ æрвхуыз зиллаккыл).* Цавæр республикæйы цæрæм?
**С.** Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы.
**Хъ.** *(райсы къаддæр кæрдæгхуыз зиллакк æмæ йæ æрæвæры сырх зиллаккыл.)* Цавæр горæты цæрæм?
**С.** Дзæуджыхъæуы.
**Хъ.** *(райсы кæрдæгхуызæй къаддæр бур зиллакк æмæ йæ æрæвæры кæрдæгхуыз зиллаккыл.)* Ныр та æркæсæм, цы нæм рауадис, уымæ. Райдайæм, цы горæты цæрæм, уымæй.
**С.** Дзæуджыхъæу ис Цæгат Ирыстоны, уый у Цæгат Ирыстоны сæйраг горæт. Цæгат Ирыстон та ис Уæрæсейы æмæ у Уæрæсейы хай. Уæрæсе та ис Зæххыл æмæ у планетæйы хай.
**Хъ.** Тынг хорз. Зæгъут-ма, Уæрæсейы ма æндæр республикæтæ ис?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Нæ планетæйыл та æндæр бæстæтæ ис? Цавæртæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз! Æмæ, цымæ, горæттæ, республикæтæ, бæстæтæ цæмæй хицæнгонд сты кæрæдзийæ?
**С.** Уыдон хицæнгонд сты арæнтæй.
**Хъ.** Раст загътат! Ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, арæнтæ хъæуы хъахъхъæнын æви нæ? Кæд о, уæд кæмæй?
**С.** Арæнхъахъхъæнджытæ сæ хъахъхъæнынц знæгтæй æмæ

фыдгæнæг адæмæй.
**Хъ.** Сывæллæттæ, февралы мæйы та адæм цавæр бæрæгбон бæрæг кæнынц? Уыцы бон арфæ фæкæнынц бабатæн, дадатæн æмæ æппæт нæлгоймæгтæн?
**С.** Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон.
**Хъ.** Зæгъут-ма, кæмæн у йæ бон Фыдыбæстæ хъахъхъæнын, стæй йæ чи хъуамæ хъахъхъæна?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Раст загътат. Æркæсут-ма, цæйбæрц нывтæ мæм ис, уымæ. Ацы нывтæй равзарут, æфсадимæ дзы кæцытæ баст сты, уыдон æмæ сæ зиллаккыл æрæвæрут.
*Стыр хуынхæссæн тæбæгъыл – алыхуызон предметты нывтæ, се 'хсæн – алыхуызон æфсæдтимæ баст нывтæ дæр: уæлдæфон (шлем, кæсæнцæстытæ, хæдтæхæг, вертолет (парашют), арæнхъахъхъæнæг (бинокль, куыдз, арæнцæджындз), денджызон флот (якорь, ирвæзынгæнæг зылд, бескозыркæ), æфсæддон тыхтæ (автомат, каскæ, кирз цырыхъхъытæ, танк, уæзласæн машинæ æмæ а. д.*
*Сабитæ архайынц, хъомылгæнæг сæм йæ хъус дары æмæ сын æххуыс кæны.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та, цавæр æфсæдтæ нæ хъахъхъæнынц, уый тыххæй аныхас кæнæм. Зæгъут-ма, нæ арæнтæ нын чи хъахъхъæны?
**С.** Арæнхъахъхъæнджытæ.
**Хъ.** Уæдæ уыдон сты арæйнаг æфсæдтæ *(пограничные войска).*
**Хъ.** Арвæй, уæлдæфæй та нæ чи хъахъхъæны?
**С.** Уæлдæфон æфсæдтæ, тæхджытæ.
**Хъ.** Денджызы 'рдыгæй та нæ чи хъахъхъæны?
**С.** Денджызон æфсæдтæ, денджызон флот.
**Хъ.** Нодджы ма нæ бæстæ хъахъхъæнынц сурфæндагон (сухопутный) æфсæдтæ æмæ хуыйнынц «фистæг æфсад» – «пехота». Мæнæ уын ахæм хæслæвæрд: фæдих уыдзыстут

æфсæдты 4 къордыл æмæ алы къорд дæр равзардзæн, цы нывтæ йæ хъæуы, уыдон.

*Сабитæ, æфсæдтæм гæсгæ, нывтæ æвзарынц æмæ хъомылгæнæгимæ иумæ хатдзæгтæ кæнынц.*

**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут ацы хæслæвæрдимæ! Зæгъут-ма, салдæттæ хъуамæ цавæртæ уой?

**С.** Хъуамæ уой тыхджын, зондджын, цырддзаст.

**Хъ.** Чызджытæн дæр сæ бон у æфсадмæ цæуын?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æмæ цы куыст кæнын у сæ бон æфсады?

**С.** Медицинон хотæ салдæтты дзæбæх кæнынц; алыхуызон æфсæддон скъолаты салдæтты ахуыр кæнынц; салдæтты хæринаг кæнын ахуыр кæнынц. Сæ бон у салдæттæ уæвын дæр.

**Хъ.** Зæгъут-ма, сымахæй та æфсадмæ чи цæудзæн? Цæмæн?

*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*

**Хъ.** Хорз! Ныр та хъазгæ акæнæм. Хъазт хуыйны «Ма фæрæди». Цы кæнын хъæуы, уый уын æз дзурдзынæн, уемæ архайдзынæн, фæлæ раст нæ – хæццæ уæ кæндзынæн. Сымах та лæмбынæг хъусут æмæ æрмæстдæр, цы дзурон, уый кæнут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Зæгъæм: къухтæ – хæрдмæ, хъомылгæнæг – бынмæ; къухтæ – бынмæ, хъомылгæнæг – хæрдмæ; размæ атасын, хъомылгæнæг та – фæстæмæ æмæ а. д.).*

**Хъ.** Тынг хорз! Цæмæй къæрцхъус уæм, уый хорз у æви æвзæр? Уæдæ ахъазæм хъазт «Хорз – æвзæр»-æй. Ранымайут, æфсады «æвзæрæй» цы ис?

**С.** Салдæттæ сæ хæдзæрттæй дард вæййынц, нæ фæуынынц сæ ныййарджыты, у дзы тæссаг æмæ зын, хъæуы дзы раджы стын, хъæуы бирæ зонын æмæ кусын æмæ а. д.

**Хъ.** Хорз та цæмæй у?

**С.** Хорз у Фыдыбæстæ хъахъхъæнын, æфсады тыхджын,

æвзыгъд æмæ цырддзаст суæвæн ис, ныййарджытæ сæрыстыр уыдзысты сæ цотæй æмæ а. д.

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, цæмæй дунейыл хæстытæ макуал æрцæуа, уый тыххæй адæм цы хъуамæ бакæной? Цæмæй арæнтæ хъахъхъæнын ма хъæуа?

**С.** Адæм хъуамæ цæрой хæларæй, кæрæдзи уарзгæйæ, кæрæдзи зæрдæхудты ма цæуой æмæ сайгæ ма кæной, хъуамæ уарзой сæ Фыдыбæстæ æмæ кæрæдзийæн аргъ кæной.

**Хъ.** Раст загътат! Фæлæ ныртæккæ бынтон сабыр нæма у рæстæг, уымæ гæсгæ нын æнæ æфсадæй сабырæй нæй цæрæн! Ноджы ма уын иу хæслæвæрд. Стъолтыл уын цы карточкæтæ ис, уыдонæн се стъæлфытæ баиу кæнут цифрæтæм гæсгæ (1–10 онг). Раст сæ куы баиу кæнат, уæд фендзыстут æфсæддон техникæйы нывтæ.

*(Сабитæ стъæлфытæ иу кæнынц æмæ карточкæтыл разыны: танк, хæдтæхæг, вертолет, нау, бæлæгъ, уæзласæн машинæ æмæ а. д.).*

**Хъ.** Цавæр транспорт уæм рауадис æмæ цавæр æфсады хъæуы?

**С.** Хæдтæхæг, уым тæхынц уæлдæфон флоты тæхджытæ. Танк. Хъæуы сурфæндагон æфсæдты, уым фæбадынц танкисттæ. Уæзласæн машинæ. Ахæм уæзласæн хъæуы арæнхъахъхъæнджыты, сурфæндагон æфсæдты æмæ ма суанг уæлдæфон æмæ денджызон флоты дæр.

**Хъ.** Тынг хорз! Абон мах цæй тыххæй дзырдтам? Тынг раст: Уæрæсейы æфсады тыххæй! Цы нæ бамбæрстат? Уæ зæрдæмæ та цы фæцыд?

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг».**
**Темæ: «Цы ми кæнæм æнæ уалдзæг?»**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ уалдзæджы тыххæй, хъæддаг сырд æмæ мæргъты царды тыххæй, цардæгас æмæ æдзард æрдзы баст-дзинады тыххæй.

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ фæлгæнæн.

– Æрдз куыд уарзой æмæ йыл куыд аудой, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Морфологион таблицæ «Уый кæд вæййы», зиллакк «Афæдзы афонтæ». Нывтæ: хур, зайæгойтæ, сасчытæ, цæрæгойтæ, адæймаг, дидинæг.
**Райуаринаг.** Маркертæ, æппæт афæдзы афонтимæ (фылдæр – уалдзæгимæ) баст нывтæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Тезгъойы рæстæг сабитимæ сахуыр кæнын хъазт «Мыдыбындзытæ».

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цавæр зæрдæйы уаг уын ис? Кæрæдзи зæрдæмæ цæут? Æмæ йæ уæдæ зæгъут кæрæдзийæн.
*Сабитæй алчи йæ комкоммæ лæууæг сабийы къухтыл æрхæцы æмæ дзуры ахæм фразæ: «Мæ зæрдæмæ цæуы дæ зæрдæйы уаг (дæ хæларзæрдæ, дæ мидбылхудт æмæ а. д. Фыццаг райдайы хъомылгæнæг.*
**Хъ.** Ахæм ныхæсты фæстæ адæймагæн йæ зæрдæйы

уаг зынгæ фæхуыздæр вæййы. Раст нæ зæгъын? Ныр та байхъусут ирон поэт Цæгæраты Гигойы æмдзæвгæ – уыци-уыцимæ. Лæмбынæг хъусут, фæстаг дзырд хъуамæ уæхæдæг зæгъат.

Цæй диссаджы бæстырæсугъд
Æрцыдис нæм цъæх дарæсы.
Фæсхохæй рацыд æмæ дард
Дæлæмæ коммæ ракæсы.
Йæ фарсмæ згъорынц митзæйтæ,
Куыд уайынц, афтæ атайынц.
Æрхаста йемæ дидинтæ,
Кæс, мæргътæ дæр æрбатæхынц.
– Фæнды мæн дæр сымахимæ
Уæ ног хъæзтытæй ахъазын!
– Уыдзынæ ныр ды махимæ,
Зæгъ нын дæ ном, кæд дын нæу зын.
– Мæ ном – цыбыр, мæ уынд та – хъæлдзæг,
Зæгъут-ма, уæдæ, чи дæн…

**С.** Уалдзæг!
**Хъ.** Тынг хорз, базыдтат æй. Сывæллæттæ, æмæ уалдзæг та цы у?
**С.** Уалдзæг у афæдзы афон.
**Хъ.** Цавæр уалдзыгон мæйтæ зонут?
**С.** Мартъи, апрель, май (тæргæйтты мæй, хуымгæнæны мæй, Зæрдæвæрæны мæй.)
**Хъ.** Ныр та иумæ ахъазæм хъазт «Хорз – æвзæр»-æй. Зæгъут-ма, уалдзæджы «æвзæрæй» цы ис?
**С.** Къуыбырæй дзоныгътыл нæ вæййы хъазæн, митын лæг скæнæн, миткъуыбæрттæй хъазæн æмæ а. д.
**Хъ.** Хорз та цæмæй у уалдзæг?
**С.** Мит атайы, æрдз æрыхъал вæййы, мæргътæ æртæхынц, хъарм дарæс кæнын нæ нал фæхъæуы.
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та уæ цæстытыл ауайын кæнут, цыма

зымæг Уалдзæджы хæстæг не ’рбауагъта, æмæ Уалдзæг нæ ралæууыд! Цы ми кæндзæн уæд адæймаг æмæ цы æрцæудзæн æрдзы дæр? *(Зæгъы сабитæн, цæмæй гауызмæ бахизой.)* Æрбакæсут-ма, æз уын æрцæттæ кодтон цымыдисаг таблицæ. Æркæсæм æм æмæ йæ бахъуыды кæнæм. *(Морфологион таблицæ «Уый кæд вæййы», æвзарынц 2 афæдзы афоны – зымæг æмæ уалдзæг. Сабитæ схематикон хуызы таблицæйыл нывтæ кæнынц. Хъомылгæнæг фæрстыты руаджы æххуыс кæны сабитæн.)*

**Уый кæд вæййы?**

| | уарын | зайæгойтæ | бон | сасчытæ | хур |
|---|---|---|---|---|---|
| Зымæг | *• * | фынæй кæнынц | | фынæй кæнынц | ☼ нæ хъарм кæны |
| Уалдзæг | *• | райхæлынц, ракалынц | | æрыхъал вæййынц | ☼ хъарм кæны, тынг тæвд кæны |

**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут ацы хæслæвæрдимæ! Зымæг æмæ уалдзæг абарстам. Ныр та æркæсут мæнæ ардæм, ай цавæр зиллакк у?
**С.** Афæдзы афонты зиллакк.
**Хъ.** Ацы нывты хæрхæй равзарут, æрмæстдæр уалдзæгмæ кæцытæ хауы, уыдон. Зиллаккыл сæ æрæвæрут.
*Сабитæ архайынц, æмбарын кæнынц сæ архайд.*
**Хъ.** Хорз. Æрбалæуут фланелеграфы размæ *(кæнæ магнитон фæйнæгмæ)*. Ныр та уæ цæстытыл ауайын кæнут, цыма уалдзæг ралæууыд. Цы æрцæудзæн æрдзы? Цы ми кæндзæн хур?

*(Магнитон фæйнæгыл æвæры нывтæ, сабитæ та дзурынц, æрдзы цы æрцæудзæн, уый. Хъомылгæнæг сын æххуыс кæны.)*
**С.** Хур нæ тавдзæн. Æппынæдзух уыдзæн уазал.
**Хъ.** Æмæ кæд хур нæ тавдзæн, уæд цы не 'рцæудзæн?
**С.** Мит нæ атайдзæн.
*(Хъомылгæнæг æрæвæры зайæгойты ныв.)*
**С.** Зайæгойтæ миты бынæй не сзайдзысты, бæлæсты къалиутæ нæ фæкъуыбар уыдзысты, нæ сыл фæзындзæн сыфтæ, кæрдæг миты бын баззайдзæн.
**Хъ.** Цавæр уалдзыгон зайæгойтæ æмæ дидинджытæ зонут?
**С.** Малусæг, джыджына, къаппа-къуппа æмæ а. д.
*(Хъомылгæнæг æрæвæры сасчыты ныв.)*
**С.** Сасчытæ дæр нæ райхъал уыдзысты, уымæн æмæ уазал у æмæ зайæгойтæ дæр нæй.
*(Хъомылгæнæг равæры цъиуты ныв.)*
**С.** Мæргътæ хъарм бæстæй не 'рбатæхдзысты. Уымæн æмæ у уазал, нæй сын, цы хæрой уый, ома сасчытæ, нæ рауадздзысты лæппынтæ, не скæндзысты ахстæттæ.
Хъ. Цавæр цъиутæ нæм æрбатæхы уалдзæджы?
**С.** Зæрватыкк, цъиах (грач), чъима (стриж), булæмæргъ æмæ а. д.
**Хъ.** *(равæры арсы ныв).* Уæд цæрæгойты дунейы та цы æрцæудзæн?
**С.** Арс, уызын, кæлмытæ æмæ хæфсытæ нæ æрыхъал уыдзысты; тæрхъус æмæ æхсæрсæттæг нæ аивдзысты сæ хъуын. Тæрхъус баззайдзæн урс кæрцы, не суыдзæн фæныкхуыз; æхсæрсæттæг та нал суыдзæн бурдзалыг, фæлæ фæныкхуызæй баззайдзæн. Æмæ сын уыдзæн тынг уазал.
**Хъ.** Рувас æмæ бирæгъ дæр сæ зымæгон хъарм кæрцыты цæудзысты. Æмæ цымæ цæрæгойтæн лæппынтæ фæзындзæн?

**С.** Нæ, уымæн æмæ цæрæгойтæн уалдзæджы фæзыны лæппынтæ, уæд вæййы хъарм æмæ хæринагхъуаг нæ вæййынц.

**Хъ.** *(æрæвæры адæймаджы ныв).* Адæймагæн та куыд аивдзæн йæ цард?

**С.** Адæм дæр сæ хъарм зымæгон дарæс нæ раивдзысты. Нæ байтаудзысты сæ быдыртæ, не 'рзайдзæн халсартæ æмæ дыргътæ. Сæ фароны æвæрæнтæ куы фæуой, уæд сын ногтæ нæ уыдзæн, адæм нæ хæрдзысты, бирæ витаминтæ кæм ис, уыцы халсартæ æмæ дыргътæ. Хæдзарон фос æмæ мæргътæ дарын сæ бон нæ уыдзæн, уымæн æмæ уыдонæн хъæуы кæрдæг, хос, хор.

**Хъ.** Æмæ уæд сæрд та? Ралæудзæн?

**С.** Сæрд дæр нæ ралæудзæн, уымæн æмæ уый раивы уалдзæджы, уæдæ фæззæг дæр нæ уыдзæн, фæззæг та раивы сæрды!

**Хъ.** Зæгъут-ма уæдæ, уæ зæрдæмæ цæуы æрмæстдæр зымæгон цард кæнын? Цæуылнæ?

**С.** Нæ цæуы! Нæй хи найæн, ленк кæнæн, хурмæ фæллад уадзæн, дидинджытæ æмбырд кæнæн æмæ а. д.

**Хъ.** О, раст загътат. Мæнæн дæр æнкъард хъуыдытæй мæ сæр байдзаг. Фæлæ, нæ амондæн, алцыдæр йæ рæстæгыл æрцæуы. Æмæ афæдзы афонтæ дæр кæрæдзи ивгæ цæуынц. Зымæджы фæстæ æрдз æрыхъал уыдзæн æмæ мыдыбындзытæ æрбатæхдзысты дидинджытæй нектар æмбырд кæнынмæ. Уæ цæстытыл ауайын кæнут, цыма сымах стут «мыдыбындзытæ». Изæрæй æрæмбырд стут иу чысыл æрдузы æмæ бафынæй стут. *(Сабитæ дзуццæджы æрбадынц æмæ сæ цæстытæ бацъынд кæнынц.)* Райсомæй та… *(Хъомылгæнæг кæсы æмдзæвгæ, сабитæ æмдзæвгæйы ныхæстæм гæсгæ змæлынц.)*

Хур райсомæй ракастис
Мыдыбындз æрыхъал ис.
Мидбыл худы, хи ивазы,
Иу – æртæхæй йæхи ахсы.
Ныр дыууæ – рæсугъд æркафы,
Æртæ – дидинæгыл æрбады.
Уæд цыппар – йæхиуыл схæцы
Æмæ дарддæр ныр фæтæхы.
(1 – 2 хатты хъазынц.)

*Слæууынц, сæ цæстытæ сæрфынц.*
*Бахудынц, ивазынц се уæнгтæ.*
*Сæхи «æхсынц». Зилдух кæнынц.*
*Æрбадынц. «Тæхынц» æмæ дыв-дыв кæнынц.*

**Хъ.** Тынг хорз мыдыбындзытæ стут. Ныр та ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, зæрватыкк халоны цæмæй бафæрсид?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Уæд бирæгъ та арсы уалдзæджы цæмæй бафæрсид?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз. Абон мах цы сбæрæг кодтам? Цы нæ бамбæрстат? Цæй уæдæ нæ ахуыры кæрон скæнæм уалдзыгон дзырдтæй рæхыс, цæмæй нæ уалдзæг макуыдæм ацæуа.
*Сабитæ, зылды лæугæйæ, дидинæг кæрæдзимæ дæттынц, æмæ алчидæр зæгъы «уалдзыгон» дзырд.*

*22 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг».**
**Темæ: «Уалдзыгон куыстытæ».**
**Нысантæ:**

– Уæрæхдæр кæнын æмæ ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ уалдзыгон куыстыты тыххæй: быдырты, цæхæрадæтты, дыргъдæтты, паркты. Предметты æхсæн ассоциативон æмæ ситуативон бастдзинæдтæ бæлвырд кæнын.

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ алфам-

былай дунейы тыххæй. Быдырты, цæхæрадæтты, дыргъдæтты, паркты чи фыдæбон кæны, уыдоны куыстæн аргъ куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Магнитон фæйнæг (кæнæ цавæрфæнды æрмæгæвдисæн фæйнæг), нывтæ: бел, халамæрзæн, малусæг, трактор, бæлас, сыфтæртæ (райсæн ис æндæр нывтæ дæр, фæлæ − хæслæвæрды мидисмæ гæсгæ), системон оператор.

**Райуаринаг.** «Уалдзæджы» темæмæ гæсгæ сюжетон нывтæ, кæцытыл æвдыст цæуы быдыры, парчы, дыргъдоны, аллейы, цæхæрадоны куыстытæ. Цъæх хъæдындз, хъонтхора æмæ петрушкæйы тауинæгтæ ныссадзынæн архайæн фæрæзтæ.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, базонут ацы уыци-уыци:

Фæцъæх та вæййынц быдыртæ,
Фæзыны та цъæх сыфтæртæ.
Ыскæнын дарæс бæлæстыл
Æмæ æруарын зад хуымтыл.
Мæ уындæй адæймаг у хъæлдзæг,
Зæгъут-ма, уæдæ чи дæн…

**С.** Уалдзæг!

**Хъ.** Раст загътат. Уалдзæг куы ралæууы, уæд нын куыд æхсызгон вæййы, уый равдисут. Нæхи хурмæ тавæм, равдисут, куыд æхсызгон уын у хуры хъарм, уый. Тынг хорз, ныр та уын сбæрæг кæндзынæн уæ хъусдард æмæ хъуыдыкæнынад. Зæгъут, цы уалдзыгон дзырдтæ зонут, уыдон.

**С.** Къанау, малусæг, байтауын, къуыбар (почка), нæрсын æмæ а. д.

**Хъ.** Сабитæ, мах хъуамæ абон сбæрæг кæнæм, адæм уалдзæджы цы куыстытæ фæкæнынц, уый. Алчидæр уæ райсад иу ныв æмæ радзурут, цы фæкусынц адæм уалдзæджы.

*(Сабитæ райсынц нывтæ. Нывты цы уынынц, уый дзурынц. Дарддæр хъомылгæнæг сабиты фæйнæгмæ ракæны.)*

**Хъ.** Ныр та ахæм хæслæвæрд. Фæйнæгыл ис алыхуызон предметты нывтæ æмæ сын зæгъут сæ нæмттæ. Ныр та лæмбынæг хъусут хæслæвæрдмæ. Æз дзурдзынæн дзырдтæ, сымах та дзурдзыстут уыцы дзырдтимæ баст нывтæ.

*(Хъомылгæнæг дзуры: быдыр, хъæд, фæз, цæхæрадон, бæлас. Фæйнæгыл – нывтæ: бел, халамарзæн, малусæг, бæлас, кæрдæг, сыфтæртæ, трактор. Сабитæ дзурынц алы дзырдæн дæр йæхи ныв. Зæгъæм: цæхæрадон – бел, быдыр – трактор æмæ а. д.)*

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та хъуамæ, æз цы дзырд зæгъон, уымæ хъæугæ дзырд ссарат. Сабитæ, къахгæ цы фæкæнынц?

**С.** Зæхх.

**Хъ.** Фæлмæн та цы фæкæнынц?

**С.** Хуымтæ, зæхх.

**Хъ.** Хъацæнтæ цæуыл фæкæнынц?

**С.** Зайæгойтыл, зæххыл.

**Хъ.** Садзгæ цы фæкæнынц?

**С.** Мыггæгтæ, æвзартæ (рассада).

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та хъуамæ æрныхас кæнæм ахæм фарстыл: дыргъдонгæс (садовник) цæмæн фæтагъд кæны паркты æмæ скверты бæлæстæ æмæ дидинджытæ садзыныл.

*Сабиты дзуæппытæ.*

Хъ. Колхозонтæ быдырты цæмæн кусынц тракторыл?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Адæм цæхæрадæтты цæмæн скæнынц хуымтæ, цæмæн

ныссадзынц мыггæгтæ æмæ æвзартæ?
*Сабиты дзуæппытæ. (Хъомылгæнæг сын сæ дзуæппытæ бараст кæны.)*
**Хъ.** Хорз. Ныр та æркæсæм нæ диссаджы экранмæ æмæ фенæм, бæласæн цавæр «цардвæндаг» ис, уымæ.
*(Системон операторимæ куыст. 9 хайыл дихгонд сыф. Астæуæй – бæласы ныв, дарддæр, дзургæйæ кæнæ та схемæтæ-нывты руаджы, алы экран дæр фæнысан кæнын.)*

| | | |
|---|---|---|
| ☼ ☼ 6 | хъæд, парк, дыргъдон 3 | 9 |
| 4 | бæлас 1 | 7 |
| 5 | 2 | 8 |

**Контролон фæрстытæ:**
1. Ай цы у? Цы зоны бæлас, йæ бон цы у?
2. Цавæй хæйттæй арæзт у? *(Уидаг, зæнг, къалиутæ.)* Цæмæн хъæуы алы хай дæр?
3. Кæм фенæн ис бæлас? *(Хъæды, парчы, дыргъдоны.)* Чи сты йе 'мбæлттæ? Цæмæй рæза, уый тыххæй цы хъæуы?
4. Цавæр уыдис раздæр? Куыд фæзынд?
5. Цавæр хæйттæ йын уыдис? *(Гыццыл уидаг, æвзар, гыццыл сыфтæ.)*
6. Цы хъæуы бæласы, цæмæй суа стыр æмæ тыхджын?
7. Куыд аивдзæн бæлас сомбон? Цы дзы рауайдзæн?
8. Куыд аивдзысты йæ хæйттæ? *(Бæласы зæнджы фæзындзæн мæра, йæ къалиутæ бахус уыдзысты æмæ а. д.)*
9. Æрдзыл куыд фæбæрæг уыдзæн афтæмæй?
«Хорз» кæмæн уыдзæн? *(Æрыгон бæлæстæм фылдæр хæццæ кæндзæн рухс, цæрдзысты дзы алыхуызон сасчытæ, æхсæрсæттæг, мæргътæ).* «Æвзæр» та цæмæй уыдзæн? *(Нæ уæлдæф къаддæр сыгъдæггонд цæудзæн.)*
**Хъ.** Скæнæм хатдзæг. Бæласы *(æвзары, дидинæджы æмæ*

*а. д.)* ӕнӕмӕнг хъӕуы: хъарм, рухс, дон, уӕлдӕф, ахадгӕ буаргъӕдтӕ (питательные вещества). Уыдон куы уой, уӕд бӕлас уалдзӕджы «ӕрыхъал» вӕййы.

*Райсӕн ис бӕлас нӕ, фӕлӕ ӕндӕр зайагой дӕр, зӕгъӕм: пъӕмидор, мӕймӕбулкъ, фӕткъуы бӕлас ӕмӕ а. д. Ӕнӕмӕнг 9 экраны нӕ хъӕуы ӕвзарын, равзарӕн ис 5 экраны (сабитӕ цӕйбӕрц активон уой ӕмӕ рӕстӕг куыд амона, уымӕ гӕсгӕ). Рӕстӕг куы уа, уӕд ӕркӕсӕн ис иннӕ экрантӕм дӕр.*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та мах иумӕ нӕ зайӕгойтӕ, нӕ халсарты кой бакӕндзыстӕм. *(Рагацау ӕрцӕттӕ кодта мӕримӕ бӕрцуат тауинӕгтӕн. Ныссадзӕн ис уырыдзыйы ӕмӕ мӕймӕбулчъы мыггӕгтӕ дӕр.)*

**Хъ.** Тынг хорз сарӕхстыстут ацы хӕслӕвӕрдмӕ дӕр. Ӕмӕ ныр ӕнхъӕлмӕ кӕсдзыстӕм, кӕд сӕвзӕрдзысты, уымӕ. Цӕмӕй тыллӕг ӕрзайа, уый тыххӕй цы кӕнын хъӕуы?

**С.** Зӕхх фӕлмӕн кӕнын, ӕвзартыл дон кӕнын.

**Хъ.** Тынг хорз! Мӕнӕн мӕ зӕрдӕмӕ тынг фӕцыдис, абон куыд архайдтам, уый. Сымах зӕрдӕмӕ та?

*23 ахуыр*

**Иумӕйаг темӕ: «Дӕхи хъахъхъӕн – фыдбылыз!»**
**Темӕ: «Артимӕ арӕхстгай архай».**
**Нысантӕ:**

– Сабиты зонындзинӕдтӕ зынгирвӕзты тыххӕй уарӕхдӕр кӕнын.

– Рӕзын кӕнын сабиты хъусдард ӕмӕ хъуыдыкӕнынад.

– Зӕрдӕргъӕвд куыд уой, ныфсджын ӕмӕ уӕндонӕй куыд архайой ӕмӕ артхуыссынгӕнӕджы дӕсныйадӕн аргъ куыд кӕной, уыцы хуызы сӕ хъомыл кӕнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Зынгирвæзты тематикон плакаттæ. Æрмæгæвдисæн фæйнæг, нывтæ: спичкæтæ, арт, артхуыссынгæнæн машинæ; 2 зиллаччы: бур æмæ кæрдæгхуыз. Алыхуызон уавæртæ æвдисæг нывтæ æмæ уыцы нывтæм – архайдæвдисæг нывтæ.
**Райуаринаг.** Сигналон карточкæтæ: иуæрдыгæй – кæрдæгхуыз, иннæрдыгæй – сырх.
Рагагъоммæйы куыст. Бакæсын С. Маршакы уацмыс «Пожар». «Рассказ о неизвестном герое». О. Иоселианийы «Пожарная команда».

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ æрмæгæвдисæн фæйнæджы алыварс цæлхдымбылæй лæууынц. Сæ разы гыццыл стъолыл – нывтæ: спичкæтæ, арт (зынг), артхуыссынгæнæн машинæ æмæ 2 –3 æндæр (цавæрфæнды) нывы.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, уарзут уыци-уыцитæ? Уæдæ сын сымах та сын хъуамæ сæ дзуæппытæ æвдисæн фæйнæгыл равæрат. Стæй уæд уыцы нывтæм гæсгæ уæхæдæг бамбардзыстут, абон цæй тыххæй дзурдзыстæм, уый. Цæттæ стут?

1. Сæдæ хойы хæларæй
Цæрынц талынг хæдзары.
Уыцы хотæй алчи дæр
У йæхæдæг зынг, цæхæр. *(Спичкæтæ.)*

2. Куы вæййы уæздан, нæуæндаг,
Куы лæбуры знагау йе ’взаг.
Куы йæ алыварс æрбадæм
Æмæ йæм нæ къухтæ тавæм. *(Арт.)*

3. Уасгæ размæ уый тындзы,
Уынæрæй байдзаг уынг.
Æнæ бæллæхæй афоныл
Ныххуыссын кæндзæн зынг.
*(Артхуыссынгæнæн машинæ.)*

**Хъ.** Уæдæ абон цæуыл дзурдзыстæм?
**С.** Мах абон дзурдзыстæм зынджы тыххæй, цæмæн вæййы зынгирвæзт, дзурдзыстæм артхуыссынгæнджыты тыххæй.
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, зынг «Хорз» у æви «æвзæр»?
**С.** Хæдзар хъарм дары, ис ыл хæринаг сфыцæн. Знæгтæй-иу тæссаг куы уыдис, уæд-иу, хабар иннæ хъæумæ фехъусыны тыххæй, нæ фыдæлтæ мæсгуыты сæр æртытæ скодтой.
**Хъ.** Æнæ спичкæтæй куыд ис арт скæнæн?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æмæ уæд «æвзæр» та цæмæн у зынг?
**С.** Зынгæй ис басудзæн. Гæнæн ис, хæдзар, дзаумæттæ, хъæд, сырдты кæнæ адæмы цæрæн бынæттæ басудзой. Иу дзырдæй, алцы ’ппæт дæр.
**Хъ.** Хорз уæдæ, куыд загътам, афтæмæй зынг вæйы «зæрдæхæлар» дæр æмæ «знæт» дæр. Æмæ цымæ цæмæн свæййы «знæт»? Аххосджын чи вæййы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Нуртæккæ мах ахъаздзыстæм хъазт «Цы æмбæлы – цы не ’мбæлы»-йæ. Куыд хъуыды кæнут, «цы ’мбæлы», уый цавæр хуыз бæрæг кæны?
**С.** Кæрдæгхуыз!
**Хъ.** Цы не ’мбæлы, уый та?
**С.** Сырх!
**Хъ.** Æз дзурдзынæн зынгирвæзтæй бахъахъхъæныны домæнтæ, сымах та карточкæйы хъæугæ хуыз æвдисдзыстут. Цæттæ стут?
**С.** О!

**Хъ.** Зынгирвæзты рæстæг иннæ уатмæ алидзын.
– Судзгæ спичкæ æппарын.
– Зынгирвæзт куы уа, уæд хъæр кæнын, æххуысмæ дзурын.
– Спичкæтæй хъазын.
– Зынгирвæзт хуыссын кæныныл архайын.
– Иту кæнæ цайдан точы иугондæй ныууадзын.
– Артхуыссынгæнджытæм адзурын.
– Цæмæй фæздæджы ма фæхудыг уай, уый тыххæй уымæл къухмæрзæнæй фындз æмæ дзых сæхгæнын.
*Сабиты дзуæппытæ. (Кæд уыцы сæр хъæуы, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та уын зындæр хæслæвæрд ратдзынæн. Æркæсут-ма мæнæ ацы дыууæ зиллаккыл æвæрд нывтæм. Кæрдæгхуыз зиллаччы ис фæрстытæ, буры та – дзуæппытæ. Алы саби дæр райсдзæн кæрдæгхуыз зиллаккæй цавæрдæр уавæр æвдисæг ныв æмæ йын йæ дзуапп ссардзæн, бур зиллаккыл цы нывтæ ис, уыдоны ’хсæн. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, сæ дзуæппытæ сбæлвырд кæнынц. Кæд исчи хъуылымпы кæна, уæд иумæ архайынц, хъомылгæнæг сын фæрстыты руаджы æххуыс кæны.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Ацы хæслæвæрдимæ дæр сарæхстыстут. Ныр та лæмбынæг æрбакæсут плакаттæм æмæ зæгъут, зынгирвæзтæй адæмы чи хъахъхъæны?
*(Сабитæ хæстæгдæр æрбалæууынц артхуыссынгæнджыты плакаттæм.)*
**Хъ.** Артхуыссынгæнджытыл цавæр уæлæдарæс ис? Цæмæн?
*Сабитæ дзурынц. Хъомылгæнæг сын æххуыс кæны, цæмæй æрхæстæг уой ахæм хъуыдымæ: сæ уæлæ сæрмагонд дарæс, сæ сæртыл – шлемтæ, улæфæн аппараттæ, сæ къухтыл – æрмкъухтæ, сæ къæхтыл – цырыхъхъытæ.*
**Хъ.** Цавæр транспортыл бахæццæ вæййынц уайтагъд, зынгирвæзт кæм ис, уырдæм?

**С.** Артхуыссынгæнæн (пожарная) машинæйыл.
**Хъ.** Зынгирвæзт та цæмæй ахуыссын кæнынц?
**С.** Дон кæнæ фынкæй.
**Хъ.** Зæгъут-ма уæдæ, цымæ артхуыссынгæнæджы дæсныйад тæссаг у æви нæ? Æмæ, цымæ, адæмæн пайда у уыцы дæсныйад?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Артхуыссынгæнджытæ хъуамæ цавæр адæм уой?
**С.** Хъаруджын, хъæддых, æнæниз, зондджын, зæрдæхæлар, фæразон.
**Хъ.** Тынг хорз! Абон цæуыл дзырдтам? Нæ ахуыры сахаты кæрон мæн фæнды, цæмæй ма иу хатт нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм зынгирвæзты аххосæгтæ. Цытæ не 'мбæлы кæнын? Ахъазæм. Хъазт хуыйны «Зæгъ хъæугæ дзырд».

Иу, дыууæ, æртæ, цыппар
Уайтагъд ссыгъд кæйдæр… *(хæдзар).*
Тагъд-тагъд дон ыскъæфынц иутæ,
Баззад иугондæй сæ… *(иту).*

Уайтагъд аххосджын дæр разынд:
Саби спичкæтимæ… *(хъазыд).*
Цæхæр фесхъиудта ныр кæртмæ,
Чи та бандзæрста… *(сыфтæртыл).*
Ноджы баппæрста уый артмæ
Алы 'нæ хъæугæ… *(дзауматæ).*
Алчидæр уый хъуамæ зона,
Зынгирвæзт, фæздæг куы фена,
Ма фæтæрса, фæлæ-иу
Уайтагъд адзура… («01»).

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр сымах базыдтат, зынгирвæзт цæмæй ма уа, уый тыххæй цы кæнын хъæуы æмæ сæ иннæтæн дæр дзурдзыстут.

*24 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Зонджын машинæтæ».**
**Темæ: «Не ’ххуысгæнджытæ».**
**Нысан:**

– Сбæлвырд кæнын æмæ уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ цардуавæры алыхуызон техникон фæрæзты тыххæй. Базонгæ сæ кæнын адæймаджы къух рогдæргæнæг предметтимæ.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, сæ фантазийы авналæнтæ. Ахуыр сæ кæнын ног гарзæгтæ (приборы) æрхъуыды кæнын, уыдонæн та – ног функцитæ.

– Адæймаг цы дзауматæй архайы æмæ пайда кæны, уыдоныл куыд аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын. Уыцы техникон фæрæзтæ адæймаг йæхæдæг кæй æрхъуыды кодта æмæ сæ хуыздæр, æххæстдæр кæй кæны, уымæ сын сæ хъус æрдарын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Нывты сериаци: сæвзарын дзы хъæуы техникон фæрæзты нывтæ; тæлы; нывтимæ карточкæтæ: а) миксер, фыдкæрдæн, къофиссæн; б) къофифыцæн, самовар, электроцайдан; в) рыгцъирæн, гæрзтæхсæн машинæ; г) фен, хисæрфæн; д) цъылын, щеткæ; æрмæгæвдисæн фæйнæг.

**Райуаринаг.** Къæйттæгонд карточкæтæ: цъылын – рыгцъирæн, тас – гæрзтæхсæн машинæ, судзин – хуыйæн машинæ, хуры сахат – электрон сахат, суджы пец – газы пец, уæрдон – машинæ, бæлæгъ (лодка) – нау, хынцæн (счеты) – калькулятор кæнæ компьютер æмæ а. д.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, цавæр зæрдæйы уаг уын ис, уый равдисут! Æппæтæй фылдæр та цы кусын уарзут?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æмæ хъуыды кæнын дæр уарзут? Æмæ цымæ уый цы у – «хъуыды кæнын?»

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Тынг хорз! Абон мах кæрæдзийæн равдисдзыстæм, хъуыды кæнын куыд зонæм, уый! Мæнæ уын фыццаг хæслæвæрд, зæгъут-ма, цы у «техникæ?»

*Сабиты дзуæппытæ. (Зæгъæм, техникæ – уый у бирæ алыхуызон кусæн гæрзтæ, прибортæ, механизмтæ, машинæтæ, кæцытæ фæрогдæр кæнынц адæймаджы къух.)*

**Хъ.** Тынг хорз. Æмæ цымæ уыцы техникæ чи æрхъуыды кодта?

**С.** Адæймаг йæхæдæг, ахуыргæндтæ, мастертæ æмæ инженертæ.

**Хъ.** Ныр та æркæсут, гауызыл цы нывты хæрх ис, уымæ. Уыцы нывтæй техникæмæ кæцытæ хауы, уыдон равзарут æмæ сæ тæлыйы мидæг æрæвæрут.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хъомылгæнæг сбæрæг кæны сабиты архайд; ранымайы кæцыдæр предметты нæмттæ.*

**Хъ.** Хорз. Ныр та байхъусут уыци-уыцитæм æмæ сын сæ дзуæппытæ нывты ’хсæн ссарут.

Хæдзарæн – гыццыл къæхтæ,
Астæуæй та – рудзынг.
Æвдисы кинонывтæ,
Дзуры фæстаг хабæрттæ. *(Телевизор.)*

Ис æххуысгæнæг нанайæн,
Цъылыны бæсты æфснайы,
Тракторау гуыв-гуыв кæны,
Быræттæ æмбырд кæны. *(Рыгцъирæн.)*

Цалдæр хатты цалх æрзилын
*Æмæ демæ уæд фæдзурын. (Телефон.)*

Сæрды ’рбаласта мæ фыд.
Урс асыччы уазал, хъызт.
*Æмæ ныр, сæрд уа – зымæг,*
Урсзачъе вæййы хæстæг.
Бавæрæм уым хойрæгтæ.
Дыргътæ, дзидза, кæсæгтæ. *(Уазалгæнæн.)*

*Сабитæ сæхæдæг дæр, предметы миниуджытæ ранымайгæйæ, дзурынц уыци-уыцитæ.*

**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут ацы хæслæвæрдимæ! Ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, кæцыдæр машинæтæ æмæ прибортæ цæмæн хуыйнынц электрон?

**С.** Уымæн æмæ токæй кусынц.

**Хъ.** Ныр та уæ алчи дæр райсæд иу ныв. Уæ цæстытыл ауайæд, цыма, цы нывтæ райстат, ахæм прибортæ фестадыстут. Æмæ ныр зæгъут, цæмæн хъæут? Æнæ сымахæй ис цæрæн? Цавæр æндæр предметтæй уæ ис баивæн?

*Сабиты дзуæппытæ. Зæгъæм, æз дæн уазалгæнæн, хæдзары хъæуын, цæмæй хойрæгтæ æвзæр ма кæной, уый тыххæй. Хойрæгтæ ма æвæрæн ис пъадвалы кæнæ уазал доны, фæлæ уый зынархайд у æмæ а. д.*

**Хъ.** Хорз. Ныр та лæмбынæг æрбакæсут æмæ ахъуыды кæнут ног хæслæвæрдыл. Æрбалæууут хæстæгдæр фæйнæгмæ. Лæвæрд предметтæн зæгъын хъæуы сæ иумæйаг миниуæг. *(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры нывтæ. Ацы хæслæвæрд скæнæн ис дзургæйæ дæр, æнæ нывтæй.)* Æрбакæсут-ма: а) фыдкæрдæн, миксер, къофиссæн (хойрæгтæ лыстæг муртæ кæнынц); æ) электроцайдан, къофифыцæн, самовар (ацæттæ кæнынц тæвд нуазинæгтæ);

б) гæрзтæхсæн машинæ, рыгцъирæн (хæдзары куыстытæ

рогдæр кæнынц); в) фен, хисæрфæн (дзыккутæ ссур кæнынц); г) цъылын, щеткæ, рыгцъирæн (æфснайынц, сыгъдæг кæнынц).

Сывæллæттæ, иу ахуыргонд æппынæдзух хъуыды кодта, архайдта куыст фæрогдæр кæнын æмæ ног зондджын машинæ æрхъуыды кæнынмæ тырныдта. Цавæр машинæ æрхъуыды кодта, уый ныртæккæ мах иумæ сбæрæг кæндзыстæм. Райсут фæйнæ карточкæйы, лæмбынæг сæм æркæсут æмæ мæнæ ацы нывты ’хсæн уæ карточкæтæн къæйттæ ссарут.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, хъомылгæнæг бафæрсы 4–5 сабийы. Зæгъæм: цъылын – рыгцъирæн, тас – гæрзтæхсæн машинæ, судзин – хуыйæн машинæ, суджы пец – газы пец, уæрдон – машинæ, хынцæн къæбæлтæ – компьютер кæнæ калькулятор æмæ а. д.)*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та нæхæдæг дæр уыдзыстæм чысыл ахуыргæндтæ æмæ æрхъуыды кæндзыстæм ног техникон фæрæзтæ. Уый тыххæй сараздзыстæм таблицæ.

| | |
|---|---|
| I | электрон прибортæ: иту, рыгцъирæн, цырагъ, фен. |
| II | радио прибортæ: телевизор, радио, магнитофон, видеомагнитофон, приемник. |
| III | хуыйæн машинæ, газы пец, фыдкæрдæн, телефон, компьютер. |

**С.** Ацы прибортæ къæйттæ кæнгæйæ, арæзт æрцæуы ног машинæ æмæ йын йæ миниуджытæ сбæрæг кæнынц. Зæгъæм, баиу кæнæм телевизор æмæ газы пец. Мадæлтæн æнцон архайд прибор. Духовкæйы бæсты – экран хъæрæй æмæ тагъд музыкæимæ, цæмæй сихор тагъддæр цæттæ кæна. Киноныв куы цæуа, уæд газ сындæггай цæуы æмæ хæринаг йæ быныл нæ басудздзæн.

**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут, фæлæ нæ ахуыры сахат кæронмæ æрцыд. Уæ зæрдæмæ цы фæцыдис? Зын та уæм цы фæкаст?

*25 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Космос».**
**Темæ: «Космонавтикæйы музейыл абалц».**
**Нысан:**

– Сабитæн Космосы, Зæххы æмæ Мæйы тыххæй раттын фыццаг зонындзинæдтæ.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, логикон хъуыдыкæнынад, хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинæдтæ.

– Ног зонындзинæдтæм цымыдис куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Иллюстрацитæ, нывтæ: стъалыджын арв, планетæтæ, Зæхх, Мæй, диск космосон музыкæимæ.

**Райуаринаг.** Хуымæтæг гæххæтты сыф, бур, сырх æмæ æрвхуыз къарандæстæ кæнæ та – 1 ватманы сыф æмæ бур, сырх, æрвхуыз маркертæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Æркæсын «Планетæты» иллюстрацимæ; сабитæн бакæсын аргъау «Весёлая семейка».

Цардис æмæ уыдис Дун-дунейы æнгом бинонтæ – Хуры системæ (Солнечная система). Сæ мад – Хур, йæ сабитæ – Планетæтæ. Цъиутæ карчы алыварс куыд зилой, афтæ зилдух кæнынц планетæтæ Хуры алыварс. Хур та дзы алкæй дæр уарзы æмæ хъарм кæны. Се ’ппæты цырддæр хуыйны Меркури, се ’ппæты рæсугъддæр – Венерæ, се ’ппæты зæрдæхæлардæр – Зæхх, се ’ппæты фыдуагдæр æмæ хылгæнагдæр – Марс, се ’ппæты стырдæр æмæ тыппырдæр – Юпитер. Уран æмæ Нептун сты тыхджын

æмæ уæздан. Сатурн у хъæлдзæг, се 'ппæты къаддæр – Плутон та у кæуаг æмæ æрхæндæг. Планетæтæн ис æмбæлттæ – æмбæлццæттæ (спутниктæ). Зæгъæм, Зæххы хуыздæр æмбал у Мæй. Уыдон никуы фæхицæн вæййынц, æппынæдзух Мæй йæ бур сарафаны зилдух кæны Зæххы алыварс, хатгай йын йæ цæстытæм бакæсы. Тынг зын у космосы æнæ хæлардзинадæй!

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, мæн фæнды, цæмæй кæрæдзийæн салам раттæм, фæлæ алчи – алыхуызон.

*Сабитæ радыгай, алчи, йæ фарсмæ лæууæгмæ азилгæйæ, кæрæдзийæн салам дæттынц: æгас цу, салам, æхсызгон мын у дæ уынд æмæ а. д.*

**Хъ.** Ныр та базонут уыци-уыци:

Боны рухсмæ нæ зынынц,
Æхсæвы та æрттивынц.

**С.** Стъалытæ.

**Хъ.** Æмæ цы сты стъалытæ?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Стъалытæ сты сырхзынг газ тымбылджытæ (шартæ). Уыдон асæй дæр æмæ хуызæй дæр сты алыхуызон. Фæлæ арвæй махмæ зынынц æттивгæ стъæлфыты хуызы. Цымæ цæмæн?

**С.** Уымæн æмæ махæй тынг дард сты.

**Хъ.** Зæгъут-ма уæдæ, цы у космос?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Космос стыр, æнгом бинонты хæдзар. Уыцы бинонтæм хауынц хур æмæ плнетæтæ, уыимæ − мах планетæ Зæхх дæр. Æз уæ абон хонын Космосы сусæгдзинæдтæй иучысыл базонынмæ, цыбыр балц акæнынмæ. Разы стут мемæ?

Космосмæ цы хуызы ис абалц кæнæн?
**С.** Космосон нау, станцæ кæнæ ракетæйы.
*(Сабитæ кæд къуылымпы кæной, уæд сæ хъомылгæнæг æрхæстæг кæны дзуапмæ.)*
**Хъ.** Космосмæ кæмæнфæнды дæр йæ бон у атæхын?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Космосмæ чи атæхы, уыцы адæймæгты куыд хонынц?
**С.** Космонавттæ.
**Хъ.** Цавæр хъуамæ уа космонавт?
**С.** Тыхджын, æнæниз, хъæбатыр æмæ зонджын.
**Хъ.** Раст у, хъуамæ бирæ зона æмæ алцæмæ дæр арæхса. Мæнмæ гæсгæ нын æнæ сæрмагонд цæттæдзинадæй тынг зын уыдзæн космосы. Æмæ уымæ гæсгæ мах араст уыдзыстæм космонавтикæйы музеймæ. Рацæут уæдæ мæ фæстæ.
*(Къорды уаты иу хай – музейы хуызы фæлыст: космосы темæимæ баст нывтæ, стъалыджын арв, планетæтæ, Зæхх æмæ Мæйы нывтæ, глобус.)*
**Хъ.** Сабитæ, мæнæ ай цы у?
**С.** Глобус.
**Хъ.** Цы у глобус?
**С.** Глобус у зæххы къорийы модель.
**Хъ.** Глобусæн йæ конд цавæр у?
**С.** Тымбыл.
**Хъ.** Планетæ Зæхх та цавæр у?
**С.** Уый дæр тымбыл.
**Хъ.** Космосы цыдæриддæр планетæтæ ис, уыдон дæр сты тымбылтæ. Сæхи уæзы тыхæй Космосы свæййынц тымбыл. *(Сабиты бахоны планетæты нывмæ.)* Цы уынут ацы нывы?
**С.** Мах уынæм хуры алыварс алыхуызон планетæтæ.
**Хъ.** Цымæ цал планетæйы ис Хуры системæйы, банымайæм сæ.

**С.** Фараст.
**Хъ.** Раст загътат, планетæтæ сты 9 æмæ сын ис тынг рæсугъд нæмттæ: Меркури, Венерæ, Зæхх, Марс, Юпитер, Сатурн, Уран, Нептун, Плутон. Алы планетæ дæр цæуы, змæлы йæхи фæндагыл – орбитæйыл. Ахæм фæткæвæрд ис Космосы. Иннæ планетæтæй нæ планетæ Зæхх цæмæй хицæн кæны?
**С.** Уый у рæсугъд, ирд, æрвхуыз.
**Хъ**. Æмæ нæм, цымæ, æрвхуыз цæмæн кæсы?
**С.** Уымæн æмæ зæххыл ис тынг бирæ дон: денджызтæ, океантæ, цæугæдæттæ.
**Хъ.** Донæй уæлдай ма Зæххыл цытæ ис?
**С.** Хæхтæ, хъæдтæ, быдыртæ, æдзæрæг бынæттæ.
**Хъ.** Гъе уый тыххæй нæм зыны Зæхх алыхуызон æмæ хъæлдзæг. Куыд хъуыды кæнут, цымæ Зæхх хъарм планетæ у?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æппæт планетæтæ дæр æмæ сæ æмбæлццæттæ (спутниктæ) дæр сты уазал, стъалытæй фæстæмæ. Цымæ цæмæн æрттивынц стъалытæ?
**С.** Уымæн æмæ сты тынг тæвд.
**Хъ.** Цымæ планетæтæн рухс та цы дæтты?
**С.** Хур.
**Хъ.** Раст загътат. Махмæ афтæ кæсы, цыма Хур арвыл змæлы – иу ранæй иннæ ранмæ цæуы. Фæлæ æцæгæй та – Зæхх змæлы хуры алыварс. Æмæ йæ ныртæккæ мах равдисдзыстæм. Райсут къæрандас æмæ гæххæтты астæу сныв кæнут бур зиллакк – уый у хур, ныр та фæрсæрдыгæй сныв кæнут чысыл арвхуыз зиллакк – уый у зæхх. Ныр та сныв кæнæм, нæ зæхх Хуры алыварс цы фæндагыл цæуы, уый æмæ йæ равдисæм сырх хаххæй. Уыцы фæндагыл æнæхъæнæй Зæхх æрзилы иу афæдзмæ. Гъе уыцы рæстæгмæ афæдзы афонтæ радыгай кæрæдзийы ивгæ

цæуынц: зымæджы фæстæ – уалдзæг, уый фæстæ сæрд, сæрды фæстæ фæззæг æмæ та ногæй зымæг.
*(Ацы хæслæвæрд скæнæн ис иумæйагæй – 1 æнæхъæн ватманыл.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, Зæхх æрмæст Хуры алыварс нæ зилы, фæлæ мæ йæхи сæмæны (вокруг оси) алыварс дæр. Æрбакæсут-ма глобусмæ. Куыд зилы глобус?
**С.** Тагъд-тагъд.
**Хъ.** Глобус рог у, фæлæ Зæхх у егъау æмæ уæззау, зилгæ дæр кæны тынг сабыргай. Иу суткæмæ иу зылд æркæны йæ сæмæны алыварс. Æмæ уыцы рæстæгмæ кæрæдзийы аивынц…
**С.** Бон, изæр, æхсæв.
**Хъ.** Зæххæн Хуры ’рдæм цы фарс вæййы, уым вæййы бон, иннæрдыгæй та – æхсæв. Фæцæуæм дарддæр. Цы уынут ацы экспонатыл?
**С.** Зæхх æмæ Мæй.
**Хъ.** Мæй у Зæххы æмбæлццон (спутник). Иумæ хæларæй цæрынц, уымæн æмæ Мæй æппынæдзух зилдух кæны Зæххы алыварс. Къæйттæй æрлæуут. Иу уыдзæнис Зæхх, иннæ та – Мæй. Мæй зилы Зæххы алыварс, Зæхх та зилдух кæны йæ сæмæны алыварс. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут. Фæлæ Мæй вæййы алыхуызон. Цавæр? Æркæсут.
**С.** Куы тымбыл вæййы, куы – æмбис, куы та – лыстæг.
**Хъ.** Цымæ цæмæн?
**С.** Мæй дæр рухс кæны Хурæй. Æмæ дзы махмæ фæзыны, Хуры рухс кæдæм хæццæ кæны, уыцы хай.
*(Сабиты æрхæстæг кæнын раст дзуапмæ кæнæ – куыд ног æрмæг, афтæ сын æй радзурын.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цымæ мæйыл цард ис?

**С.** Нæй, мæйыл нæй цæугæдæттæ, зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæ.
**Хъ.** Цымæ цæуылнæ? Куыд хъуыды кæнут? Æнæмæнг цы хъæуы цæрынæн?
**С.** Зæххыл ис уæлдæф (воздух), дон, Мæйыл та нæй.
*(Фæрстыты руаджы сабиты раст дзуапмæ æрхæстæг кæнын.)*
**Хъ.** Зæххыл ма ноджыдæр и химæлвæст (притяжение). Зæхх нæ йæхимæ æлвасы, нæ нæ уадзы, Мæйыл та къаддæр у уыцы химæлвæст. Æрбакæсут ныр та стъалыджын арвмæ, Цыхуызæн у?
**С.** Раст цыма бирæ æрттивгæ фæрдгуытæ ныппырх ис гауызыл.
**Хъ.** Ныртæккæ сымах фестдзыстут фæрдгуытæ – стъалытæ; уыдзыстут, алырдæм тынтæ (лучик) чи уадзы, ахæм стъæлфытæ.
*(Къухтæ æмæ къæхтæй алыхуызон змæлдтытæ кæнынц сабитæ. Сæ къæхтæ æмæ къухты змæлдимæ гуыры змæлд баиу кæнынц æмæ, кæрæдзийы нæ бакъуыргæйæ, сæ бынæттæй фезмæлынц æмæ араст вæййынц. Дарддæр фæстæмæ стъæлфытæ «фестынц». Архайд цæуы музыкæмæ гæсгæ.)*
**Хъ.** Тынг хорз! *(Музыкæ дарддæр зæлы.)* Ныр та гауызыл æрхуыссут, бацъынд кæнут уæ цæстытæ æмæ уæ цæстытыл ауайын кæнут, цыма фæтæхут космосы тыгъдады. Цы фенæн ис космосы?
*(Сабитæ цъынддзæстæй дзурынц сæ хъуыдытæ.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Фæлæ нæ балц кæронмæ æрхæццæ. Уæ зæрдыл нæ балцæй цы бадардтат? Ныр та ахъазæм хъазт «Космосон дзырд»-æй.
*(Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц æмæ афтæмæй кæрæдзимæ дзырдтæ «адæттынц». Зæгъæм: Мæй, Зæхх, Кометæ, ракетæ æмæ а. д.)*

**Темæ: «Мæргъты дуне».**
**Темæ: «Мæргътæ».**
**Нысан:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ мæргъты тыххæй. Мæргъты буары хæйттæ, цы хæрынц æмæ куыд хуыйнынц, уый сын бацмонын. Сæ зæрдыл сын æрлæууын кæнын, цы сты зымæгиуатгæнæг æмæ фæлтæхæг мæргътæ.

– Сабитæн рæзын рæзын кæнын сæ хъуыдыкæнынад, хи хъуыдытæ æмæ цæстæнгас бæлвырд кæнын.

– Цардæгас æрдз куыд хъахъхъæной æмæ йыл куыд аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Айк (къоппы мидæг); алыхуызон мæргъты нывтæ: хæдзарон, хъæддаг, фæлтæхæг, зымæгиуатгæнæг, хъармбæсты цæрæг. Мæргъты нывтимæ карточкæтæ: сырддонцъиу, зæрватыкк, хъæдхой; магнитофоныл фыст «Мæргъты зард»; ароматерапийæн – нæзыйы кæнæ хъæддаг дидинджыты эфирон сойтæ.

**Райуаринаг.** Фломастертæ, карточкæтæ стъæлфы-тæй нысангонд цъиуты контууртимæ.

**Фæсахуырты куыст:** фæлварæн (опыт) «Ленкгæнджыты уæлæдарæс».

**Æрмæг.** Вазелин, доны авг пырхгæнæнимæ, бумбулитæ.

**Сбæрæг кæнын:** доныленкгæнæг мæргътæ цæуылнæ фæдæлдон вæййынц æмæ ныссæлынц. Цонджы хъул кæнæ арм вазелинæй байсæрдын æмæ йыл дон æркалын. Сабиты хъус æрдарын, дон æртæхгай куыд æркæлы, уымæ.

## Ахуыры нывæст

*Сабиты гауызыл цæлхдымбылæй бадынц.*

**Психогимнастикæ.**

**Хъ.** Сабитæ, нæ ахуыры райдайæны уал ахъазæм. Æрхæцæм кæрæдзийы къухтыл. Мах иумæ бирæ стæм, иу стыр къорд. Кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ мах æнкъарæм нæ иудзинад æмæ нæ хъару. Ныр та, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, слæууæм. Нæ кæрæдзийы фæдыл зылды цæуæм, алчи уæ йæ рахиз къух йæ разæй цæуæджы галиу уæхскыл æрæвæрæд. Ныр æрлæууæм. Кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, цъындзæстæй æрбадут гауызыл. Ныхъивут кæрæдзийы къухтæ æмæ мидбылты бахудут. Цы банкъардтат?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Ацы къоппы ис цавæрдæр предмет æмбæхст, сымах æй хъуамæ базонат. Ахъазæм хъазт «О – нæ»-йæ.

*(Спайда кæнын «Алфамбылай дуне»-йы зиллаккæй. Сабиты æрхæстæг кæнын раст дзуапмæ: «Айк».)*

**Хъ.** Æркæсæм уæдæ къопмæ, цымæ цæй айк у? Айкæй та цы фæзыны?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æрбакæсут-ма, мæ къухы ис алыхуызон мæргъты нывтæ. Цавæр къордтыл сæ ис фæхицæн кæнæн? Рахицæн сæ кæнут æмæ уæ архайд бамбарын кæнут.

*(Нывтæ фæкъордтæ кæнæн ис афтæ: хæдзарон, хъæддаг, фæлтæхæг, зымæгиуатгæнæг, доны ленкгæнæг æмæ хъарм бæсты цæрæг мæргътæ. Сабитæ нывтæ классификаци кæнынц, мæргъты нæмттæ дзурынц æмæ сæ архайд æмбарын кæнынц.)*

**Хъ.** Тынг хорз. Ныр та нывтæй рахицæн кæнут нæ республикæйы цæрæг мæргъты нывтæ. Зæгъут, кæм цæрынц, уый? *(Горæты æви хъæды.)* Доны ленкгæнæг мæргътæ

иннæтæй цæмæй хицæн кæнынц? Сывæллæттæ, фæнды уæ хъæды февзæрын? Бацъынд кæнут уæ цæстытæ æмæ байхъусут.

*(Зæлы алыхуызон мæргъты зард. Скæнæн ис ароматерапи – нæзыйы кæнæ хъæддаг дидинджыты эфирон сойтæй хъæстæ бæмбæг ссудзын.)*

**Хъ.** Байгом кæнут ныр уæ цæстытæ. Цы банкъардтат, хъæды куы февзæрдыстут, уæд?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æмæ мæргътæ та цæрæгойтæй цæмæй хицæн кæнынц?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Иумæйагæй та сæм цы ис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Мæргъты бумбулитæ цæмæн хъæуы?

**С.** Бумбулитæ мæргъты уазалæй дæр æмæ тæвдæй дæр хъахъхъæнынц.

**Хъ.** Мæргътæ дæр, цæрæгойты хуызæн, сæ сисфæлыст (оперение) аивынц. Зымæгиуатгæнæг мæргътыл зымæгмæ æрзайы хъарм сисфæлыст. Æмæ цымæ сæ иуты зымæгиуатгæнæг цæмæн хонынц, иннæты та – фæлтæхæг?

**С.** Зымæгиуатгæнæг мæргътæ зымæг дæр æмæ сæрд дæр уыцы иу бынаты цæрынц, фæлтæхæг мæргътæ та фæззæджы атæхынц хъарм бæстæм, уалдзæг та фæстæмæ æрбаздæхынц.

**Хъ.** Цымæ цæмæн атæхынц фæлтæхæг мæргътæ?

**С.** Уымæн æмæ зымæджы уазалы сæ бон нæу хæринаг ссарын.

**Хъ.** Мæргътæ фæззæджы се ’ппæт иумæ нæ атæхынц. Раздæр атæхынц, сасчытæ цы мæргътæ хæры, уыдон. Уый фæстæ та – нæмгуытæ (зерно) цы мæргътæ хæры, уыдон. Фæстагмæ та атæхынц хъæддаг бабызтæ æмæ хъазтæ. Ныртæккæ сымах уе ’ппæт дæр алыхуызон цъиутæ

фестдзыстут. Фæлæ уал афæлварæм цъиуты хъæлæстæ афæзмынын. Æз æвдисдзынæн радыгай мæргъты нывтæ, куыд уасынц, уый амондзынæн, сымах та мæ фæстæ цъиуты уаст фæлхат кæндзыстут.

Сырддонцъиу – цъипп-цъипп-цъипп.

Зæрватыкк – цъывви-цъывви.

Халон – хъа-хъа-хъа.

Хъæдхой – цъиу-цъиу-цъиу.

Ныр та æз æвдисдзынæн цъиуы ныв, сымах та-иу ахæм цъиу фестдзыстут, цъиуау зардзыстут æмæ «тæхдзыстут». Тынг хорз! Ныр та æндæр хъазтæй ахъазæм. Хъазт «Равзар хъæугæ дзырд».

Хъа-хъа кæны… *(халон)*

Цъывви-цъывви… *(зæрватыкк)*

Хъапп-хъапп кæны… *(бабыз)*

Рæсугъд зары… *(булæмæргъ)*.

Ныр та уæдæ ахæм фарстæн раттут дзуапп. Цъиу, бындз æмæ цъырцъырагмæ иумæйагæй цы ис?

**С.** Се 'ртæйæн дæр ис базыртæ æмæ тæхын зонынц.

**Хъ.** Уæдæ уæртджынхæфс, калм æмæ цъиумæ та цы ис иумæйагæй?

**С.** Сæ лæппынтæ айчы хуылфæй фæзынынц.

**Хъ.** Тæбæгъ æмæ ахстонмæ та?

**С.** Тымбыл сты сæ дыууæ дæр.

**Хъ.** Тынг хорз. Сывæллæттæ, зæгъут-ма уæдæ, цъиутæ ахстæттæ цæмæн скæнынц?

**С.** Цæмæй дзы лæппынтæ рауадзой.

**Хъ.** Æрбакæсут фæйнæгмæ цъиуты нывтæм æмæ, цавæртæ сты, уый зæгъут: зæрватыкк, сауцъиу, цъиах, кæсаглас, гакк-гукк. Зæгъут-ма, йæ ахстон дзы чи кæм саразы? Кæцы ран агургæ у гакк-гуччы ахстон?

**С.** Гакк-гуккæн нæй ахстон. Уый æйчытæ æфтауы алыхуызон мæргъты ахстæтты æмæ йæ лæппынтæ дæр йæхæдæг

нæ рауадзы. *(Кæд æй сабитæ нæ зоной, уæд сын æй – куыд ног æрмæг, афтæ бамбарын кæнын.)* Гакк-гуччы лæппын иннæтæй раздæр куы фæзыны, уæд ма, ахстоны цы айчытæ вæййы, уыдон дæр раппары. Фæлæ йын уæддæр, цалынмæ тæхын базоны, уæдмæ, ахстон кæй у, уыцы «ныййарджытæ» хæринаг фæхæссынц.

**Хъ.** Хорз! Сывæллæттæ, цы пайда сты мæргътæ?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æнæ мæргътæй дуне цавæр уаид?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Махæн та нæ бон цы бакæнын у, цæмæй мæргътæн сæ цард фæхуыздæр уа, æнцондæр сын уа хæринаг амал кæнын?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æз уын ныртæккæ балæвар кæндзынæн диссаджы ныв-тæ. Нывтыл 1–10-ы онг стъæлфытæ раст куы баиу кæнат, уæд дзы ныв рауайдзæн.

*Сабитæ фломастертæй стъæлфытæ баиу кæнынц, æмæ дзы разыны цъиуы ныв. Цъиутæ хъуамæ уой алыхуызон, алы саби дæр фæзæгъы, цавæр цъиу æм рауадис, уый.*

**Хъ.** Цавæр нывтæ уæм рауад? Цæуыл дзырдтам абон? Цавæр цæстæй кæсын хъæуы мæргътæм?

*27 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Сасчытæ».**

**Темæ: «Муха-Цокотухайы æмбæлттæ».**

**Нысан:**

– Уæрæхдæр æмæ бæлвырддæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ сасчыты тыххæй, сæ характерон миниуджыты тыххæй (се ’ппæтæн дæр ис 6-гай къæхтæ).

– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ, сæ хъуыдыкæнынад. Кусын сабиты ны-

хасы рæзтыл; ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæ раст дзурын, иудзинад æмæ хицæндзинæдтæ сæ миниуджытæм гæсгæ уынын æмæ сæ ныхасы мидæг пайда кæнын. Æрдз цыдæриддæр сфæлдыста, уыдонæй «æнæхъæугæ» иунæг дæр кæй нæу, уый сын сæ зонды ныффидар кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Алыхуызон сасчыты нывтæ; балцы цæуыны пълан, пъланыл – 1–4 онг цифрæтæ кæнæ фатæгтæй нысангонд бæрæг бынæттæ: бæласы бындзæфхад, къутæр, бæлас, цад; магнитофон, аудиофыст «Хъæды зæлтæ». 4 нывы (хур, бæласы сыф, зулкъ, цъиу); нывтæ: гæлæбу, цъырцъыраг, къогъо, мыдыбындз, хæлуарæг.

**Райуаринаг.** Алы сабийæн дæр − нывты æмбырд «Гæлæбуйы сабидуг»: бæласы сыфыл – гæлæбуйы æйчытæ. Алы сабийæн дæр − карточкæ «Нывгæнæгæй цы ферох ис сныв кæнын»: нывты – сасчытæй кæмæн гуыр, кæмæн рихи, кæмæн къæхтæ, кæмæн базыр нæй; фломастер.

**Рагагъоммæйы куыст.** Бакæсын К. Чуковскийы «Муха-Цокотуха», сахуыр дзы кæнын скъуыддзæгтæ.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сабитæ, тынг æхсызгон мын у уæ уынд. Иумæ кæрæдзийы къухтыл æрхæцæм æмæ кæрæдзийæн сабырæй зæгъæм: «Дæ райсом хорз». Ныр та – хъæрдæрæй. Ныр та кæрæдзийæн хъæрæй зæгъæм: «Дæ райсом хорз!»

Сывæллæтæ, æрбакæсут-ма, цы чиныг уын æрбахастон, уымæ. Кæй тыххæй у, уый базыдтат?

**С.** О, уый у Муха-Цокотухайы тыххæй.

**Хъ.** Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, аргъау куыд райдыдта, уый.

*(Сабитæ хъомылгæнæгимæ аргъау сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц. Сæхæдæг дæр рæнхъгай кæсынц.)* Бындзоймæ уазæгуаты чи æрбацыд?
*Сабитæ уазджыты ранымайынц.*
**Хъ.** Чи йæ бафхæрдта?
**С.** Хæлуарæг æй бафхæрдта, къогъо та йæ аирвæзын кодта.
**Хъ.** Сабитæ, Бындзойы дæр æмæ йæ уазджыты дæр иу дзырдæй куыд схонæн ис?
**С.** Сасчытæ.
**Хъ.** Æмæ кæм цæрынц сасчытæ? Цавæр афæдзы афоны сын фенæн ис æрдзы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Раст загътат, ныр та мæ фæнды, цæмæй иумæ хъæдмæ ацæуæм, алыхуызон диссæгтæ дзы фенæм æмæ Бындзойы æмбæлтты ацагурæм. Разы стут мемæ? Уæдæ æрцæттæ кæнут уæхи. Цæмæй хъæды ма фæдзæгъæл уæм, уый тыххæй цæудзыстæм пъланмæ гæсгæ.
**С.** *(хъомылгæнæджы фæдыл æрбацæуынц, къорды уаты астæу хъæд «арæзт» кæм ис, уырдæм).*

Иумæ балцы мах цæуæм,
Бирæ диссæгтæ уынæм.
Раст цæуæм кæрæдзи фæдыл
Хъæдты æмæ цъæх быдырты.

**Хъ.** Мæнæ æрбахæццæ стæм. Бацъынд кæнут уæ цæстытæ. Цы хъусут, уый дзурут цъындæй.
*Сабитæ дзурынц.*
**Хъ.** Сулæфут хъæды сыгъдæг æмæ зæрдæмæдзæугæ уæлдæф æмæ байгом кæнут уæ цæстытæ. Цæй, ныр райдайæм хъæды сюрпризтæ иртасын æмæ Бындзойы æмбæлттæ æмæ знæгты агурын. Ис нæм пълан. Пъланмæ гæсгæ раздæр кæдæм цæугæ у?
**С.** Бæласы бындзæфхадмæ.
**Хъ.** Æрбакæсут-ма, адон цы сты?

**С.** Алыхуызон сасчыты нывтæ.
**Хъ.** Нывтæ сты бирæ æмæ сæ фæкъордтæ кæнын хъæуы. Куыд сæ хъуамæ фæхицæнтæ кæнæм? Уæдæ сæ фæкъордтæ кæнут. Уый фæстæ уæ архайд бамбарын кæндзыстут.
*Сабитæ сасчыты нывтæ классификаци кæнынц. Зæгъæм: хилæг, тæхæг, знаггадхæссæг, пайдахæссæг, хуызмæ гæсгæ. Куыд фæнды сæ куы фæкъордтæ кæной, уæддæр хъуамæ сæ архайд бамбарын кæной. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты архайдмæ, байхъусы алы дзуапмæ дæр, баххæст кæны дзуæппытæ, æмбарын кæны, сасчытæ цæмæн сты знаггадхæссæг æмæ тæссаг.*
**Хъ.** Тынг хорз сарæхстыстут. Ныр та æрбакæсут, бæласы бындзæфхады рæбын сыфтæрты бын цы ныв ссардтон, уымæ. Ай цы у?
**С.** Хур.
**Хъ.** Мæнмæ гæсгæ ма нæ ацы ныв бахъæудзæн. Дарддæр кæдæм цæуы нæ фæндаг?
**С.** Къутæры ’рдæм.
**Хъ.** Ам та цы ссардтам?
**С.** Ам дæр ссардтам сасчыты нывтæ.
**Хъ.** Æз дзурдзынæн уыци-уыцитæ, сымах та сын сæ дзуæппытæ ссардзыстут нывты ’хсæн.

1. Сырд нæу, нæу маргъ,
Йæ фындз та – даргъ.
Куы мын æрбазары мæ хъусы,
Куы та мын абады мæ русыл. *(Къогъо.)*

2. Адон та цы сты? Кæцæй?
Сау стъалытæй рацыд зæй.
Куыстуарзон æмæ хæлар,
Иумæ аразынц хæдзар. *(Мæлдзыджытæ.)*

3. Уый æнæхъæн бон тæхы
Æмæ нæ тыхсын кæны.

Фælæ æхсæв куы райдайы,
Йæ тæхынæй уæд банцайы. *(Бындз.)*

4. Дидинсыфтау – базыртæ:
Хъал æмæ хæрзконд.
Систа та йæ къабæзтæ
Æмæ стахт бæрзонд. *(Гæлæбу.)*

**Хъ.** Тынг хорз та сарæхстыстут ацы хæслæвæрдимæ дæр! Зæгъут-ма, цымæ цæмæн хъæуынц сасчытæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æрбакæсут-ма, мæнæ ацы ран дæр ис ныв æмбæхст. Цы уынут нывы?
**С.** Сыфтæр.
**Хъ.** Ацы ныв дæр немæ райсæм. Кæдæм ацæуæм ныр та?
**С.** Бæласы ’рдæм.
**Хъ.** Сывæллæттæ, ацы ран дæр та ис нывтæ. Уæхимæ гæсгæ сæ раст кæрæдзийы фæдыл равæрут.
*Сабитæ райсынц нывты æмбырдтæ («Гæлæбуйы сабидуг») æмæ сæ равæрынц. Сæ архайд æмбарын кæнынц.*
**Хъ.** *(бæлвырддæр æмæ уæрæхдæр кæны сабиты зонындзинæдтæ).* Сабитæ, гæлæбутæ, хъæндилтæ æмæ бындзытæ гыццылтæ никуы уыдысты, – ома, лæппынтæ. Уыдон дунемæ стыртæй фæзынынц. Мæнæ гæлæбу æрæвæрдта æйкдзæг, ома – тынг бирæ æйчытæ. Уыцы æйчытæн сæ кæцыдæр хай мæргътæ æруидзынц, кæцыдæр хай мæлдзыджытæ кæнæ бындзытæ ахæссынц. Фæлæ ма дзы уæддæр баззайы æмæ сæ рауайы æлызтæ (гусеницы). Рацæудзæн рæстæг æмæ æлыз скъуыбар уыдзæн (куколка). Фæстæдæр къуыбарæй фæзындзæн гæлæбу. Йæ хуылыдз базыртæ ахус уыдзысты. Гæлæбу йæ базыртæ базмæлын кæндзæн, рамраст сæ кæндзæн, йæхи сидзæн æмæ атæхдзæн. Мæнæ ацы ран дæр ис ныв. Уый у æлызы ныв. Ацы ныв дæр та райстам немæ. Баззадис ма нын иунæг объ-

ект – цад. Цымæ нæм уым та цы æнхъæлмæ кæсы? Мæнæ хæфс кæм ныхъхъус кодта йæхи! Цымæ кæй хъахъхъæны, кæмæ æнхъæлмæ кæсы?

**С.** Уый ахсы къогъотæ æмæ сæ хæры.

**Хъ.** Къогъотæ се ’ппæт дæр атахтысты, фæлæ нын ныууагътой сюрприз. Райсут фæйнæ карточкæйы. Ацы нывтыл нывгæнæг сасчытæн сæ цавæрдæр хæйттæ ферох кодта снын кæнын. Райсут сæ æмæ сæ кæронмæ снын кæнут, стæй уæд зæгъдзыстут, нывтæ цæмæй баххæст кодтат, уый.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ.** Тынг хорз, ацы ран ма ис иу ныв. Нывыл та ис…

**С.** Цъиу.

**Хъ.** Хорз. Ныр та, хъæды тезгъо кæнгæйæ, цы нывтæ ссардтам, уыдон баиу кæнæм æмæ сæ равæрæм, куыд уæ фæнды, афтæ. Цы нæм рауайа, уый сбæрæг кæндзыстæм.

*Сабитæ хъомылгæнæгимæ равæрынц карточкæтæ: хур, сыфтæр, æлыз, цъиу. Хъомылгæнæг кæнæ йæхæдæг дзуры, кæнæ сабитимæ иумæ скæнынц хатдзæг: уалдзæджы хуры тынтæй зæхх æрхъарм вæййы æмæ мит тайын райдайы, кæрдæг фæцъæх вæййы, бæлæстыл фæзыны ног сыфтæртæ. Фæзынынц сасчытæ, уыдон хæрынц алыхуызон зайæгойтæ. Хъарм бæстæй æрбаздæхынц цъиутæ, уымæн æмæ сын фæзыны хæринаг – зайæгойтæ æмæ сасчытæ. Уымæ гæсгæ нæ бон цавæр хатдзæг скæнын у? Æдзард æрдзы ивддзинæдтæ (цы хауы æдзард æрдзмæ?) æнгом баст сты цардæгас æрдзы ивддзинæдтимæ. Æрдзы алцыппæт дæр у кæрæдзиуыл æнгом баст.*

*28 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Уæлахизы Бон».**
**Темæ: «Цæссыгæй æхсад бæрæгбон».**
**Нысан:**

– Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ адæмы сгуыхтдзинæдты тыххæй. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг æмæ Уæлахизы Боны темæйыл æрмæг æриу кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад æмæ мысæнуат, ахуыр сæ кæнын сæ хъуыдытæн хатдзæгтæ кæнын.

– Сæ Райгуырæн бæстæйæ сæрыстыр куыд уой, хæсты ветерантæн кад æмæ æгъдау куыд дæттой, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Алыхуызон бæрæгбæттимæ баст нывтæ: Ногбон, 23 февраль, Уæлахизы Бон, 8 Мартъи; альбом «Æнæбасæтгæ æмæ легендарон»-мæ иллюстрацитæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатырты цыртдзæвæн – Æнусон артыл дидинджытæ æвæрыны ныв; предметон нывтæ: дидинджытæ, салют, майдантæ, ордентæ; зиллакк «Афæдзы афонтæ».
**Райуаринаг.** Нывтæ: танкист, наудзог, тæхæг, арæнхъахъхъæнгæнæг, парашютист, ракетчик.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ æркæсын алыхуызон хорзæхты (награды) нывтæм: майдантæ, ордентæ, кады нысантæ; хæсты темæимæ баст иллюстрацитæ æмæ нывты репродукцитæм. Бакæсын Р. Рождественскийы æмдзæвгæ «Реквием».

## Ахуыры нывæст

**Психогимнастикæ.**

**Хъ.** Цæй уæдæ кæрæдзийæн салам раттæм. Æз ныртæккæ, мæ рахиз фарс чи лæууы, уымæ азилдзынæн, йæ номæй йæм сдзурдзынæн æмæ йын зæгъдзынæн, тынг æхсызгон мын кæй у йæ уынд. Уый дæр азилдзæн, йæ рахиз фарс чи лæууы, уымæ, æмæ уый дæр уыцы хуызы ратдзæн салам. Афтæ уе 'ппæт дæр.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Стъолыл – алыхуызон бæрæгбæттимæ баст нывтæ.*

**Хъ.** Зæгъут-ма, бæрæгбæттæ уарзут? Бæрæгбон хорз у æви æвзæр? Бæрæгбон æвзæр цæмæй вæййы?

**С.** Бæрæгбонмæ фæхъæуы цæттæ кæнын, арæх нæ вæййы, тагъд аивгъуыйы æмæ а. д.

**Хъ.** Хорз та цæмæй у?

**С.** Бæрæгбон вæййы хъæлдзæг; вæййы дзы лæвæрттæ, бирæ дидинджытæ; адæм фæкафынц, фæзарынц æмæ а. д.

**Хъ.** Æрбалæуут стъолмæ (æрмæгæвдисæн фæйнæгмæ) æмæ райсут фæйнæ нывы. Алчидæр уæ зæгъæд, цавæр бæрæгбон æвдыст цæуы йæ нывы. Бамбарын кæнут уæ дзуæппытæ. Ныр та æрбакæсут нæ «Афæдзы афонты» зиллаккмæ. *(4 хайыл дихгонд зиллакк: зымæг, уалдзæг, сæрд, фæззæг.)* Уæ нывтæ, афæдзы афонтæм гæсгæ, зиллаккыл равæрут. Цы нæм рауадис, уымæ æркæсæм. Тынг хорз! Сывæллæттæ, зæгъут-ма, 9 майы цавæр бæрæгбон бæрæг кæнæм?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Уый у райдзаст, зæрдæмæхъаргæ бæрæгбон.

Уæлахизы бон,
Цыты бæрæгбон!
Нæ буц ветерантæ –
Сæ кады майданты.

Сæ цины цæссыгтæй –

Сæ цæстытæ дзаг.

Сывæллæттæ, хонын уæ Уæлахизы Боны галереймæ.

*Сабитæ æрбалæууынц стенды хуызы арæзт къулмæ хæстæгдæр, къулыл – хæсты цауты, Уæлахизы Боны, Æнусон арты, ветеранты нывтæ.*

**Хъ.** Цы уынут ацы нывы?

**С.** Салдæттæ тох кæнынц, рацыд нæмгуыты зæй, алы ран – срæмыгъдтытæ.

**Хъ.** Знæгтæ нæ Райгуырæн бæстæмæ æрбабырстой, æмæ адæм растадысты йæ бахъахъхъæнынмæ. Нæлгоймæгтæ хæстмæ ацыдысты, сылгоймæгтæ, зæрæдтæ æмæ сывæллæттæ та баззадысты. Уыдон салдæттæн æххуыс кодтой, куыстой заводты, фабрикæты. Æрбакæсут-ма, ацы нывы та сабитæ кæдæм æрбацыдысты?

**С.** Сабитæ цыртдзæвæнмæ æрбацыдысты.

**Хъ.** Цымæ кæмæн арæзт æрцыд ацы цыртдзæвæн?

**С.** Хæсты цы хъæбатыртæ фæмард, уыдоны кадæн.

**Хъ.** Цæуыл тох кодтой адæм?

**С.** Адæм тох кодтой сæ Райгуырæн бæстæйы сабырдзинадыл.

**Хъ.** Цымæ кæд æрбацыдысты цыртдзæвæнмæ сывæллæттæ?

**С.** Уæлахизы бон, 9 Майы.

**Хъ.** Раст загътат. Уымæн æмæ бирæ азты размæ, 1945 азы 9 Майы, нæ салдæттæ знæгтыл фæуæлахиз сты, бахъахъхъæдтой æппæт дунейы сабырдзинад. Уыцы хæсты Ирыстонæй тынг бирæ салдæттæ тох кодта. Уыдон уыдысты хъæбатыр æмæ æнæбасæттгæ. Ирыстоны ис тынг бирæ хæсты хъæбатыртæ, сæ хъæбатырдзинадæй нæ Ирыстоны кад бæрзонд систой. Уыдон уыдысты Фыдыбæстæйы хъахъхъæнджытæ. Сывæллæттæ, хæсты цы хъæбатыртæ фæмард, уыдонæн арæзт æрцыд тынг бирæ цыртдзæвæнтæ, сæ кадæн судзы Æнусон арт. Цымæ цæмæн хуыйны афтæ?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Ацы бæрæгбон цæмæн хуыйны цæссыгæй æхсад бæрæгбон?

**С.** Уымæн æмæ уыцы хæсты фæмардис тынг бирæ адæм.

**Хъ.** Æмæ куыд бæрæг кæнынц ацы бæрæгбон?

**С.** Ветерантæн арфæ ракæнынц, скæнынц сын лæвæрттæ, зæрдæлхæнæнтæ, лæвар сын кæнынц дидинджытæ, бацæттæ кæнынц равдыстытæ, концерттæ, цыртдзæвæнтæм дидинджытæ ахæссынц, изæрæй та фенæн вæййы бæрæгбоны салют.

**Хъ.** Бирæ азтæ рацыд, хæст куы фæцис, уæдæй нырмæ, фæлæ адæмæй сæ хъæбатыртæ æмæ уыдоны сгуыхтдзинæдтæ нæ рох кæнынц. Уыдоны кадæн ныффыстой зарджытæ, æмдзæвгæтæ, сарæзтой кинонывтæ, нывгæнджытæ сæ сæ нывты равдыстой. Цавæр цæстæй кæсын хъæуы хæсты ветерантæм?

**С.** Хъæуы сын кад кæнын, æгъдау дæттын, æххуыс кæнын.

**Хъ.** Сывæллæттæ, æмæ Фыдыбæстæйы хъахъхъæнджытæ сабыр рæстæг та цы фæкусынц?

**С.** Уыдон хъахъхъæнынц на Райгуырæн бæстæйы арæнтæ.

**Хъ.** Тынг хорз! Арæнтæ чи хъахъхъæны, уыцы æфсæддонтæ куыд хуыйнынц?

**С.** Арæнхъахъхъæнджытæ.

**Хъ.** Нæ бæстæ уæлдæфæй чи хъахъхъæны, уыцы адæм та куыд хуыйнынц?

**С.** Тæхджытæ.

**Хъ.** Уæд танк чи скъæры, уыцы адæймаг та?

**С.** Танкист.

**Хъ.** Цавæр æфсæддон дæсныйæдтæ ма зонут?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Цæмæй нæ бæстæ бахъахъхъæной, уый тыххæй хъахъхъæнджытæ цавæртæ хъуамæ уой?

**С.** Æнæниз, хъæбатыр, хъаруджын, зондджын.

**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та алчидæр райсæд ныв. Зæгъын хъæудзæн, цавæр æфсæддон дæсныйад у æмæ, æфсæддоны цы хъæуы, уый.

*(Зæгъæм, æз дæн танкист. Æнæмæнг мæ хъæуы танк. Æз дæн арæнхъахъхъæнæг. Хъæуы мæ арæнтæ, автомат (куыдз æмæ а. д.)*

**Хъ.** Хорз! Ныр та мæ фæнды, цæмæй ветерантæн скæнæм лæвæрттæ. Уыдонмæ ис сæхи хорзæхтæ: майдантæ, ордентæ, кады нысантæ. Мах та сын сараздзыстæм стъалытæ. Куыд скæнæн ис стъалы? Скъолайы зал бæрæгбонарæзт кæнгæйæ, скæнæн ис асæй æмæ хуызæй алыхуызон стъалытæ.



**Хатдзæг.** Цавæр бæрæгбоны тыххæй дзырдтам абон? Цæмæн нын у афтæ зынаргъ ацы бæрæгбон?

*29 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Телеуынад. Театр».**
**Темæ: «Сюрпризтимæ къоппытæ.**
**Нысан:**

– Уæрæхдæр æмæ арфдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ телеуынады тыххæй, чи дзы кусы, уыдоны дæсныйæдты тыххæй.

– Сабиты базонгæ кæнын театралон дæсныйады хицæндзинæдтимæ.

– Театрмæ арæхдæр куыд цæуой æмæ театралон сфæлдыстадмæ цымыдис куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Телевизор, телевизоры пульт (кæд нæй, уæд макет кæнæ телевизорты нывтæ); нæ горæты театрты иллюстрацитæ, спектакльтæй ист нывтæ; гыццыл стъол; алыхуызон сæйраг архайджыты уæлæдарæсы детальтæ; театрмæ хуынды билет; 2 къоппы, сæ иуæн – дывæлдах бын.

**Райуаринаг.** Сюжетон нывтæ.

*Къорды уаты иу хай театры хуызы арæзт: бандæттæ рæнхъгай æвæрд (бандæттыл – номыртæ, кæройнæгтыл – рæнхъыты номыртæ). Кубиктæй кæнæ æндæр æрмæгæй бандæтты разæй «сценæйæн» бынат арæзт. «Сценæйы» фæстæ – цавæрдæр декорацитæ, зæгъæм: бæлас кæнæ хæдзар.*

*Къорды уаты хай. Астæуæй – телевизор кæнæ йæ макет; телевизоры алыварс – сабитæн æрбадæн бынат.*

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц.*

**Хъ.** Сабитæ, цæй уæдæ кæрæдзийæн салам раттæм.

**С.** Æгас цу!

**Хъ.** Ныр та – æнкъард хъæлæсæй.

*(Сабитæ салам дæттынц.)*

**Хъ.** Ныр та – фарсты хуызы.

*(Сабитæ салам дæттынц.)*

**Хъ.** Рæвдаугæ хъæлæсæй.

*(Сабитæ салам дæттынц.)*

**Хъ.** Ныр та – тынг хъæлдзæгæй.

*(Сабитæ салам дæттынц.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æркæсут-ма, æз уын æрбахастон дыууæ къоппы сюрпризимæ. Раздæр уал ныккæсæм сæ иумæ, фæлæ йæ мидæг цы ис, уый базонут.

**Дидактикон хъазт «О – нæ».**

**Хъ.** *(фæрстыты руаджы сабиты æрхæстæг кæны дзуапмæ, ома къоппы ис телевизоры пульт)*. Цæмæн хъæуы пульт? Куыд скусын кæнæ ахуыссын кæнын хъæуы телевизор? Цæмæн ма хъæуы пульт?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Цавæр равдыстытæм фæкæсынц уæ ныййарджытæ?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сымах та цавæр равдыстытæм уарзут кæсын?

*Сабиты дзуæппытæ. Кæд къорды уаты телевизор ис, уæд сабитæн бар раттын каналтæ пультæй араив-ваив кæнын.*

**Хъ.** Сабитæ, равдыстытæ куыд аразынц, уый зонут? Теле-визорæй цы хуызы разынынц? *(Æвдисы Останкинойы æмæ Цæгат Ирыстоны телемæсгуыты нывтæ)*. Сывæллæттæ, ацы телемæсыг ис Мæскуыйы. Уырдыгæй æрвыст æрцæуынц сигналтæ мах телемæсыгмæ, уырдыгæй та – нæ телевизортæм, цæмæй алыхуызон равдыстытæм кæсæм. Æмæ цымæ чи саразы уыцы равдыстытæ?

*Сабиты алыхуызон дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сабитæ, зæгъут-ма, æндæр горæтты æмæ бæстæты адæм куыд цæрынц, уый кæй руаджы базонæм?

**С.** Уацхæсджыты руаджы.

*(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын хъомылгæнæг йæхæдæг дзуры æмæ нывтæ æвдисы: уацхæсджытимæ вæййынц оператортæ дæр. Уыдон æппынæдзух дæр иумæ цæуынц, адæмимæ ныхас кæнынц æмæ бирæ æрмæг исынц камерæмæ. Уый фæстæ æрмæг студимæ æрбахæссынц, уым ма йыл бакусынц æмæ дзы равдыст рауайы.)*

**Хъ.** Равдыст раст аразт ӕрцыдис, уый та сбӕрӕг кӕны редактор. Равдыст чи фӕамоны, уый та куыд хуыйны?
**С.** Амонӕг.
**Хъ.** Ӕмӕ нӕ фӕстаг хабӕрттимӕ та чи зонгӕ кӕны?
**С.** Диктор.
**Хъ.** Ныртӕккӕ сымах дӕр уыдзыстут дикторт ӕ. Райсут нывтӕ ӕмӕ телевизорӕй хабӕрттӕ фехъусын кӕнут. *(Спайда кӕнӕн ис телевизоры макет кӕнӕ ширмӕйӕ. Зӕгъӕм: «Къостайы хъӕуы ӕрӕмбырд кодтой «хъӕздыг тыллӕг»; рӕвдауӕндон «Аргъау»-ы арӕзт ӕрцыд стыр бӕрӕгбон» ӕмӕ а. д.)* Тынг хорз! Тынг хорз! Тынг хорз дикторт ӕ уӕ рауадис: арӕхстджын ӕмӕ зӕрдӕхӕлар. Ныр та уын ратдзынӕн хӕдзармӕ куыст. Сымах уыдзыстут нӕ къорды уаты уацхӕсджытӕ ӕмӕ оператортӕ. Уӕ изӕр куыд арвыстат, уый радзурдзыстут ӕмӕ равдисдзыстут нывты хуызы. Бахъуыды кодтат хӕслӕвӕрд? Ныр та иннӕ къопмӕ ӕркӕсӕм. Фыццаджыдӕр уал ӕй байгом кӕнӕм. Ӕркӕсут-ма, йӕ мидӕг куы ницы ис. Ӕвӕццӕгӕн, цавӕрдӕр алӕмӕттаг ныхӕстӕ хъӕуы зӕгъын. Цавӕр ныхӕстӕ зонут сымах?
*Сабитӕ дзурынц.*
**Хъ.** *(къопп иннӕрдӕм ӕрзилы ӕмӕ дзы театрмӕ билет сисы).* Сабитӕ, ай цы у?
**С.** Киномӕ кӕнӕ театрмӕ билет.
**Хъ.** Раст загътат, театрмӕ билет. Ӕмӕ нӕ горӕты театртӕ ис? Цавӕр театртӕ зонут?
*Сабитӕ дзурынц.*
**Хъ.** *(ӕвдисы иллюстрацитӕ).* Зӕгъут-ма, цы у театр?
*Сабиты дзуӕппытӕ.*
**Хъ.** Ӕз уӕ хонын театрмӕ. Райсут фӕйнӕ билеты ӕмӕ уӕ бынӕттӕ ссарут. *(Билеттыл бынӕттӕ алыхуызон геометрион фигурӕтӕй нысангонд, рӕнхъытӕ та – цифрӕтӕй.)* Уӕ зӕрдыл бадарут: театры хъӕрӕй дзурын

не ’мбæлы. Мæнæ сабитæ иууылдæр сæ бынæтты бадынц. Кæд ныртæккæ спектакльмæ кæсдзыстут, уæд уæ куыд схонæн ис?
**С.** Мах стæм театрмæкæсджытæ.
**Хъ.** Спектаклы архайд кæм цæудзæн, уыцы бынат та куыд хуыйны?
**С.** Сценæ.
**Хъ.** Сценæтæ се ’ппæт æмхуызон нæ вæййынц. Вæййы стыр сценæ дæр æмæ гыццыл дæр. Фæлæ сценæйыл æнæмæнг вæййы бынат спектаклæн, фæссценæйæн (кулисы), декорацитæн. Цы сты декорацитæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Спектаклы сценæйыл та чи фæхъазы?
**С.** Артисттæ.
**Хъ.** Спектакль та чи æрхъуыды кæны?
**С.** Автор.
*(Кæд сабитæ дзуапп нæ раттой, уæд сын хъомылгæнæг йæхæдæг хъуамæ фæрстыты руаджы æххуыс кæна кæнæ сын ног æрмæджы хуызы радзура: автор æрхъуыды кæны спектаклы сюжет, режиссер та артисттæн разамынд дæтты.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, уæд артисттæн уæлæдарæс та чи æрхъуыды кæны?
**С.** Нывгæнæг.
**Хъ.** Спектакльтæн декорацитæ та æрхъуыды кæны нывгæнæг-декоратор. Артистты сæ геройты æнгæс чи скæны, уыцы адæймаг та куыд хуыйны?
**С.** Гримёр.
**Хъ.** Ныр та иумæ сабырæй сыстут æмæ мæ размæ «сценæмæ» рацæут. Ныр та чи стут?
**С.** Ныр та артисттæ стæм.
**Хъ.** Раст загътат! Уæдæ сбæрæг кæнæм, курдиатджын артисттæ стут æви нæ, уый. Æрбадут цæлхдымбылæй га-

уызыл æмæ ахъазæм хъазт «Фестын кæн»-æй. Мæ къухы цы ис?
**С.** Кружкæ.
**Хъ.** Раст загътат, ныртæккæ сымах ацы кружкæ кæрæдзимæ дæтдзыстут æмæ-иу дзы, мимикæ, пантомимæ æмæ алыхуызон архайд имитаци кæнгæйæ, æндæр предмет рауайын кæндзыстут.
*(Цæмæй сабитæ хъазты уагæвæрд хуыздæр бамбарой, уый тыххæй фыццаг райдайы хъомылгæнæг йæхæдæг. Зæгъæм: «фестдзæн» вазæ æмæ дзы дидинджытæ сæвæрдзыстæм, дарддæр фестдзæн уидыг, дарддæр – худ, дарддæр та – телефоны хæтæл æмæ а. д.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та сыстут уæлæмæ æмæ ма иу хъазтæй ахъазæм. Хъазт хуыйны «Чи дæн æз?» Хъуамæ сымах мимикæйæ, къухты змæлдæй, алыхуызон мыртæй исты кæнæ искæй афтæ равдисат, цæмæй йæ иууылдæр базоной. Фæлæ уæ алчи йæ архайд хъуамæ райдайа ахæм ныхæстæй: «Чи дæн æз?»
*(Раздæр уал æвдисы хъомылгæнæг, стæй уæд – сабитæ.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Сымах тынг хорз артисте стут. Фæлæ дæ цæмæй иттæг хорз артист рауайа, уый тыххæй бирæ ахуыр кæнын хъæуы. Сабитæ, спектакль фенынмæ æнæмæнг театрмæ цæуын хъæуы? Кæм ма бакæсæн ис спектаклмæ?
*Сабиты дзуæппытæ. Хъомылгæнæг сабиты æрхæстæг кæны ахæм дзуапмæ: спектакльмæ ис бакæсын телевизоры дæр. Спектакль пленкæйыл фыст æрцæуы æмæ йæ стæй уæд телевизоры равдисынц. Спектакльмæ бакæсæн ис, артисттæ сабиты рæвдауæндонмæ куы æрбацæуынц, уæд дæр.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, цымæ спектакльмæ хуыздæр æмæ цымыдисагдæр кæм у бакæсын, хæдзары æви театры?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Мæн фæнды, цæмæй абон изæрæй сымах аргъау рав-

дисат. Цы дарæстæ нæм ис, уыдонæй спайда кæнут, иумæ равзардзыстæм гримæр, нывгæнæг-декоратор. Разы стут мемæ? Зæгъут-ма уæдæ, абон уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис?

*Изæрæй сабитæн хæдзармæ хæслæвæрд сæ зæрдыл æрлæууын кæнын, райсомæй та хæслæвæрд сбæрæг кæнын æмæ саразын «телеравдыст» кæнæ «Нæ фæстаг хабæрттæ». Сабитимæ афæлварын цавæрфæнды уырыссаг кæнæ ирон адæмон аргъау (кæнæ авторы) уацмыс равдисын.*

*30 ахуыр*

**Иумæйаг темæ: «Ægac нæм цæуай, сæрд!»**

**Темæ: «Æрæмбырд кæнæм сæрды ныв».**

**Нысан:**

– Фæуæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ сæрды тыххæй.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, логикон хъуыдыкæнынад, хи хъуыдытæ раст дзурыны арæхстдзинад.

– Æхxуысхъуаг чи у, уымæн сæ æхxуыс кæнын куыд фæнда, æрдзыл куыд аудой, сабиты уыцы хуызы хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Паспорту кæнæ фæлгæт (рамка) сæрдыгон пейзажы нывæн. Паспорту – 6 квадратыл дихгонд, сæ мидæг – алыхуызон ахорæнтæй ахуырст геометрион фигурæтæ. Райсæн ис иухуызон ахуырст алыхуызон фигурæтæ кæнæ та алыхуызон ахуырст иу геометрион фигурæ. 6 хайыл дихгонд нывы хæйттæ сабитæ радыгай ссардзысты. 6 геометрион фигурæйы – къорды уаты алы рæтты æвæрд. Зиллакк-диаграммæ «Афæдзы афонтæ», аудиофыст «Æрдзы зæлтæ»; карточкæтæ нывтимæ:

1) тулдз, нæзы, наз, гæды бæлас, пальмæ;

2) дур, мæнæргъы, лæгъуи (инжир), кæркмисындзæг;

3) дугъысыф, теуайы сындз, къаппа-къоппа, уиззайы сæр (колокольчик);

4) дзæбидыр, цицыр, арс, хъæддаг хуы, кæфхъуындар;

5) цæугæдон, денджыз, æхсæрдзæн;

6) хъæдхой, дыгоппон, зæрватыкк, уыг, тути.

**Райуаринаг.** Сасчыты ныvтимæ карточкæтæ: хъæндил, бындз, хæлуарæг, цъырцъыраг; фломастертæ, клей, къарандас, альбомы сыф.

## Ахуыры нывæст

*Сабитæ гауызыл цæлхдымбылæй бадынц.*

**Хъ.** Сабитæ, кæрæдзийы къухтыл æрхæцæм æмæ кæрæдзийæн хъæрæй зæгъæм «Дæ райсом хорз!» Цавæр зæрдæйы уаг уын ис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æз та уæдæ æнкъард кæнын. Æркæсут-ма, балæвар мын кодтой тынг рæсугъд ныв. Хуындис «Сæрд», фæлæ æваст тынг дымгæ æрбадымдта, арв ныннæрыд æмæ ферттывта. Æз фæтарстæн, ныв мæ къухтæй æрхауд æмæ цалдæр хайы фæцис, дымгæ сæ фелвæста æмæ сæ ахаста. Ныр ма цы кæнон, уый нæ зонын. Иунæгæй куы нæ сарæхсон. Сымах мын нæ баххуыс кæндзыстут ныв фæстæмæ хайгай æрæмбырд кæнынмæ?

*(Хъомылгæнæджы къухы – паспорту кæнæ фæлгæт ныв кæнæ хуызистæн. Фæлгæт у квадраттыл дихгонд, квадраты мидæг та ис геометрион фигурæтæ. Ахæм геометрион фигурæтæ – къорды уаты алы рæтты æвæрд.)*

**Хъ.** Сабитæ, ацы схематикон хуызæгимæ нын æнцондæр уыдзæн ныв æрæмбырд кæнын. Мах радыгай æмбырд кæндзыстæм геометрион фигурæтæ, æххæст кæндзыстæм

хæслæвæрдтæ æмæ уыцы хуызы нæ ныв хайгай æрæмбырд кæндзыстæм.
*(Нывы алы хайыл дæр фæстæрдыгæй ис иу геометрион фигурæйы ныв.)*
**Хъ.** Цæттæ стут? Хорз. Цавæр фигурæ нæ хъæуы ссарын раздæр?
**С.** Сырх. *(Къорды уаты ссарынц ахæм фигурæ æмæ хæслæвæрд æххæст кæнынц.)*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та æркæсæм нæ «Афæдзы афонты» зиллакмæ æмæ, йæ разы цы нывтæ ис, уыдонмæ. Нывтæ афæдзы афонтæм гæсгæ равæрын хъæуы зиллаккыл.
*Хæслæвæрд фæлхат кæнгæйæ, сабитæн зæгъын хъæуы, цæмæй зиллаккыл «сæрд»-ы секторыл æрмæстдæр сæрды нывтæ равæрой, иннæ нывтæ ныууадзой. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та уæ хъæуы мæ фæрстытæн дзуапп раттын. Цæттæ стут?
– Цавæр афæдзы афоны фæстæ ралæууы сæрд?
– Ранымайут сæрды мæйтæ.
*(Сабитæн бамбарын кæнын, цы у арвнæрд, тæркъæвда.)*
– Цавæр фæзындтæ вæййы тæркъæвдайы?
– Цы тæссагдæр у, арвнæрд æви арвæрттывд?
– Тæркъæвдайы цæуылнæ ис бæрзонд бæласы бын æмбæхсын кæнæ æфсæн предметы раз лæууæн?
– Цы у тæркъæвда?
– Къæвдайы фæстæ арвыл цы бафиппайæн ис?
– Арвæрдыныл сбадæн ис? Азгъорын та?
*(Арвæрдын у алыхуызджын къæлæт, кæцы фæзыны арвыл фæскъæвда. Арæзт у лыстæг къæвдайы ’ртæхтæй.)*
– Арвæрдыны цавæр хуызтæ ис?
– Цы у «æртæх» (роса) æмæ «мигъ» (туман)?
*(Уыдон дæр сты лыстæг доны ’ртæхтæ, фæзынынц, уæлдæф куы æруазал вæййы, уæд. Уыцы æрдзон фæзындтæ*

*вæйййынц райсомæй. Сабитæ ссарынц ныво фыццаг хай (фрагмент) æмæ йæ семæ айсынц.)*

**Хъ.** Ныр та дарддæр ацæуæм æмæ иннæ хæйттæ дæр ссарæм. Кæй мын баххуыс кæндзыстут, уый зонын æмæ мæ зæрдæйы уаг зынгæ фæхуыздæр.

*Сабитæ ссарынц æндæр фигурæ ног хæслæвæрдтимæ.*

**Хъ.** Сабитæ, ныр та хъуамæ уæ цæстытæ бацъынд кæнат æмæ, кæм февзæрдыстут, уый базонат. Æрмæст уын цалынмæ зæгъон, уæдмæ ма ракæсут.

*Сабитæ, гауызыл бадгæйæ, сæ цæстытæ бацъынд кæнынц, хъусынц магнитофоныл фыст «Æрдзы зæлтæм», уый фæстæ æхгæд цæстытимæ дзурынц, кæм сты æмæ цы хъусынц, уый.*

**Хъ.** Тынг хорз! Æцæгæйдæр мах февзæрдыстæм хъæды. Æмæ уын мæнæ ног хæслæвæрд. *(Ранымайы алыхуызон предметты кæнæ фæзындты нæмттæ, сабитæ та сбæрæг кæнынц, Цæгат Ирыстонимæ дзы кæцытæ не сты баст, уый æмæ дзырдты къорд иу дзырдæй фæзæгъынц.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æркæсут-ма карточкæтæм. Цы уынут, уый иу дзырдæй зæгъут æмæ сбæрæг кæнут, Цæгат Ирыстонимæ дзы кæцытæ не сты баст æмæ цæуылнæ.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. Хæслæвæрд сæххæст кæнæн ис æндæр мадзалæй дæр: сабитæ Цæгат Ирыстоны макетыл равæрынц нывтæ (кæд рæвдауæндоны ахæм макет ис, уæд. Нывтæ равæрæн ис Цæгат Ирыстоны картæйыл дæр.*

**Хъ.** Тынг хорз сæххæст кодтат ацы хæслæвæрд дæр. Райсæм та нæ ныво хай (фрагмент) æмæ дарддæр атагъд кæнæм. Ацы ран дæр та – ног хæслæвæрд. Райсут карточкæтæ. Цæй нывтæ уынут карточкæтыл?

**С.** Сасчыты нывтæ.

**Хъ.** Сæрдыгон сасчытæ цæмæн сбирæ вæйййынц? Уазал рæстæг та кæм уыдысты? Цы пайда сты? Цы знаггад

хæссынц? Марæн сæ ис æви нæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ныр та лæмбынæг хъусут. Æз дзурдзынæн уыциуыцитæ, сымах та уæ карточкæтыл дзуæпыттæ хахх кæндзыстут. Цæттæ стут?

а) Фæззæг йæхи бамбæхсы, уалдзæджы та ратæхы. *(Бындз.)*

æ) Сырд нæу, нæу маргъ,
Йæ фындз та – даргъ.
Куы мын æрбазары ма хъусы,
Куы та мын абады мæ русыл. *(Къогъо.)*

б) Адон та цы сты? Кæцæй?
Сау стъæлфытæй рацыд зæй.
Куыстуарзон æмæ хæлар,
Иумæ аразынц хæдзар. *(Мæлдзæджытæ.)*

в) Дидинсыфтау – базыртæ:
Хъал æмæ хæрзконд.
Систа рог йæ къабæзтæ.
Æмæ стахт бæрзонд. *(Гæлæбу.)*

г) Судзин райсын нæ зоны,
Афтæмæй та тын уафы. *(Хæлуарæг.)*

*(Карточкæйыл иу ныв ныууадзын хъæуы æнæ хаххæй, цæмæй сабитæ уыцы нывмæ гæсгæ æрхъуыды кæной уыциуыци. Уый – сæ ног хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Ацы хæслæвæрдимæ дæр хорз арæхсæм. Æркæсут-ма, ацы ран дæр та 2 фигурæйы бамбæхстис, уæдæ дзы нывæй уыдзæн дыууæ хайы. Тынг хорз! Мæ ныв ныр тагъд уыдзæн æмбырдгонд. Уæдæ та байхъусут ног хæслæвæрдмæ! Хъуамæ скæнат логикон хынцинæгтæ. Сарæхсдзыстут?
– Хъæды сæрты тахтис 3 кæсаджы, 2 кæсаджы дзы æрбадтис. Цал кæсаджы атахтис?

– Наз бæласы мыггæгтæй цал зокъойы æрзайдзæн?
– Иу зонтыччы бын тезгъо кодтой 2 лæппуйы æмæ 2 чызджы, фæлæ сæ иу дæр нæ ныххуылыдз. Цæуылнæ? *(Къæвда нæ уарыд.)*
– Бæласæй харбыз тагъд куыд æртонæн ис?
– Терчы ленк кæны бегемот. Уый тынг тагъд цæуы размæ. Кæд æрбахæццæ уыдзæн нæ размæ?
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та фæстаг хæслæвæрд. Æркæсут нывтæм æмæ зæгъут, иумæйагæй сæм цы и æмæ цæмæй хицæн кæнынц?
*(Сабитæн райуарын фæйнæ дыуугæ нывы, цæмæй зæгъæм: чызджытæ агурæнт иумæйаг миниуджытæ, лæппутæ та – хицæндзинæдтæ.*
*Райуарын ахæм нывтæ, зæгъæм: хъуг – бæх, арс – ахстон. Хæслæвæрд ис фæвазыгджындæр кæнæн æмæ райуарын, зæгъæм, ахæм нывтæ: пæлæз – зонтыкк, гæды – фæткъуы, бæх – барæг.)*
**Хъ.** Сабитæ, нывы æппæт хæйттæ дæр ссардтам, фæлæ дарддæр та цы ми кæнæм?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æрæмбырд кæнын æй бафæлварæм.
*Сабитæ ныв æмбырд кæнынц, йæ хæйттæ йын альбомы сыфыл ныхасынц æмæ фæстагмæ æмбырдгонд ныв фæлгæты бавæрынц.*
**Хъ.** Диссаджы рæсугъд ныв. Тынг цæуы мæ зæрдæмæ! Сывæллæттæ, сымах та цæй тыххæй уарзут сæрд?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æз дæр тынг бирæ уарзын сæрд. Фæлæ сæрдыгон адæймаг хъуамæ йæхи алцæмæй дæр хъахъхъæна, йæ хъус дара æдасдзинады æгъдæуттæм. Цы не ’мбæлы кæнын цæугæдæтты, денджызы, цады? Хурмæ тезгъо кæнгæйæ нæ сæртыл цы хъуамæ уа? Хъæды æппæт зокъотæ æмæ гагадыргътæ дæр ис хæрæн? Абон мын тынг хорз баххуыс

кодтат æмæ уын арфæ кæнын. Сымахæн та цы фæцыдис уæ зæрдæмæ?

*Ахуыры астæу сабитæн, «хъæды уæвгæйæ», раттын ахæм хæслæвæрд, зæгъæм: равдисын, арс куыд цæуы кæнæ тæрхъус куыд гæппытæ кæны æмæ а. д. Кæнæ – дидинджытæ куыд фестой, дымгæмæ ратас-батас куыд кæной æмæ а. д.*

## АЛФАМБЫЛАЙ ДУНЕИМӔ ХИСТӔР КЪОРДЫ САБИТЫ ЗОНГӔ КӔНЫНЫ ДИАГНОСТИКОН КАРТӔ

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Алфамбылай предметтимӕ зонгӕ кӕнын | Алфамбылай предметты классификаци алыхуызон миниуджытӕм гӕсгӕ | | | | | | |
| | Предметты миниуджытӕн характеристикӕтӕ дӕттын зонын | | | | | | |
| | Алфамбылай тыгъдадӕн хуымӕтӕг пълантӕ, схемӕтӕ (къорд, хай) кӕнын | | | | | | |
| Ӕрдзимӕ зонгӕ кӕнын | Цардӕгас ӕмӕ ӕдзард ӕрдзы объекттӕ | | | | | | |
| | Сасчыты классификаци | | | | | | |
| | Мӕргъты классификаци | | | | | | |
| | Ӕрдзы ивддзинӕдтӕ циклгай кӕй сты (уалдзыгон, сӕрдыгон, фӕззыгон, зымӕгон), уый зонын | | | | | | |
| | Райгуырӕн ӕрдз | | | | | | |
| Ӕхсӕнадон царды фӕзындтимӕ зонгӕ кӕнын | Фыдыбӕстӕйы Стыр хӕсты, Уӕлахизы Боны тыххӕй | | | | | | |
| | Театр, телеуынынад | | | | | | |
| | Космос | | | | | | |
| | Спорты хуызты классификаци | | | | | | |
| | Хӕдзар ӕмӕ уынджы хи хъахъхъӕныны зонындзинӕдтӕ | | | | | | |
| | Ӕфсад, ӕфсӕддон техникӕ | | | | | | |
| | Дӕсныйӕдтӕ, алыхуызон дӕсныйӕдты хъӕугӕ кусӕнгӕрзтӕ | | | | | | |
| | Транспорты хуызтӕ, сӕ нысаниуӕг | | | | | | |
| | Сабийы М. Н. ФН. | | | | | | |

*Учебно-методическое издание*

**Тезиева Маргарита Солтановна**
**Ознакомление с окружающим миром**

МЕТОДИЧЕСКОЕ ПОСОБИЕ
(КОНСПЕКТЫ ЗАНЯТИЙ)

Перевод *Т. К. Хохоевой*
Редактор *Е. М. Кочиева*
Компьютерная верстка *Б. А. Келехсаевой*

Сдано в набор 28.06.2012. Подписано в печать 20.07.2012
Усл.п.л. 13,5. Бум. 65 гр.
Гарнитура шрифта «Times».
Печать цифровая. Формат 60 x 84 1/16
Тираж 30 экз.

Отпечатано с готовых диапозитивов в издательстве СОГПИ,
362003, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, 36